МАХ ДУГ

2018 7

Нæ цард æдæппæтæй дыууæ боны у – æмæ сæ æлгъаг цъаммарты дымджытæ сдæргæйæ арвит, уымæй ма худинагдæр æмæ аллайагдæр цы уа?

Вольтер

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Казбек МАМУКАЕВ

Редакция

Зам. гл.редактора – Ахсар КОДЗАТИ
Поэзия, драматургия – Марат ДЖУСОЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2018

МАХ ДУГ

7
2018

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Редакци

Сæйраг редакторы хæдивæг – ХЪОДЗАТЫ Æхсар
Поэзи, драматурги – ДЖУСОЙТЫ Марат

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2018

НОМЫРЫ ИС:

СКИФИРОН: 80 АЗЫ

Скифироны тыххæй дзурынц 6

СКИФИРОН. **Мæ рухстаугæ, мæ артуадзгæ зæрдæ.** Æмдзæвгæтæ 10

ДАУЫРАТЫ Дамир. **Калм æмæ бирæгъы тыххæй.** Алы хабæрттæ. Кæрон 17

БРЫТЪИАТЫ АСЛÆНБЕГ: 80 АЗЫ

БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег. **Мæ рухс цинты авдæн.** Æмдзæвгæтæ 52

САЙГЕ: 900 АЗЫ

САЙГЕ. **Хæххон халагъуд.** Æмдзæвгæтæ 60

БЫРНАЦТЫ Барон. **Мортешы чумæдантæ.** Æцæг хабар 65

ДЖИМИТЫ Кларæ. **Темыр æмæ Аминæйы таурæгъ** 69

ХОХОЙТИ Энвер. **Мæ ирд бæлдæ.** Æмдзæвгитæ 84

ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ. **Æз дæм тындздзынæн.** Æмдзæвгæтæ 89

РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

ЦЫБЫРТЫ Герлик. **Хъæбатыр инæлар, дипломат, æхсæны кусæг.** Уац 90

Владимир МАЛЕВАННЫЙ. **Сэнсэй из Ясенева.** Интервью 95

МАХ ДУДЖЫ РАВДЫСТ 102

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз. **Дыууæ ныхасы Хаджийы тыххæй** 113

БИНОНТЫ ФАРН

ЛЕГКОЙТЫ Георги. **Зындзинæдтæй æхсыст бинонтæ.** Очерк 118

АРВИСТОН 132

ТÆФÆРФÆС

Ситохаты Саламджери 142

СКИФИРОН: 80 АЗЫ

РЮРИКЫ ЦАРДВÆНДАДЖЫ ЦЫБЫР ЗОНÆНТÆ

Номдзыд ирон фыссæг æмæ ахуыргонд Тедеты Къостайы фырт Рюрик райгуырдис 1938 азы Къуылыхты хъæуы (йæ фыд Къоста Уахтъанайаг уыди, фæлæ ахуыргæнæгæй куыста Къуылыхты хъæуы). Астазон ахуыр райста сæхи хъæу Уахтъанайы, астæуккаг ахуыр та – Хъорнисы астæуккаг скъолайы. Уый фæстæ бацыд Хуссар Ирыстоны Паддзахадон педагогон институтмæ, фæлæ фæстæдæр йæхи аивын кодта Налцыччы Паддзахадон университетмæ æмæ дзы æнтыстджынæй каст фæци филологион факультет. Университеты фæстæ куыста районты газетты редакциты Кæсæг-Балхъары, стæй Цæгат Ирыстоны дæр. Цалдæр азы фæстæ бацыд Мæскуыйы Паддзахадон университеты аспирантурæмæ, бахъахъхъæдта кандидаты диссертаци ирон поэзийæ æмæ кусынмæ æрцыд Хуссар Ирыстонмæ. Куыста пединституты лекторæй, уыциу рæстæджы фæсарæйнаг литературæйæ кастис лекцитæ Гуры пединституты дæр. Пединститутæй кусынмæ рацыд Хуссар Ирыстоны паддзахадон рауагъдадмæ, цалдæр азы дзы акуыста, стæй йæхи раивын кодта зонадон институтмæ æмæ уым фæкуыста суанг йæ амæлæты бонмæ. Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, Уахтъанайы астазон скъолайы куы ахуыр кодта, уæд. Йæ фыстытæ мыхуыры цыдысты уырыссаг æмæ гуырдзиаг æвзæгтыл. Иронау ын ис цалдæр чиныджы поэзи æмæ прозæйæ дæр. Йæ зонадон фæллæйттæй национ культурæйæн иууыл ахсджиагдæр у «Къоста царды» дыууæ томæй. Рюрик фæзиан 1991 азы сыфтæры мæйы æвддæсæм бон.

* * *

Ирон аив литературæйы арвыл, æхсаргарды æрцъыккау, уыциу ферттывдæй йæ ном чи ныффыста, уыдонæй иу уыди Тедеты Рюрик (Скифирон) дæр. Йæ литературон бынтæ бирæ не сты, фæлæ сæ зыны дуджы комулæфт йе ‘ппæт знæт уылæнтæ æмæ ныхмæдзыдтимæ. Ахæм уæззау фæзилæнтæй æмыдзаг уыди Рюрикæн

йæ уæлион цард дæр. Цæвиттон, иу миниуæг рахаста æрдзæй: цы хъуыды кодта, дзургæ дæр – уый. Йе ‘ргом ныхасы тыххæй суинаг поэтыл уæлæхох уыдысты йе ‘мгæрттæй бирæтæ. Хистæр кары фысджытæ та куыннæ хатыдысты, сфæлдыстадон зынг æм кæй ис, уый. Фæлæ нырма æгæр тызмæг æмæ змæст уыди йæ хъуыдыкæнынад, нæма уыд бæрæг йæ сæйраг нысан. Уый та-иу тынгдæр разынд литературæйы фарстаты фæдыл быцæу кæнгæйæ. Æцæг, цæйау акæнынц, ахæм быцæуты рабæрæг вæййы æцæгдзинад. Фæлæ Рюрик йæ ныхас дæлæмæ никуы ‘руагътаид, æмæ-иу кæддæриддæр æнувыдæй баззад йæхи хъуыдыйыл...

Уымæн царды дæр æмæ литературæйы дæр уыд йæхи сæрмагонд фæндаг, гуыргъахъ, хæрдтæ, уырдгуытæ, фыдæбæттæй йемыдзаг фæндаг. Фылдæр хатт-иу зынтæ æййæфта йæ хивæнды фыдæй: гæнæн цæмæн нæ уыд, уымæн дæр саразыны амал агуырдта. Уый тыххæй-иу æй арæх критикæ кодтой йæ хорзмæ бæлджытæ, йæ тырнындзинад ын «Сизифы фæллойыл» нымадтой. Фæлæ Рюрик, искæй уæрдоны чи сбадтаид, уыдонæй нæ уыд. Æмæ рагон грекъаг мифологийы легендарон Сизифау тылдта хъысмæтæй læвæрд уæззау дур Олимпы цъупмæ. Фæлæ уый «Сизифы фæллой» нæ уыд. Искæй хынцмæ нæ самадтаид зарæг. Уый йæ райдианы æмдзæвгæтыл дæр зынди. Фæстæдæр поэзийы ссардта йæхи сæрмагонд хъæлæс, æмæ уый уыди уæлахиз Олимпы цъупмæ йæ «уæззау дзуаримæ» цæугæйæ. «Хъарм комулæфт» ног фæлтæры минæвар уæвгæйæ, Рюрик дæр зыдта йæ бартæ, фæлæ йе ‘мцахъхъæнтæй бирæтау уымæй рох нæ уыд йæ раттæг адæмы раз йе стыр бæрнон хæс дæр. Мæнæ куыд зæгъы поэт йæ иу æмдзæвгæйы.

«...Æмæ цы дунейы хъæбул дæн,
Цы адæм сты мæ кой, мæ хъæр,
Гъе уыдон мæм тызмæг, цæхгæр
Куы уой, уæддæр сыл дæн æнувыд...

Фæрæттæ мæм куы кæной цыргъ,
Уæддæр бæллын сæ уындмæ, сагау, –
Сæ хызмæ денджызы кæсагау
Уæддæр æппарын æз мæхи...»

Ацы рæнхъытæ кæй сисы бырынкъæй раивылдысты гæххæтмæ, уымæй афтæ зæгъæн ис, æмæ æнувыд уарзтæй уарзта

йæ раттæг адæмы, цæттæ уыд цыфæнды уавæры дæр уыдонæн лæггад кæнынмæ йæ курдиат, йæ аив сфæлдыстадæй. Æнæуи йæ рæстæджы ахæм хатдзæгмæ ничи æрцыдаид, æгæрыстæмæй поэтмæ йæ цардæгасæй хæстæг чи уыди, уыдонæй дæр. Уымæн æмæ йæ хъуыдыкæнынад ныхмæвæрд уыди сфидаруæвæг æхсæны фæткмæ. Хатт-иу йæ ми, йæ архайд æгæр гуымир дæр ма рауади. Æмгæрттимæ дзургæйæ фынгыл, йе æмбырды ныхас кæнгæйæ, Рюрик никуы ‘мбæхста йæ хъуыдытæ, йе ‘ргом ныхас та алкæй зæрдæмæ нæ цыди. Уый тыххæй йæм рæстзæрдæ нæ уыдысты йæ зонгæтæ, æгæрыстæмæй хæлæрттæй дæр бирæтæ, кæд ын хæлæрттæ къаддæр нæ уыди, уæддæр.

Букуылты Алыкси

«ЛИРИКÆ-2»-ЙЫ ХЪЫСМÆТ

Рюрикы тыххæй мæ мысинæгты ацы хайы дзырд цы чиныгыл цæуы, ома «Лирикæ-2», зæгъгæ, уый æнамонд хъысмæт, Рюрикæн йæхи ныхæстæм гæсгæ, афтæ цæхгæр фæзылдта авторæн йæ цард æмæ уый аххосæй хæрзцыбыр рæстæгмæ райста зæрдæниз. Æмæ иугæр уыцы чиныг Рюрикы царды æмæ сфæлдыстадон биографийы бацахста ахæм сæрмагонд бынат, уæд мæн фæнды йæ кой лæмбынæг ракæнын.

1981 азы мартъийы мæйы мæм æнæнхъæлæджы фæзынд Рюрик. Уыдис афтæ æнкъард æмæ мæстджын, æмæ йæ куы зыдтон, уæдæй фæстæмæ йæ ахæм хуызæнæй никуыма федтон. Æз æй бафарстон:

– Рюрик, цы кæныс, цæуыл æнкъард дæ?

Уæд мын уый радзырдта:

– Фарон декабры мыхуыры рацыдис ме ‘мдзæвгæты æмбырдгонд «Лирикæ-2». Нæ фысджытæй иу къордæй мæ ныхмæ фесты, авварс мыл сты, бахъаст мыл кодтой партийы Цхинвалы горкоммæ æмæ мын мæ чиныг сæхгæнын кодтой. Куыддæр æй чингуыты дуканимæ баластой, афтæ йæ Паддзахадон Æдасдзинады комитеты бардзырдмæ гæсгæ фæстæмæ типографимæ сластой. Чиныгæй балхæнын кæмæн бантыстис, уыдонæй дæр сæ фæстæмæ æруыгътой, æмæ чиныг æнæхъæн тиражæй æнæвгъауæй ныкъкъуыхтæ кодтой æмæ басыгътой.

Партийы Цхинвалы горком рахицæн кодта къамис, мæ фарст

мын бюромæ бацæттæ кæныны тыххæй. Бюро уагъд æрцыдис 1981 азы 13 февралы. Цæмæйты мæ нæ фæазымджын кодтой: зæгъгæ, автор йæ чиныджы цъыфкалæн кæны социалистон æмæ советон æхсæнадыл, Коммунистон партийыл, адæмыл; уырнын кæны, æвзæрдзинад кæй уæлахизиуæг кæны хорздзинадыл; уый не ‘мбæхсы мещанон хиуарзондзинад æмæ адæммæ йе ‘нæуынондзинад, парахат кæны антигуманон ахастытæ, зæгъгæ, чиныджы ис бирæ гуымиры, æнаив æмдзæвгæтæ, кæцытæ автор æдзæсгомæй хоны литературон уацмыстæ æмæ а. д.

Горкомы бюройы уынаффæйы бындурыл мæ мæ бынатæй систой æмæ мæ хъавынц Коммунистон партийы æмæ Фысджыты цæдисы рæнхъытæй рацух кæнынмæ дæр. Рауагъдады дирекцийы дæр карзæй бафхæрдтой, чиныджы редакторы та йæ бынатæй систой...

Цынæтæ мыл фæхахуыр кодтой, æгæрыстæмæй мæ адæмы цыфыддæр знаг дæр хуыдтой æмæ мæм автоматтæй марынæй æртхъирæн кæнынц! Омæ сын уыйбæрц цы ракодтон, цы ис мæ чиныджы антисоветон, антиадæмон, аполитикон кæнæ крамолонæй?! Мæнæ дын уыцы чиныг, бакæс æй дæхæдæг æмæ дæ хъуыды зæгъ. Уæдæ мæсты куыннæ уон? Стонг балбирæгътау мыл амбырд сты æмæ мæ аныхъуырынмæ хъавынц... – æмæ уыцы стыр, тыхджын, домбай лæг сывæллонау скуыдта. Йæ тæригъæдæй мæхи зæрдæ дæр суынгæг ис æмæ йын æвиппайды ныфсытæ аварынмæ дæр нал фæцарæхстæн.

Цхуырбаты Иван

* * *

Рюрик никæй хуызæн уыд, никæй фæсарц бадт. Йæ удыконд йæ æддаг бакастæй куыд хæдхуыз рахаста, афтæ оригиналон у йе ‘ппæт сфæлдыстад дæр. Характерон ын сты новацитæ, мотивтæ, хъуыдыты масштабон æмæ глобалондзинад, ритм, рифмæ, техникæ – стихарæзт, поэзийы хæрздæф æмæ æхцонулæфт, йæхи абарстытæ æмæ эпитеттæ, бынтон хæдбындур арф æмæ парахат уынынад, уæрхадон авнæлд, алыхуызон тематикæ æмæ кæркæмæркæ ахорæнтæ, фæлгонцтæ, фразеологи...

Рюрик цы рацарди, уымæй бирæ бавзæрста, бирæ федта, æмбисондæн хæссинаг уыд йæ куыстхъомдзинад. Стыр Къостайы загъдау, «æккойæ йæ ныхмæ кæм лæууыд хæрæг!..»

Тедеты Авгар

* * *

Рюрик уыдис иудадзыг агурыны, сгарыны фæндагыл лæуд. Уыцы миниуæг æм æз хатыдтæн сæрысуангæй йæ царды фæстаг бонтæм. Йæ уд, йæ дзæцц уыдис над фæндаджы фæрсты, ома йæхи фæндагыл цæуын. Ног формæтæ, ног ритмикон конструкцитæ æмæ интонацион фæзилæнтæ арæхæй-арæхдæр зындысты йæ поэтикон уацмысты. Хатт мæм-иу афтæ дæр фæкастис, цыма йын уыцы цайдагъдзинад хæднысаны хуызы уыдис, фылдæр хъуыды кодта ууыл, цæмæй йæ уацмыс диаметралонæй ныхмæ æвæрд уыдаид йе ‘мрæстæгон поэтты удвæллоймæ, ма йын хæццæ кодтаид семæ. Уыйадыл æм цынæ бæрцбарæныл фыст æмдзæвгæтæ фендзынæ, япойнаг хокку, танкайæ райдай æмæ фæу гекзаметрыл, бæрзонд æмæ ныллæг шаирийыл... Уæдæ классикон формæйæ фыст æмдзæвгæтæ, уæдæ урс æмдзæвгæтæ, верлибртæ, прозæйæ фыст æмдзæвгæтæ. Иууыл æмхицдæр та ног, вазыгджын, æнахуыр зæлд чи кæны, ахæм рифмæтæ фыссынмæ уыд. Æз ын йæ рифмæты системæ афтæ æнкъардтон, афтæ сыл фæцахуыр дæн, æмæ-иу хатт мæхинымæры загътон: «Цымæ ацы дзырдæн цахæм рифмæ ссарид Рюрик?» Мæ дзуаппытæ-иу фылдæр хатт рауадысты раст, йæхиуыл-иу ын куы рамбæлдтæн, уæд...

Хъодалаты Герсан

СКИФИРОН

МÆ РУХСТАУГÆ, МÆ АРТУАДЗГÆ ЗÆРДÆ

* * *

Куыдфæнды ахуыссæд мæ зынг –
Ыстъæлфæнау æви вулканау,
Куыдфæнды айгæрдæд йæ къанау
Мæ царды ауæдзыл мæлæт...

Фæлæ куыдфæндыйы фæндагыл
Фыхæй нæ тауын æз мæнæу, –
Мæ фæсмæлæт рæстæг мæн нæу,
Уый ме ‘гасæй та у мæхи бар...

Æмæ цы дунейы хъæбул дæн,
Цы адæм сты мæ кой, мæ хъæр,
Гъе уыдон мæм тызмæг, цæхгæр
Куы уой, уæддæр сыл дæн æнувыд...

Фæрæттæ мæм куы кæной цыргъ,
Уæддæр бæллын сæ уындмæ, сагау, –
Сæ хызмæ денджызы кæсагау
Уæддæр æппарын æз мæхи...

* * *

Ирон лæппутæ
Мæскуыйы, рестораны зарынц...
Фыдæлтон карз мелоди
æддæмæ тоны, рудзгуытæ рæдувы...
Рæмудзы зарæг –
æнусты рис йæ уæнгты зæлы...
Бæрзонд люстрæтæ
фæхуыдуг сты йæ арф уылæнты...
Æгомыг оркестранттæн
æваст сæ цæгъдæнтæ ивайынц...
Фæсарæйнæгтæ
цымыдисæй кæсынц æмæ хъусынц:
«Кавказ! Кавказ!» –
сенсацийау æрзылди залы...
Ирон студенттæ
тызмæгæй зарынц æмæ зарынц карзæй!..
Кæм ысты, уый сæ
у рох æмæ сæ æндавгæ дæр нæ кæны!..
Сæ цæстытæ – нæртон цæхæртæ калынц...
Сæ уæхсчытæ – сæхи уæлæуæз систой...
...Нæ бæллын:
куы сыл уаид хæххон дарæс – кавказаг!..
Нæ бæллын:
куы сын фенин сæ хорхаст бæхтæ кæрты!..
Фæлæ бæллын:
тъымы-тъыматы фæстæ
æрбаздæхын
мæ бон куы суаид цардмæ

æмæ куы фенин
мин азы фæстæ дæр
ирон лæппуты
рагиронау заргæ!..
Æнхъæвзæд-иу
нæ фæстæ дæр ирон туг!..
Фæйлауæд-иу
нæ фæстæ дæр ирон дзырд!..

1967

* * *

Талынг æхсæв...
Уазал, талынг æхсæв...
Æгуыппæг, уазал, талынг æхсæв...
Стъалытæ кæнынц гæв-гæв...
Иугай стъалытæ кæнынц гæв-гæв...
Æнæнымæц иугай стъалытæ кæнынц гæв-гæв...

Æхсæвæн циу?!.
Мигъдзæрмтты батухдзæнис йæхи...
Æхсæвæн циу?!.
Арвæрттывдæй барухс кæндзæнис йæхи...

Стъалытæн циу?!.
Зæххон цырæгътимæ тыбар-тыбур кæнынц...
Стъалытæн циу?!.
Мæйдары аныгъуылыныл хъуыдытæ кæнынц...

Æз та цы кæнон?..
Зæгъ-ма мын, æз та цы кæнон?..
Зæгъ-ма мын, дæ хорзæхæй, æз та цы кæнон?..
Уадз, æхсæв уа талынг...
Уадз, æхсæв уа талынг æмæ уазал...
Уадз, æхсæв уа талынг, уазал æмæ æгуыппæг...

Æз та цы кæнон?..
Зæгъ-ма мын, æз та цы кæнон?..
Зæгъ-ма мын, дæ хорзæхæй, æз та цы кæнон?..
Кæд æмæ мæ зæрдæйы,
Кæд æмæ мæ рухстаугæ зæрдæйы,
Кæд æмæ мæ рухстаугæ, артуадзгæ зæрдæйы

Уарзты бæсты,
Уарзт, амонды бæсты,
Уарзт, амонд æмæ фарны бæсты
Схицæуттæ сты,
Схицæуттæ сты æвиппайд,
Схицæуттæ сты дæ фæрцы æвиппайд
Æнтъыснæг,
Уазал æмæ æнтъыснæг,
Талынг, уазал æмæ æнтъыснæг?..

Æндæр ницы...
Æндæр ницы – æмæ цы кæнон?..
Æндæр ницы – æмæ цы кæнон, куыд кæнон?..

1967.03.11
Мæскуы

* * *

Мæйдар æхсæв мæ скъæфы поезд.
Фæлæ – кæдæм? Хуыцау – йæ зонæг...
Мыййаг кæд сæфтмæ – æнусты арфмæ?..
Æви тыхтонæг? Æви æвзонæг?..

Цæлхыты хост мæ уæнгты хъары.
Кæцæй – кæдæм? Зæгъ-ма, æвзонг лæг?..
Мыййаг, кæд рæзтмæ – æнусты арфмæ?..
Хуыцау йæ зонæг... Хуыцау йæ зонæг...

1967.09.07

* * *

Сонт лæппуйы ратон-батон систой.
Знæтæй йæ нæмынц.
Къахæй-къухæй йæ цæвынц.
Уас, фæхист уой!..

Уый зæрдæхæларæй зарыд, зарыд.
Никæй дардта хъыг.
Афтæ йын бæргæ, бæргæ нæ хъуыд.
Фæлæ – туг ныууарыд...

Фистæгæй, дам, радугъ-бадугъ ма кæн.
Ма, дам, у æвзонг.
Сидынц ын ахъаззæгтæ йæ мадæн.
Здухынц ын йæ цонг...

Охх, нæмынц æй, фæлæ йæ нæ уадзынц
Кæуын дæр, кæуын.
Æз, мæхи тых-уромгæ, лæууын:
Ма йын байсой, ма йын асæттой йæ уадындз...

1967.20.07
Цхинвал

* * *

Кæд Чырыстийæн лидзæн ис,
Цы дзуарыл æй байтыгътой, уымæй.
Кæд зæхкусæгæн лидзæн ис
Йæ галтæй уа æви йæ хуымæй.

Кæд цæугæдонæн лидзæн ис
Тыгъд денджызæй – йæ сон, йæ рынæй.
Тулгæ дурæн кæд лидзæн ис
Йæ уромæг комы рæбынæй.

Малусæгæн кæд лидзæн ис
Рагуалдзæджы митхъулон хурæй.
Арвæрттывдæн кæд лидзæн ис
Мигъвæтæнты гыбар-гыбурæй.

Кæд фæндаггонæн лидзæн ис
Фысымуатæй æви хæдзарæй.
Кæд уæлахизæн лидзæн ис
Иу тæппуд æви мин хъайтарæй.

Кусæг фосæн кæд лидзæн ис
Саргъæй, æфсондзæй æви къæлæтæй.
Адæймагæн кæд лидзæн ис
Цардамондæй æви мæлæтæй, –

Уæд мæнæн дæр фæлидзæн ис
Ирон дзырдæй, ирон æгъдауæй.
Уæд мæнæн дæр фæлидзæн ис
Ирыстоны бæрзонд Хуыцауæй!

1971.25.11
Поезд «Мæскуы–Дзæуджыхъæу»

* * *

Фæци мæ уалдзæг... Афтæ мæм кæсы,
Цыма фыццаг хатт ракастæн мæ цæстæй...
Фæлæ мæ сæрмæ сау æврагъ лæсы,
Дымы тызмæг, уæззау дымгæ фæлмæстæй...

Фæци мæ уалдзæг... Айсæфти æваст...
Кæсынц мæм тары къудзитæ лæгмартау...
Хæссынц мын бонтæ катай æмæ маст,
Мæ уд мын къахынц знæт хъуыдытæ сартау...
Фæци мæ уалдзæг... Афтæ ‘нхъæлын æз,
Цыма æууæндын байдыдтон мæ хъустыл...
Фæлæ дымсы мæ адзалы пæлæз,
Мæ цæссыгтæ гæр-гæр кæнынц мæ рустыл...

Фæци мæ уалдзæг... Хæхтыл мит куы нæй,
Куы нæй быдыры гутонвæд, уæддæр мæ
Æнцъылдтытæ нæ цух кæнынц хуымæй,
Уæддæр æвзидынц урс хилтæ мæ сæрмæ...

Фæци мæ уалдзæг... Афтæ йæ зæгъин,
Цыма фыццаг хатт æз мæ зонд æрцахстон...
Фæлæ мын бæстæ нал фесты зæрин,
Кæддæры дуне мын ныр та у ахстон...

Фæци мæ уалдзæг... Ме скæнæг – айуан...
Тыхсин, фæлæ мæ удыл нæй фæхæцæг...
Нæ мæ уромынц Библи ‘мæ Хъуыран,
Мæ уаргъæн не сты ме ‘ккоймæ ысхæцæг...

Фæци мæ уалдзæг... Уалдзæджы фæстæ
Нымайын дугтæ зымæджы æрцыдмæ...
Фæлæ нырма сæрддон хуры хъæстæ
Нæ фæдæн æз рæууддзæфы цыхцырмæ...

Фæци мæ уалдзæг... Сау æврагъ лæсы...
Фæци мæ уалдзæг... Знæт хъуыдытæ – сартау...
Фæци мæ уалдзæг... Афтæ мæм кæсы,
Цыма уыдис æви нæ уыдис – Нартау...

1978. 15.10
Мæскуы

Кад Дын кæндзынæн, Дунедарæг, æмæ Дын Дæ диссæгтæ дзыллæтæн дзурдзынæн.

Псал. 9:2

ДАУЫРАТЫ Дамир

КАЛМ ÆМÆ БИРÆГЪЫ ТЫХХÆЙ[1]

Алы хабæрттæ

Нывгæнæг Гасынты Жорж:
«Мæ фыдыхо Дзиккæ бирæгъы синты сагой ныссагъта...»

-Иу фæззыгон æхсæв нæ бинонты æнахуыр тарст уынæрмæ мæ фынæйæ æрыхъал дæн. Рудзынгæй кæртмæ кæсын, æмæ сæ чи фæрæт, чи лæдзæг, чи та сагоимæ нæ сыхаг Хъæрджынтæм фæдисы згъорынц. Цыдæр æрцыдис, уый бамбæрстон æмæ сæ фæдыл æз дæр уым балæууыдтæн. Уæдмæ уым адæмæй байдзаг. Куыд рабæрæг, афтæмæй иу бирæгъ кауы сæрты кæртмæ æрбахызт, афоныл æй бæргæ ауыдтой, схъæр ыл кодтой, фæлæ уый фысдон æмæ хуыдоны йæ сæр фæцавта, уыдон та сæ бæрзонд тыргъты бын уыдысты. Хистæр лæгтæ скатай сты, уынаффæ кодтой, куыд æй ратæрæм уырдыгæй, зæгъгæ. Уым та фыстæ дæр æмæ хуытæ дæр уасыдысты, сæ хъиу-хъиу уæлæрвтæм хъуысыд. Уалынмæ лæппутæй чидæр фæцарæхст: йæ зæронд хæдон йæ уæлæйæ феппæрста, стымбыл æй кодта, фæтæген ыл басæххæтт кодта, ссыгъта йæ æмæ йæ, тугдзых кæм уыд, уырдæм баппæрста. Фосы фæдисхъæр ноджы фæтынгдæр. Уалынмæ дын кæсæм, æмæ дынджыр цъæх

[1] Кæрон. Райдайæн кæс ацы азы 6-æм номыры.

бирæгъ уырдыгæй куы ратæррæст кæнид. Абон дæр ма мæ йе ‘рттиваг цæстытæ нæ рох кæнынц.

Афтæ рауад, æмæ тугдзых йæ ных сарæзта, мæ фыдыхо Дзиккæ кæм лæууыд, уыцырдæм, ногæй та кауы сæрты агæпп кæнын йæ зæрды уыд. Дзиккæ дзы нæ фæтарст, æмæ дзы æз уый тыххæй æдзух сæрыстыр уыдтæн, айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ йын йе ‘ртæкъухыг сагой йæ фæтæн синты ныссагъта, йæхæдæг та фæрсырдæм ахауд. Сылгоймæгты цъæхахст райхъуыст, сывæллæттæ фæйнæрдæм лидзæг фесты. Бирæгъ адæмы æхсæнты кæрты гом дуарыл алыгъд, цалдæр лæджы йæ фæстейы асырдтой. Тигъыл Арсæгты Ладийы дуармæ Дзиккæйы цыбырхъæд сагой сырды рагъæй рахаудта, æвæццæгæн дзы уæлæнгæйтты нынныхст, цас хъаруйы хицау уыд мæ фыдыхо.

Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй уыцы бирæгъ тыргъты бын иу хуыйы хъыбыл æмæ дыууæ фысы къубæлттæ ахауын кодта.

Уый уыдис мæ фыццаг фембæлд тугдзыхимæ.

Дыккаг хатт та йыл мæнæ ахæм хуызы сæмбæлдтæн. Мæ мад Сафетка мæ фæсæмбисæхсæв райхъал кодта, уæлæмæ, дам, сыст æмæ не ссинаг куыроймæ ахæссæм. Нæ рад уыдис уæд. Мæн кæм фæндыдис хъарм хуыссæн ныууадзын, фæлæ мын хуыздæр гæнæн нæ уыд, æнæбары рабадтæн æмæ æрдæгфынæйæ цудтытæ-мудтытæ кæнгæйæ йæ фæдыл араст дæн. Ме ‘ккойы ссинаджы дзæкъул, мæ мады къухы та финаг фанар æмæ къобор лæдзæг.

Хъæугæрон Икъаты Чабæйы тигъыл быдырырдæм азылдыстæм уырдыджы, колхозы бæхдоны рæзты къахвæндагыл мæйрухсы кæрæдзийы фæстæ цæуæм. Бирæ нæ нал хъуыдис бынатмæ, афтæ мæ мад дзыхълæуд æркодта æмæ мын лæдзæгæй бæхдоны фале къуылдыммæ ацамыдта:

– Уæртæ еци дууæ листæг зинги ба ци æнцæ?

Æз уыцырдæм фæкастæн æмæ дзы куыдзы æндæрджы хуызæн суыдтон. Уый, зæгъын, уæлæ кæйдæр дзæгъæл куыдз у. Æмæ та уæд нæ фæндаг дарддæр адардтам.

Куыройы хуылфы æз афтид дзæкъулыл хæцын, мад та дзы чысыл хъæдын фыййагæй ссад æвгæны. Хъусын, æмæ дын дон æмæ куыройы фыдты хъæримæ баиу ис бирæгъы ниуын. Мæ мад фестъæлфæгау кодта йæ мидбынаты:

– Æнгъæлдæн, биццеу, дæ куй берæгъæй рагæпп ласта?!.

Нæ дзæкъул байдзаг, йæ ком ын фидар бабастам, фæлæ мæ мад цæуыныл нæ тагъд кодта, йæхи мæрзæг скодта, рудзынджы уæлвæйнæджы рыгтæ цъылынæй рахафта. Æвæццæгæн æмæ йæ зæрдæ дардта нæ рацыдмæ кæд бирæгъ уым нал уаид, зæгъгæ. Æрæджиау уæддæр нæ фæдыл дуар гуыдырæй сæхгæдтам, фæлæ куыддæр ауындзгæ хидыл доны фаллаг былмæ бахызтыстæм, афтæ бирæгъ нæ тæккæ размæ фæци æмæ йæхи мæнырдæм æрбауагъта. Абон дæр ма дис кæнын, мæ мад дзы куыд нæ фæтарстис, куыд сарæхстис, ууыл. Къобола лæдзæгæй йын йæ синтæ афтæ æрцавта, æмæ бирæгъы къæхтæ фæтасыдысты, хъиу-хъиугæнгæ иуварс асынк-сынк кодта йæ къæдзил йæ къæхты æхсæн фæтъыста, афтæмæй. Йæ фæстæгтыл æрбадтис æмæ нæм кæсы, ныууадзынвæнд нæ нæ кæны, цыдæр ма уыдис йæ зæрды, куыд фæстæмæ нæм ногæй æввахсæй-æввахсдæр цæуын байдыдта, тæрсæм дзы, уый бамбæрста.

Цас рæстæг рацыдаид, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ мæ мады хъæр æмæ мæ кæуын колхозы бæхдоны æхсæвгæс Хъараты Бицомæ фехъуыстысты. Нæ уæлхъус алæууыд, мæ мады къухæй ссады дзæкъул æмæ фанар райста. Бирæгъ уымæй дæр нæ фæтарст, айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ мæнырдæм йæхи æрбаскъæрдта. Бицо йæм цырд фæлæууыд æмæ йын фанар йæ тæккæ сæрыл фæкодта. Сырдæн уый æнæнхъæлæджы уыд, фæтарст, донмарæны сæрты ма йæхи бæргæ фехста, фæлæ куыройы нуктæй иуыл йæ тъæпп фæцыд æмæ йæ уый бынмæ йæ фæдыл аскъæфта. Бæргæ ма архайдта раирвæзыныл, фæлæ цæмæй зыдта, доны мидæг нучы фæйнæджытæ бырынцъаг свæййынц, уый...

Иудзырдæй, не ‘ртæйы фæндиаг фæцис. Бицо нын куыд радзырдта, афтæмæй, дам, уый, æвæццæгæн æмæ бæхдонмæ хъуызыди, фæлæ махыл куы сæмбæлд, уæд йæ фæнд аивта. Мæнæй уыцы æхсæвы тарст никуы ферох уыдзæнис...

Куырттатаг Мырзаганты Махар: «Хъулаты гал Домбай хуындис»

– Нæ сыхаг Зауырбегмæ уыдис иу ссæдз фысы бæрц, уыдонæн се ‘мбисы бæрцæн фæйнæ дыгай та – уæрыччытæ. Æхсæв сæ-иу дардта фыдæлтыккон æрдæгхæлд хæдзары мидæг къæдзæхы рæбын. Иу райсом уый мæ фыд Уанемæ ссыд æмæ йын йæ хъаст ракодта:

– Чидæр мын мæ уæрыччытæй давы. Къуырийы дæргъы дзы цыппар фесæфт. Сæ дуар сын нæ басастæуы, сис ничи афæлдахы. Мæ сæр разылди... Цом ма сæ бынат сын фен.

Федта йæ, æрзылдис фысдоны алыварс, схызт сисы сæрмæ, стæй уырдæм схизын кодта хæдзары хицауы дæр:

– Æппындæр макæуыл гуырысхо кæн. Дæ уæрыччыты дын ахæссы... бирæгъ. Мæнæ ма ардæм æркæс...

Æмæ йын равдыста тугдзыхы чъизи къахвæдтæ, стæй кæуылты схизы æмæ йæ амæддаджы кæуылты ахæссы, уыцы бынат дæр.

– Мæ бар ма йæ бауадз, – ныфс ын бавæрдта, – ахсæв та йæ ардæм хъæуы. Æгас цу зæгъыны афон ын æрцыдис...

Æмбисæхсæв нæ хъæуы мидæг азæлыд зыбыты иунæг топпы гæрах æмæ йæ æз йæ хъæрæй базыдтон: уый мæ фыд фехста. Йе ‘рбацыдмæ æз мæ хуыссæны уыдтæн, фæлæ мæ мадæн цы дзырдта, уый мæм фехъуыст:

– Сисы сæрæй уæлгоммæ ахаудта, фæлæ йæ не ссардтон, æвæццæгæн æй нæ акъуырдтон...

Райсомраджы нæм нæ сыхаг Цгъойты Марфæ хæрзæггурæггаг фæци:

– Уане, дæ бирæгъы дын коммæ бацæуæны мардæй ссардтой...

Йæ ныццыдмæ Зауырбег лæууыд сырды уæлхъус, гыццыл лæппутæ йын се ‘хсæр лæдзджытæй йæ тугæйдзаг мæллæг фæрстæ батъæпп-батъæпп кодтой...

– Ацы хинæйдзаг дын йæ лæппынты дæ мæгуыр уæрыччыты фæлмæн дзидзайæ фæхаста, – загъта йын мæ фыд. – Ацу æмæ йын сæ ссар. Ныр та сыл ды батыхс...

Æмæ йæ мидбылты бахудт.

Цъыхыры хъæд нæ хъæумæ хæстæг у, доны фаллаг фарс. Æртæ боны фæзылд уым Зауырбег, иу къутæр, иу пыхсы бын æнæсгæрстæй нæ ныууагъта, æрæджиау сын сæ хъоргъ ссардта, авд нард лæппыны дзы разынд.

Колхозмæ сæ радта. Дыууæ голладжы ссад æмæ сын иуцасдæр та æхца райста. Уыцы мæгуыр азты-иу ссады голлаг абоны «мерседесæй» асламдæр нæ уыди.

* * *

Иу сæрдыгон райсом та мæ фыд цуаны ацыдис. Доны фале куыддæр фæцис, афтæ кæсы æмæ иу стыр цъæх бирæгъ цъы-

хыры хъæдæй æддæмæ рагæпп кодта, фæлæ лæджы куы федта, уæд цæхгæр фæстæмæ фæзылд. Фехста йæ Уане æмæ уый размæ бахаудта, фæлæ ногæй фестад æмæ – лидзгæ. «Мæнмæ гæсгæ йæ акъуырдтон, – ахъуыды кодта, – дард нæ ацæудзæн».

Иу ран æй æцæгдæр баййæфта тухæнтæгæнгæ: нæдæр размæ ацæуын йæ бон уыд, нæдæр фæстæмæ разилын. Йæ рахиз къах уыд цæф, йæ фадхъулы сæрмæ йын фæсаст, пыхсы йын дыууæ талайы астæу ныссагъд æмæ йын уырдыгæй ратонын нал комы, йæ туг кæрдæгмæ тæдзы, йæ дынджыр дзыхы йæ дæндæгты дзæхст-дзæхст цæуы.

Уане йæ хъыримаг къутæртыл банцой кодта, йæ ронбастæй фæрæт сласта, саджилæг лæдзæг ракодта æмæ уымæй бирæгъы къæбут йæ тых-йæ бонæй æрцавта. Сырд бауадзыг æмæ йын уæд йæ сæр саджилæгæй зæхмæ æрæлхъывта, йæ астæуы ронæй йын йæ бырынкъ сбаста, йæ фарсыл цы бæндæн ауыгъд уыд, уый иу кæрон ын йæ хъуырыл æртыхта, иннæ кæрон та – йæхи къухыл. Йæ саст къах ын куы феуæгъд кодта дыууæ талайы уацарæй, уæд бирæгъ лидзынмæ хъавыд, фæлæ йæ бæндæн нæ уадзы, лæгыл йæхи æппары, фæлæ йæм уый саджилæг фæцаразы.

Разылдта йæ хъæуырдæм, фæлæ уый, марадз зæгъай, кома, æмæ йæ уæд æхсæруисты басты хуызæн йæ фæдыл рахæрхæр кодта. Æвæццæгæн, сырд æрæджиау йæ уавæр бамбæрста, йæхиуыл схæцыд æмæ къуылых-къуылых йæ фæдыл æнæбары цæуын райдыдта. Доны фаллаг фарс уыгæрдæнмæ куы бахæццæ сты, уæд сæ хъæуы хосдзаутæ ауыдтой, хабар бамбæрстой, сæ цæвджытæ аппæрстой...

Бирæгъ æрхуыссыд, йæ къæхтæ размæ ауагъта, йæ сæр сыл æрæвæрдта, йæ цæстытæ бацъынд кодта. Уане, сæ алыварс чи амбырд, уыдонæн лæгъстæ кæны, хæстæг æм мачи бацæуæд, зæгъгæ, цы нæ вæйиы, уæд та ма феуæгъд ис. Фæлæ цымыдис æмæ тæлфаг сабиты чи бауромдзæн: чи йæ къахæй басхойы, чи та йын лæдзæгæй йæ баст бырынкъыл схæцы...

– Цом, ныр нæ фæндаг дарддæр дарæм, – дзуры мæ фыд бирæгъмæ. Фæлæ уый не змæлы, йæ цæстытæ нæ гом кæны. Рахæцыд ыл бæндæнæй, æмæ уый иннæрдæм рафæлдæхт. Мæнæ диссаг, уый та куыд, уый цы у?

– Ахæм тугдзыхæн дæр зæрдæ ис, бирæ йын нæ хъæуы, – бамбарын сын кодта хистæр хосдзаутæй иу, – утæппæт дзыллæ

йæ цурмæ згъоргæ куы федта, уæд ын, æвæццæгæн, фыртæссæй аскъуыд...

* * *

Уыцы аз мах хъæуы тынг хъызт зымæг скодта, фæлæ нæм уæддæр бирæгътæ тынг арæх цыдысты. Æппæтæй стырдæр знаггад æрхастой Елойты Хадзымырзæйы бинонтæн: иу æхсæв сын сæргæвстой дыууиссæдз фысæй фылдæр. Ахæм миниуæг ис ацы сырдмæ: иугæр куы баирвæзынц æмæ сæ хъыгдарæг куынæ вæййы, уæд бафсис нал фæзонынц. Мæ фыд дæр сæм райсом раджы фæдисы ныццыди, фысдон тугæй куыд байдзаг, уый федта, бирæгъты фæдтæм æркаст æмæ йæ базыдта: иу дзы æртæкъахыг у.

Уымæй иу цалдæр боны фæстæ Уане тæрхъусдзуан ацыд. Кæсы æмæ иу ран ног уард митыл... æртæкъахыг бирæгъы фæдтæ. «Хадзымырзæйы фыстæ чи ныццагъта, уый у», – загъта йæхинымæры æмæ йæ фæдыл ахъуызыд, Дæллаг Къорамæ ныххæццæ, уым та дурджын бынæттæ ис æмæ дзы сырд кæцыйы фæстæ æрæмбæхст, Хуыцау йæ зонæг. Иу дурцæнды рæбын æрхуыссыд Уане, йæ кæрцæй йæм уазал нæ хъары. Сахаты бæрц рацыдаид, афтæ дæлæ бирæгъ дыууæ стыр дуры бынæй рабырыд, йæ миттæ æрцагъта, алырдæмты фæлгæсы. Æвæццæгæн æм дымгæ лæджы тæф бахаста, йæ сæр уæлиау систа æмæ смуды.

Уанейæн дын ахæм фадат авæрай...

Æрласта йæ йæ фæдыл хъæумæ, Хадзымырзæ йыл сæ дуармæ йæ хъомскъæрæн лæдзæгæй ралæууыд.

– Хъуыды ма кæнут, ивгъуыд къуыри мæ къæппæг бирæгъ æрцахста, уый? – дзуры сæм Уане, – æз æй уæд афоныл нæ базыдтон, æмæ ацы тугдзых раздæр къæппæг æхсынын райдыдта, дыууæ дæндаджы асаста, уымæй йæ бон куы базыдта, уæд та йæ къах бахсыдта æмæ алыгъд. Цы ма дзы баззад, уый ныртæккæ фендзыстут...

Рахаста йæ сæ кæртæй: къæппæджы мидæг ма уыди бирæгъы раззаг къах, йæ цурмæ йын æй баппæрста...

* * *

Алы райсом дæр-иу мæ сыхаг Хъулаты кæртæй рахызти цалдæр стуры, сæ разæй – се стыр хъулонных гал Домбай. Æнæхъæн 17 азы йыл цыд, сæ иунæг лæппуйæн нывондаг. Фæлæ

уый ус курынмæ нæ тагъд кодта, кæдæмдæр Уæрæсемæ æхца кусынмæ афтыд. Буцхаст Домбай хæрдмæ æмæ фæйнæрдæм фæцыд, æцæг знæт рахаста, йæхимæ æцæгæлæттæй хæстæг никæйы уагъта. Хъæуы адæм сæ фосæн ницæмæй тарстысты, уый-иу семæ хизæны куы уыдис, уæд.

Иу изæр хъæубæсты фос иууылдæр æрбаздæхтысты Домбайæ фæстæмæ. Цалынмæ не ‘рталынг, уæдмæ йæ хъомгæс дæр æмæ хæдзары хицау дæр фæцагуырдтой, фæлæ никуы æмæ ницы. Бирæгътæй йын нæ тарстысты, нæ йæм уæндынц, уый зыдтой, фæлæ кæм хъуамæ уа, зæххы скъуыды куыд хъуамæ ныххаудаид, æхсæвæддæ дæр сын куы никуы баззад.

Дыккаг бон фæссихор Хъæриуы хохы цурмæ куы бахæццæ сты, уæд сæ хъустыл ауад бирæгъы ниуын. Хæстæгдæр бацыдысты, кæсынц æмæ дæлæ сæ гал йæхи къæдзæхмæ сарæзта, цыма йын рафæлдæхынæй тæрсы, уыйау. Ноджы хæстæгдæр бацыдысты æмæ уынынц æнахуыр ныв: сæ Домбай къулмæ нылхъывта дынджыр цъæх бирæгъы. Ам цы æрцыди, сырд æмæ стуры æхсæн цы рауад, уымæй кæй бафарстаиккой, комы иу цъиуызмæлæг дæр нæ уыдис.

Домбай йæ хицау Чохъылы хъæлæс куы фехъуыста, уæд ма иу чысыл алæууыд, стæй сабыргай разылд æмæ хъæуырдæм рараст, æцæг, бирæгъ зæхмæ не ‘рхауд, уымæн æмæ дзы галы даргъ æмæ цыргъ сыкъатæ арф баныхстысты. Иуцасдæр ма сырд фæниудта, фæхъиу-хъиу кодта, стæй йæ сæр æрхаудта, йæ къæхты тылд банцад. Суанг æй хъæумæ сæрбæрзондæй фæхаста, стæй йæ сæ кæвдæсы цур зæхмæ æрæппæрста. Æгас хъæубæстæ дæр уынгмæ ракалдысты, Хъулаты онг йæ фæдыл фæцыдысты цины хъæртæ æмæ æмдзæгъд кæнгæйæ.

Хъулаты иунæг læппу йæ хæдзармæ нал раздæхт, уым, дам, ус ракуырдта. Домбай ма фæцард 11 азы, æдæппæт та 28, фæлæ мæллæг кæнынмæ фæци, стæй, дам, Хъæриуыхохы рæбын амард, бирæгътæ, дам æй цалдæр боны фæхордтой...

Хъармайнаг Дзугкойты Никъала: «Мæ хойы маст дзы райстон...»

– Хæсты æмæ уый фæстæйы цалдæр азы дæргъы дæр ма мах хъæуы зын цæрæн уыдис, цуан куы нæ кодтаис, уæд. Мæн ууыл сахуыр кодта мæ сыхаг зæронд læг Сафонкъа.

– Сæгуытыл цуан кæнгæйæ ды уымæн хъуамæ ныхъхъавай йæ зæрдæмæ, – амыдта мын уый. – Йæ зæрдæ та кæм ис? Йæ уæны тæккæ бынмæ. Уым куы суайа дæ нæмыг, кæнæ та йæ сæр, йæ бæрзæйыл, уæд ын цыфæндыйæ дæр æнæрхаугæ нæй...

Никуы мæ ферох уыдзæн, фыццаг хатт хъæддаг хуы кæд амардтон, уый дæр – 1944 азы 19 майы. Уæд мыл цыдис 14 азы. Мемæ ма уыдис нæ сыхæгты гыццыл лæппу дæр æмæ йæ хъæумæ рарвыстон, зæгъын, нæхицæй нæм исчи уæрдонæй рацæуæд, кæннод æй мах дыууæйæ не ‘ккæйтты нæ афæраздзыстæм ахæссын. Æз сын се ссыдмæ æмбисонды физонджытæ скодтон. Бауырнæд дæ, абоны онг æз уымæй адджындæр физонæг никуыуал бахордтон.

Фыццаг бирæгъ та амардтон нæ хъæуы астæу, мæ хистæр хойы кæрты. Цыппар æнахъом сабийы йын уыд, хаста сæ йæ иунæг сæгъы æхсырæй. Кæрты астæу-иу æй бæласыл бабаста. Иу æхсæв æм сæ кауы сæрты бирæгъ æрбахъуызыд æмæ йын раздæр йæ хурх адзæнгæл ласта, стæй йын йæ иу æмбис уым бахордта. Мæ хо нæм сæумæцъæхтыл æрхæццæ ис, мæгуыр, бабын, дам, стæм.

Æз та Сафонкъамæ ныццыдтæн, зæгъын, цы чындæуа. Æмæ та мын уый афтæ бацамыдта:

– Кæд æй æнæхъæнæй нæ бахордта, уæд та йæм ахсæв куынæ уа, уæддæр райсом æнæрбацæугæ нæ фæуыдзæн. Бабад йæ размæ...

Мæнæн дын уый зæгъай. Скъæты цармæ сбырыдтæн. Ныр æхсæв боны хуызæн рухс, стъалытæ нымайыныл схæцыдтæн, кæннод мыл, зæгъын, хуыссæг куы фæтых уа. Уалынмæ кæсын æмæ иу дынджыр бирæгъ кауы сæрыл йæ къæхтæ авæрдта, ракæс-бакæс кæны. Æз æм ныхъхъавыдтæн, гæрах, æмæ уый зыгуымы голладжы хуызæн уæлгоммæ фæфæлдæхт. Æрхызтæн æм æмæ дæ балгъитæг афтæ: змæлгæ дæр нал кодта, мæ нæмыг ын йæ риуы гуыдыр ныппырх кодта.

Уæд-иу бирæгъы цармæн нæ колхоз ссады голлаг æмæ фыс лæвæрдта. Æз сæрдармæ бацыдтæн æмæ йын мæхицæй раппæлыдтæн, зæгъын, мæ идæдз хойы маст бирæгътæй райстон. Æмæ мын уæд уый афтæ зæгъы:

– Уæлæ нæ уæтæры фыйыæуттæм иу сæгъ ис, дуцын кæй нæ фæразынц, ахæм, ацы фæдыл ацу æмæ йæ дæ хойæн ралас...

Хуымæтæджы цин кодтой мæ гыццыл хæрæфырттæ, мæ хойы цæссыгтæ рахъардтой...

Суадаггаг Брытъиаты Юри: «Æфхæрæн ныхас мæм не ‘рхаудта...»

– Бирæгътæн нæ дыууæ сæгъы бахæрынмæ куыд баххуыс кодтон, уый дын радзурон? Уæд 9-æм къласы ахуырдзау уыдтæн Суададжы. Изæры мæ ныййарджытæ кæрты сæ зилæнтæ куы фесты, нæ фос сæ бынæттæ куы ссардтой, уæд уыдон дæр бахуыссыдысты. Нæ иунæг фæтæген цырагъ кæдæй-уæдæй мæнмæ дæр æрхаудта æмæ мæ уроктæ кæныныл æрбадтæн. Хъамбердиаты Мысосты æмдзæвгæ «Балц» мæ наизусть сахуыр кæнын хъуыд æмæ йæ хъæрæй кастæн.

Уалынмæ нæ куыдз рæйын райдыдта, æгæр-æгæр куы кодта, куы нал æнцад, уæд цырагъимæ кæртмæ рахызтæн, асинтыл æрлæууыдтæн. Ницы зæрдæхсаинаг змæлд дзы бафиппайдтон. Куыдз мæ размæ æрбазгъордта, мæ къæхты бын атылд, йæ рæйын дзы ферох. Иуцасдæр рацыд æмæ та ноджы тынгдæр рæйы æмæ рæйы. Рацыдтæн та, фæлæ та ницæуыл фæгуырысхо дæн. Афтæ иу цалдæр хатты. Æз æм æрбамæсты дæн, мæ хъæбысы йæ фелвæстон æмæ йæ нæ даргъ сарайы кæрон, зымæг-иу нæ картоф кæм уыдис, уыцы арф уæрмы ныппæрстон, рæй, зæгъын, ныр уым, цас дæ фæнды, уыйас, кæд æнæ уымæй нæ фæразыс, уæд.

Сæумæцъæхтыл мæ мады хъæрмæ райхъал дæн:

– Бирæгътæ нын нæ сæгъты бахордтой! Ай нын цавæр куыдз у? Чидæр, дам, хæрæг уасынæн куыд дардта, уыйау... Кæм ис, куы никуыцæй зыны, уыцы сырдтæ йын йæхи сæр дæр бахæрой!..

Æз рабадтæн, кæртмæ рацыдтæн æмæ сын хабар радзырдтон, стæй уæрммæ асин ауагътон æмæ куыдзы уырдыгæй сæппæрстон...

Иунæг æфхæрæн ныхас дæр не схаудта нæдæр мæ мады, нæдæр мæ фыды дзыхæй. Урочы Мысосты романтикон æмдзæвгæ мæнæй хуыздæр ничи радзырдта...

* * *

Фæссихор урокты фæстæ мæ сыхаг лæппутимæ фæрæттæ райстам æмæ хъæдмæ хъæдуры хъилтæ кæнынмæ ацыдыстæм.

Фæстæмæ куы раздæхтыстæм, уæд хъæды кæрон къуыппыл не ‘ргъæмттæ æрæппæрстам, иучысыл нæ фæллад ауадзæм, зæгъгæ, бæзджын цъæх кæрдæгыл нæхи ауагътам. Кæсæм алырдæмты æмæ федтам ахæм ныв: мах фале хъæугæрон хызти иу хуы йе ‘ртæ хъыбылимæ. Уалынмæ иу стыр бирæгъ æрхы райдиан пыхсыты астæуæй йæ сæр радардта, стæй сæм йæ фазыл бабырыд, хæстæгдæр æм цы хъыбыл уыдис, уымæ фæлæбурдта, уæлæ йæ фескъæфы. Мадæл хуы йæ ауыдта, ныууынæргъыдта, хъæртæ æмæ хъыллистытæ кæнгæ йæ фæдыл стырындз, хъыбылтæ та уый фæдыл.

Тугдзых сырды æндæр цы хъуыди?! Йæ хин сыл æрцыд: расайдта сæ, адæм кæм нæй, ахæм ранмæ... Хуытæ æрхы фале куы фесты, кæройнаг хæдзар куы нал зынд, уæд йæ дзыхы чи уыд, уыцы хъыбылы æрæппæрста, стæй йын йæ мадмæ фæзылд, йæ хурхмæ йын фæлæбурдта. Цы æрцыдис, уый махмæ æрæгмæ бахъардта, фæлæ бирæгъ иннæ дыууæ хъыбылы дæр куы асырдта, уæд цыма ныхасгонд уыдыстæм, уыйау уыциу хъæр ныккодтам. Уый йын æнæнхъæлæджы уыд, дзыхълæуд æркодта æмæ куы федта, мах æрхырдæм фæрæттимæ згъорæм, уый, уæд фæлидзæг. Мадæл хуы æмæ хъыбылы хурхытæй туг пысыратæм фемæхст. Æз мæ фæрæт æрæппæрстон æмæ хъæумæ сæ хицау Хуытыгатæм фæдисы азгъордтон...

Зынцъайраг Пагæты Аслæнбег: «Гыццыл лæппу Цæрай æмæ лæгæты бирæгъ...»

– Æз æрыгонæй бирæ алыхуызон хабæрттæ фехъуыстон бирæгъты тыххæй. Иутæ сæ нымадтой, бæрц чи нæ зоны, ахæм тугдзых сырдтыл, иннæтæ-иу семæ быцæуы бацыдысты се ‘ппæты, дам, ахæмтыл ма нымайут, уыдонæй дæр, дам, иутæ тæригъæд кæнын зонынц. Æмæ-иу мæнæ цы цауы тыххæй радзырдтой уæд...

Цæвиттон, ме ‘рвадæлты дæсаздзыд лæппу Цæрай сæхицæй рацыд, хæстæг хъæды рæгъæд кæрдотæ уидзгæ сатæг арфы æгæр бацыд æмæ фæдзæгъæл, хæдзармæ фæндаг нал ардта. Уæдмæ æрæхсæв и, уарын райдыдта æмæ Цæрай, йæ размæ чи фæцис, уыцы лæгæты йæхи фæцавта. Уым та рæбынæй разынд бирæгъ, тары йæ цæстытæ арты зынгтау æрттивынц, йæ

дæндæгты къæс-къæс цæуы. Цæрай скуыдта æмæ къулмæ йæхи нылхъывта. Фæлæ бирæгъ йæ бынатæй дæр нæ фезмæлыд, æрæджиау кæддæр йæ сæр фæгуыбыр кодта æмæ æддæмæ разгъордта.

Цæрай хæдзармæ куынæ зынд, уæд бинонтæ катай систой, æмæ Зынцъары, суанг сыхаг Уыналы цæрджытæ дæр, чи фистæгæй, чи бæхыл, афтæмæй агурæг ацыдысты. Суанг боныцъæхтæм, цы къуым, цы къутæр нæ басгæрстой, ахæм нал баззад, фæлæ никуы æмæ ницы. Боныцъæхтыл фæстæмæ здæхын куы сфæнд кодтой, уæд сæм дардæй æрбайхъуыст бирæгъы æнахуыр ниуын. Уагæры уый цы уа, зæгъгæ, уыцырдæм ацыдысты. Кæсынц, æмæ лæгæтмæ бацæуæны иу стыр бирæгъ йæ фæстаг къæхтыл лæууы. Адæмы куы ауыдта, уæд лæгæты скуыси, стæй уайтагъд фæзылд æмæ дæлæ фæлидзы. Топпытæй йыл ралæууыдысты, фæлæ йæ сæ иу дæр нæ акъуырдта. Гæрæхты зæл куы банцад, уæд сæм лæгæтæй райхъуыст Цæрайы кæуын...

Цалдæр боны фæстæ цумайы лæппутæ дыууæ хъæуы уынгты дæр æрзылдысты, алы хæдзары дуар дæр бахостой, Цæрайы фыд, дам, нæ сымахмæ хонæг рарвыста куывдмæ, æртæаздзыд гал дзы æргæвст ис...

Æз дæр уыдтæн уыцы куывды, уырдыг дзы фæлæууыдтæн хистæрты фынгыл... Уыцы æнахуыр бирæгъы кой дзы бирæ фæкодтой.

* * *

Иу райсом ме ‘мбал лæппутимæ Уыналмæ скъоламæ араст стæм. Дыууæ хъæуы астæу уæрæх тыгъд быдыр уыдис, цæмæндæр æй адæм Æлдары фæз хуыдтой. Куыддæр уырдæмты ныххæццæ стæм, афтæ кæсæм æмæ нæм дæлæ иу бирæгъ комкоммæ ссæуы. Цыди сабыргай, хатгай-иу фæцудæгау кодта, йæ сæр-иу ныттылдта, цыма бындзытæ сырдта, уыйау, йæ ниуын дæр-иу ссыд.

Мах, кæй зæгъын æй хъæуы, фæтарстыстæм, цæхгæр фæзылдыстæм æмæ хъæумæ фæстæмæ – лидзгæ.

Фыццаг тигъыл, Бицъоты хæдзары цур, нæ улæфт чысыл суадзæм, зæгъгæ, æрлæууыдыстæм. Кæсæм æмæ бирæгъ дæр æрлæууыд, нымдзаст нæм. Æмæ уæд фæныфсджындæр стæм, зæронд фæлдæхт кауæй фæйнæ михы раластам æмæ йæ цурмæ æрыз-

дæхтыстæм. Уый лæууыд йæ фæстаг къæхтыл, нынниудта та. Мæ кæстæр æфсымæр Хъазыбег махæй не ‘ппæтæй уæндагдæр разынд, фæстæты йæм бахъуызыд æмæ йын йæ астæуыстæгæн йæ михæй цалдæр цæфы ныккодта. Уый афæлдæхт æмæ йæм уæд мах дæр бауæндыдыстæм, хафт-хафтæй йыл ралæууыдыстæм.

Куы нал змæлыд, уæд ме ‘мбæлттæй иу йæ дзыппæй хæрынкъа систа æмæ афтæ зæгъы, цæй æмæ, дам, æй бастигъæм. Уæды мæгуыр азты-иу колхоз бирæгъы цармæн æнæхъæн сæдæ сомы лæвæрдта, стæй ссады голлаг.

Нæ амондæн уыцы рæстæг нæ цурмæ æрхæццæ нæ хъæуы ветеринарон дохтыр, сырдмæ куы æркасти, уæд нын афтæ, æвæццæгæн, дам, æрра бирæгъ у, хæстæг æм мауал бацæут, йæ тугыл ын ма бандзæвут, фæлтау, дам, ма фæзивæг кæнут, Бицъотæй белтæ æрхæссут. Æрхастам, арф дзыхъхъ скъахтам æмæ йæ уым ныппæрстам.

Кæй зæгъын æй хъæуы, уроктæм байрæджы кодтам, фæлæ цæй æфсонæй, уый нæ ахуыргæнджытæ куы базыдтой, уæд нæ иннæтæн æппæлгæ дæр ма ракодтой...

* * *

Сæрды фыццаг бонтæй иуы нæ хъæуы фыййæуттæ хъæды бирæгъы хуыкком ссардтой æмæ йын йæ лæппынтæй дыууæйы семæ рахастой, уæтæргæс куыйтæ, дам, сæ рауайын кæнæм. Уый иуварсырдыгæй æмбæхст ранæй федта сæ мад æмæ фыййæутты фæд-фæд суанг хъæумæ æрхъуызыд. Ууыл иу афæдзы æрдæг рацыд, бирæгъы лæппынтыл хуыз фæхæцыд, фестырдæр сты, фыййæутты куыитимæ хъазыдысты, уæтæрты алыварс зылдысты, бирæгътæй сæ хъахъхъæдтой. Фыййæуттæ уæлдай тынгдæр дис кодтой, бирæгъы лæппынтæ куыдзы рæйд кæнын куыд сахуыр сты, ууыл, иннæтимæ-иу æхсæвыгæтты суанг мæймæ дæр рæйдтой. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй уыдон уыцы хуызы сæ мадмæ сидтысты æмæ-иу уый хатгай уæтæры цурмæ æрбахъуызыд, фæлæ-иу æй иннæ æцæг куыйтæ куы бамбæрстой, уæд-иу æй уырдыгæй асырдтой.

Дыккаг сæрды райдиан бонтæй иуы тыхджын къæвдатæ рацыд, арв æнæрынцойæ нæрыд, тыхджын дымгæ, уæтæры алыварс цы æхсæруистæй быд каутæ уыд, уыдон афæлдæхта, фыстæ фæтарстысты æмæ алырдæмты лидзæг фесты. Фыййæуттæ сæ дыууæ боны дæргъы хъæды пыхсытæ æмæ æрхыты агурæг зылдысты, се

‘ппæты дæр ссардтой, æрмæст уыцы дыууæ æрмахуыр бирæгъы никуы разындысты, мæнæ цыма раст зæххы скъуыды ныххаудтой.

Мæ фыд мын кæцыдæр аз мæнæ афтæ радзырдта:

– Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй сæм иу æхсæв сæ мад æрбахъуызыд æмæ сæ йæ фæдыл асайдта. Мах сыл нæ къух ауыгътам, загътам, нæ фыдæбон фæдзæгъæл, бирæгъ уæддæр цыфæндыйæ дæр бирæгъ у. Фæлæ дын иу райсом кæсæм æмæ дыууæйæ дæр нæ уæлхъус алæууыдысты, мæ къæхты бын атылдысты, цыма мæ хатыр куырдтой, уыйау. Бауырнæд уæ, абон дæр æй нæ зонæм цæмæн раздæхтысты, уый. Чи зоны, сæ мад амардис, чи зоны сæ бирæгъы цард кæнын нал фæндыдис, чи зоны та цуан кæнынмæ нæ арæхстысты æмæ сæ æххормаг фæстæмæ махмæ, дзидза хъуаг кæм нæ уыдысты, уырдæм æрсырдта. Цы нæ бакæндзынæ дæ гуыбыны тыххæй?..

* * *

Ацы цау æрцыди хохаг хъæутæй иуы, æз ыл тынг фæдис кодтон. Иу хæдзары дардтой мæнæ уырыссагау волкодав, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм стыр куыдз, йæ ном Цурка. Фæззæджы, бирæгъты чындзæхсæвтæ, зæгъгæ, кæй хонынц, уыцы бонтæй иуы уыцы Цурка куыддæр æгъдауæй хъæуы фале хъæдмæ бафтыд æмæ уым иу сылбирæгъимæ фæлымæн, дыккаг бон æй сæхимæ æрбакодта, сарайы къуымы зæронд голлагыл фæрсæй фæрстæм æрхуыссыдысты. Бинонтæ дын уый феной цы! Иу сæ сагоймæ фæлæбурдта, иннæ кауы мих стыдта, фæлæ Цурка фæгæпп ласта, йæ дæндæгты къæс-къæс цæуы, йе ‘мбалмæ хæстæг никæй уадзы, хæдзары хицауыл та хæцгæ фæкодта. Уый айтæ-уыйтæ нал фæкодта, йæ цонджы туг калгæ сыхæгтæм азгъордта, фæстæмæ цуанон топпимæ фездæхт æмæ се ‘нæхуынд уазæджы цалдæр гæрахы бакодта...

Цуркайы тæригъæдмæ кæсынæй диссагдæр ницы уыд: æррайы хуызæн сси, æхсæв бонмæ мард бирæгъы алыварс зылдис æмæ арвмæ ниудта, стæй боныцъæхтыл кæдæмдæр алыгъд, къуырийы дæргъы йæ иу уынæг нал фæцис.

– Ма тыхсут, – дзуапп лæвæрдта цымыдис сыхæгтæн хæдзары тызмæг хицау, – йæ маст ацæудзæн æмæ йæ ардæм хъæуы...

Фæлæ Цурка нал раздæхт. Иу райсом ыл цуанæттæ хъæугæрон бамбæлдысты. Уый мардæй хуыссыд, йæ уарзоны йын кæм баныгæдтой, уыцы дурæппарæн къардиуы æртæхæйдзаг сыджыты къуыбæрттыл...

* * *

Уæртæ Æрыдонæй Дыгурмæ фæндагыл цы бæллæх æрцыд, уымæ ма байхъус...

Иу æрыгон лейтенант Гæбутæй, йæ ном мæ зыбыты рох фæцис, фыццаг хатт æфсадæй отпусчы ссыди. Зымæгон. Поездæй Æрыдоны рахызт æмæ фистæгæй йæ райгуырæн Сындзыхъæумæ араст. Ныр митфæлдзæгъдæн кæны, дымгæ йæ размæ нæ уадзы, уæдмæ талынг кæнын дæр райдыдта. Дигорамæ йæ бирæ нал хъуыд, афтæ йæ фæсте бирæгъты бал æрсырдта. Лæппу ма, мæгуыр, иуварсырдыгæй цы обау уыд, уырдæм бæргæ сызгъордта, йæ дамбацайæ ма дзы дыууæйы амардта, фæлæ иннæтæ уый ницæмæ æрдардтой, сæхи йыл андзæрстой...

Азы уыцы афон бирæгътæ уæлдай æххормагдæр вæййынц. Лæппуйæ ма цы баззад, уый дыккаг бон колхозы фыййæуттæ федтой...

Уыцы обау абон уым нал ис, цæмæндæр æй зæххы æмвæз скодтой, фæлæ искуы иу хатт йæ кой куы рацæуы, уæд та æнæмæнг уыцы æнамонд æвзонг лейтенанты дæр æрымысынц...

Нартыхъæуккаг Дулаты Симæ: «Æртæ æнахуыр фембæлды мын уыдис уыцы æгъатыр сырдимæ...»

Фыццаг. Кæцыдæр аз зымæджы хъызт бонтæй иуы сæумæдæвдæгæй сыстадтæн: Беслæныхъæуы базармæ мын æнæцæугæ нæ уыд. Æнхъæлдтон, æз фыццаг бæлццон уыдзынæн нæ хъæуæй, фæлæ кæсын, æмæ ма ног уард митыл фæдтæ, чидæртæ мæ разæй фесты. Фарныхъæуы фосдарæн фермæтæм куы фæцæйхæццæ кодтон, уæд мæм разæй цыдæр уынæртæ, кæйдæр хъæртæ æрбайхъуыст, кæсын, æмæ мæ комкоммæ иу стыр куыдз æрызгъоры. Мæхинымæр, зæгъын, æвæццæгæн, мæ хъæуккæгтæй кæмæндæр йæ куыдз йæ фæдыл сагъуыд æмæ ныр фæстæмæ здæхы.

Мæ тæккæ цурмæ куы æрхæццæ, уæд дзыхълæуд фæкодта, йæ хъустæ хъил алæууыдысты, йæ дæндæгты къæс-къæс ссыд, йæ раззаг къæхтæй митыл тъупп-тъуппæй ралæууыд.

Æз æм дзурын:

– Тузик, Шарик... Цы хуыйныс, мæнæ дын дзул...

Куыддæр уыцы ныхæстæ загътон, афтæ хъæуырдыгæй топ-

пы гæрæхтæ фæцыд æмæ куыдзæн йæ къæхтæ фæтасыдысты, фæтарст, уæддæр мæм комкоммæ кæсы, йæ дæндæгты къæскъæс фæтынгдæр кодта, стæй æвиппайды иуварсырдæм æвæд миты ныццавта. Æз та йæ фæдыл дзурын:

– Тузик, Шарик, ма тæрс...

Нæ мæм байхъуыста. Иу ссæдз къахдзæфы куы скодтон, уæд фермæйы цур фæзилæны дыууæ лæджы мæ размæ фесты, сæ лæф-лæф цæуы, сæ къухты топпытæ, фæрсынц мæ:

– Ауылты бирæгъ нæ рацыди?

Зæгъын, бирæгъы нæ федтон, фæлæ уæртæ иу стыр дзæбæх куыдз Æрхонкæйырдæм фезгъоры...

– Тынг дзæбæх, – бустæ хуызы мын загъта лæгтæй иу, – мæнæ ныртæккæ роды хурх ахауын кодта... Нал æй раййæфтам...

Базарæй фæссихор Нартыхъæумæ куы раздæхтæн, уæд æй, мæнæ йæ дæуæн куыд дзурын, афтæ мæ фыдæн дæр радзырдтон бирæгъимæ фембæлды тыххæй. Уый куыддæр ныккатай кодта æмæ мын афтæ зæгъы:

– Æллæх, уый дын фæстаг фембæлд нæ уыдзæн, мæ чызг. Нæ фыдæлтæ-иу афтæ дзырдтой, зæгъгæ, дам, бирæгъимæ куы сæмбæлай æмæ уый йæ хъустæ хæрдмæ куы сиса, йæ къæхтæй зæхх куы хойа, уæд æй зон: нырма дын йемæ дыууæ фембæлды æнæуæвгæ нæй. Нæ фыдæлты ахæм æнахуыр æууæндындзинад ныр мæн дæр бауырныдта, мæ фыды уыцы ныхæстæ мыл æрцыдысты...

Дыккаг. Мæ хъысмæт афтæ рауад æмæ æз хуыздæр цардагур дæлæ нæ сыхаг Кæсæгмæ афтыдтæн, колхозы бригæдтæй иуы хыгъдхæссæгæй куыстон, уæдæ цы кодтаин, ме ‘ртæ гыццыл чызджы мæ истæмæй дарын хъуыди. Иу сæрдыгон бон мын мæ сыхаг ус Розæ, зæгъгæ, уый афтæ зæгъы, мемæ, дам, ма сыхаг хъæумæ цом, иунæгæй зивæг кæнын. Уым ме ‘фсымæр фыййауæй кусы, нæхицæн фæйнæ цалдæр фысы æрдуцдзыстæм æмæ дзы дæ сывæллæттæн зымæгмæ цыхт бацахсдзынæ, фæйнæ хæндыджы скæндзыстæм...

Ацыдтæн, уæдæ цы уыдаид, уæтæры кæрон кауы рæбын къодахыл æрбадтæн, мæ фыццаг фыс мæм æрбакодтой, къус куы айдзаг вæййы æхсырæй, уæд æй бедрамæ æркалын. Иу заман мæ къæбутыл цыдæр уазалдзинад банкъардтон, цыдæр мын æй астæрдта, фæлæ цы, уымæ акæсын амал нæ уыд, мæ тæккæ

дуцгæйæ уыдтæн. Стæй та ногæй. Мæхинымæр, чидæр мæ хъазы. Азилон æм, зæгъгæ, куыд загътон, афтæ кæсын, æмæ фысымты лæппу æд топп сызгъоры, хъæр мæм кæны:

– Ма фезмæл, ма фезмæл!

Мæ цурмæ куы схæццæ, уæд топп фæхъил кодта. Гæрахмæ хæрдмæ фæхаудтон, мæ къус зæххыл атылд, ме ‘хсыр акалд, фæстæмæ фæкастæн æмæ кауы рæбын иу дынджыр бирæгъ йæ гæндзæхтæ цæгъды, йæ туджы мæцы...

– Куыддæр фезмæлыдаис, – бамбарын мын кодта лæппу, – афтæ дын дæ хурхмæ фæлæбурдтаид...

Налдæр мæ æхсыры мæт уыд, налдæр цыхты...

Æртыккаг. Æллæх-æллæх, æз цы тарст фæкодтон, æз цы тарст фæкодтон, ахæм ме знагæн дæр мæ цæст нæ бауарзид. Уæд мæнæн цы Хуыцау баххуыс кодта, æз уый абон дæр нæ зонын. Уый та мæнæ афтæ рауад...

Нæ сыхаг лæг Зауыр хуыцаубоны райсомæй йæ ус Галяйы, мæн æмæ мæ иухатт йемæ фыстæ дуцынмæ чи акодта, уыцы Розæйы йæ машинæйы хъæдмæ аласта, уæхицæн, дам, зымæгмæ кæрдотæ æруидзут, æз та уæм изæры фæстæмæ зындзынæн.

Уырны дæ: уыцы кæрдобæлæстæ абон дæр ма мæ цæстытыл уайынц, æз уымæй размæ ахæм стыр бæлæстæ никуы федтон, бæрзонд, арвыл æмбæлынц, æцæг, æвæццæгæн, æхсæст никуы уыдысты, хæрдмæ сæм скæс, уæд искуы иу ранæй йеддæмæ хуры цæст нæ зыны. Фæлæ уыдысты тынг зад, сæ къабузтæ дæллоз æртасыдысты, бур-бурид кæрдотæ сæ зæхмæ уый бæрц фезгъæлди æмæ диссаг, къæдзбел райс, æвгæн æмæ æвгæн. Фæлæ æз никуыдæм тагъд кодтон, се ‘взаргæдæртæ сын уыгътон. Дыууæ голладжы мын айдзаг æмæ сæ иу бæласы къуызыртæ зæнгыл банцой кодтон, сæ сæрыл та сын мæ хызын æрæвæрдтон.

Уалынмæ иуварсырдыгæй дымгæ æрбакалд æмæ фæткъуыты адджын тæф банкъардтон. Стæ-ма кæцæй цæуы, зæгъгæ, фалдæр бацыдтæн æмæ дын иу бæласы бын кæрдæгыл уыдонæн ныккæнæн дæр нæй. Мæ мады мад-иу ахæм фæткъуытæ асыччыты ныккодта, сынтæджы бын сæ-иу сæвæрдта æмæ-иу зымæгзымæджы дæргъы сæ тæф æгас хæдзарыл куыд ахæлиу, уый-иу уынджы цæуджытæ дæр бафиппайдтой, суанг уалдзæгмæ-иу ахаста...

Хъæды арфы уидзгæ кæй онг адзæгъæл дæн, Хуыцау йæ

зонæг. Сахат мыл нæ уыдис æмæ куыд æризæр ис, уый æрæджиау бамбæрстон, хæлофæй сын æмбырд кæнын сæ рæсугъддæртæ, æнæмæнг сырхварс куыд уой, стæй рæгъæд. Голлаг æххæст дзаг нæма уыдис, афтæмæй йæ ме ‘ккойы кæрдобæласы бын иннæты цурмæ æрбахастон, загътон, ног фæстæмæ аздæхдзынæн æмæ ныр та мæ фæтæн куатæмæ уидздзынæн, суанг ма мæм фæсмон дæр æрцыдис иу голлаг ма, цыппæрæм, цæуылнæ рахастон, зæгъгæ, уæз мын куы нæ кодта, мыййаг.

Кæсын, æмæ ме ‘мбæлттæ уым нал, кæрдобæласмæ хæстæг зæххыл машинæ куыд разылдис, афтæ йæ цæлхыты фæдтæ бæрæг дардтой, сæ дзаг голджытæ дæр уым нал. Æз удаист хъæр кæнын райдыдтон алырдæмты:

– Розæ, Галя! Цы фестут?..

Цæй Розæ æмæ ма цæй Галя?!

Æмæ йæ уæд бамбæрстон: ныууагътой мæ. Зауыр фыд-зонд лæг уыди. Иу хатт йæ ус Галяйы сыхаг районмæ, нæхи цынайæм, зæгъгæ, аласта, уым цады был йæ усы митæй цыдæр йæ зæрдæмæ нæ фæцыди, йæ дзаумæттæ йын кабинæмæ бакалдта, уым æй мадард бæгънæгæй ныууагъта, сæхимæ рафардæг, ус æхсæв-бонмæ уым баззад. Мæныл дæр ахæм бæллæх æрцæудзæн, уымæн цы хæйрæг уыдтæн, фæткъуытæ кæм уыгътон, уырдæм мæм ницы уынæр фехъуыст, никæй ныхас. Æвæццæгæн, Зауыр куы æрбацыд æмæ æз куы нæ зындтæн, уæд иннæтыл сбустæ кодта сбадут æмæ цом, науæд сымах дæр ам ныууаддзынæн...

Мæ бон базыдтон, фæлæ мын цыдæр ныфс хъару лæвæрдта, зæгъын, ахсæв куы нæ уа, уæддæр мæм райсом исчи æнæмæнг агурæг цæудзæн. Æрбадтæн æмæ мæ дзул æмæ мæ цыхтæй фæйнæ комдзаджы скодтон, стæй мæ голджытæ зæххыл æрфæлдæхтон, æрхуыссыдтæн. Фæлæ бирæ нæ бафæрæзтон афтæмæй, фæткъуыты хъæбæртæй мæ фæрстæ риссын райдыдтой. Æмæ уæд мæ кæлмæрзæн кæрдæгыл райтыдтон, мæ хызын мæ сæры бын бакодтон, мæхи æруагътон. Иу дæс минуты бæрц йеддæмæ мын нæ ахаста, мæ зæрдыл æрлæууыдысты мæ фыды ныхæстæ бирæгъимæ æртæ æнæмæнг фембæлды тыххæй. Мæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси æмæ уæд афæнд кодтон, зæгъын, цæй æмæ бæласмæ сбырон, исты, уæд мæм уырдæм нæ сæххæсдзысты, исты хуызы ардыгæй райсоммæ бафæразын хъæуы.

Мæхи сивæзтон, иу дыууæ метры бæрц мæ бахъуыд къалиуты æхсæнты бырын æмæ уым иу саджилæгыл æрбадтæн. Мæ уæлæ-тæнæг къаба, хæдзары дарынмæ сырх дзабыртæ. Дыууæ даргъ дзыккуйы мын уыдис, иууылдæр-иу мæ фæдыл кастысты адæм, суанг мын мæ фадхъултæм æххæссыдысты. Райхæлдтон сæ, мæ чъылдыммæ сæ фæйнæ къалиуыл æртыхтон, æлхынцъбаст сæ бакодтон, зæгъын, цы нæ вæййы, мыййаг, куы афынæй уон, уæд мæ уыдон зæхмæ хауын кæд нæ бауадзиккой. Мæнгæн нæ фæзæгъынц, мад мæрдтæй дæр йæ зæнæгæн æххуыс кæны, зæгъгæ. Мæ мадымады кæлмæрзæн дæр мемæ рахастон, мæ астæуыл æй æрбатыхтон, уæд мæнæ ныры хуызæн сæвджынтæ нæма уыдтæн, уымæн дæр йæ дыууæ кæроны хæстæг къалиуыл абастон.

Уайтагъд мыл хуыссæг фæтых, фæлæ цыдæр æнахуыр уынæрмæ фехъал дæн. Мæхинымæр бацин кодтон, æвæццæгæн, мæм, зæгъын, агурæг рацыдысты. Куыннæ стæй! Уыцы уынæр ниуынмæ рахызти, цас мæм хæстæгдæр кодтой, уыйас æй æмбарын байдыдтон: уыдон бирæгътæ сты, сæ цæстыты æрттывд мæ ууыл бынтондæр бауæндын кодта. Дæлæ сты, доны цъымарайы æрбалæгæрстой, иу дзы, раззаг, егъаудæр, иннæтæ къаддæртæ, иу фынддæсы бæрц, мæйрухсы мæм хорз зындысты. Фæтарстаин æви нæ фæтарстаин, Дамир, уый æмбарыс. Афтæ мæм касти: мæ зыр-зырæй бæласыл дæр зыр-зырæг бахæцыд, зæгъын, мæ арт бауазал, ныртæккæ афæлдæхдзæн æмæ бирæгътæ фырцинæй ноджы тынгдæр ниуын байдайдзысты.

Уыдоны митæм кæсынæй диссагдæр ницы уыд! Раздæр мæм цъусдуг хæрдмæ фæкастысты, стæй бæласы зæнг радыгай сæ къæхтæй æрхæфтытæ кодтой, голджытæ фæйнæрдæм аскъæфтой, аскъуыдтытæ сæ кодтой, дыууæ кæрдойы, дыууæ фæткъуыйы дзы иумæ нал федтаис, мæ хызын мын алчи йæхимæ ивæзта йæ дæндæгтæй, цы доны авг, дзул æмæ цыхт дзы уыди, уыдоны дæр сæ къæхты бын сæууæрстой.

Уыдæттæ куы фесты, уæд егъаудæр бирæгъ мæнмæ хæрдмæ нымдзаст, йæ дæндæгты къæс-къæс ссыд, цæхгæр фæзылд, йæ фæстаг бæласырдæм сарæзта, къæдзил фæхъил кодта æмæ гуыпп-гуыпп райхъуыст. Иннæтæ дæр æй бафæзмыдтой. Уыцы смаг, уыцы смаг!.. Ахæм æнæхайыр, ахæм æнад уыдис æмæ дæ бауырнæд, Дамир, уæдæй абоны онг æй æнкъарын. Уыдон, æвæццæгæн, загътой уыцы тæфæй йæ сæр разилдзæн, æрхау-

дзæн. Исдуг цыдæр хуызæн фæдæн, мæ къухтæй къалиутыл ныддæвдæг дæн æмæ мæхинымæр Хуыцаумæ кувын райдыдтон, мæ кæстæр чызгыл уæд фондз азы дæр æххæст нæма цыди, иннæ дыууæ дæр уымæй чысыл хистæртæ æмæ йыл сæ фæдзæхстон, зæгъын, сидзæрæй мын сæ ма ныууадз. Цасдæры фæстæ ме ‘муд æрцыдтæн, мæ цæстытæй ракастæн æмæ дæлæ бирæгътæ хуыссынц сæ раздзогæй фæстæмæ, уый хъæрзæгау кæны, хæрдмæ скæсы, иннæты æхсæнты зилы, кæмæн йæ бырынчъытæ бакъуыры йæ къахæй, кæй та йæ къæдзилæй æрцæвы.

Кæддæр-уæддæр тынгдæр сæм кæцырдыгæй зындтæн, къалиутæ тæнæгдæр кæм уыдысты, уыцырдыгæй йæ гуыбыныл æрхуыссыд, иннæтæ та уый сæрыл, æппæты уæле чи уыд, уыйиу йæхи хæрдмæ фехста, мæнмæ, не ‘хсæн ма-иу иу ссæдздæс æмæ ссæдз сантиметры баззад, æндæр нæ, йæ комы тæф мæм-иу схæццæ. Мæ уд фыртæссæй мæ риуæй рацæйхаудта, мæ иунæг æнгуылдз базмæлын кæнын дæр мæ бон нал уыд, ныхъхъæр кæнын дæр, баст куы нæ уыдаин, уæд мын æнæрахаугæ нæ уыди. Сæ бынæттæ-иу аивтой, фæлæ дзы иу дæр мæн онг не схаудта. Куы ницы сын дзы уад, уæд та сæ раздзог бæласы алыварс рацу-бацу систа, стæй кæсын, æмæ кæцырдыгæй æрбацыдысты, уырдæм – згъоргæ, цъыфдзасты доны йæ къæдзил цалдæр хатты фæтъыста, тынгдæр чердыгæй зындтæн, уым та æрлæууыд, йæ къæдзил фæраст кодта æмæ кæй æрбахаста, уыцы цъыфдон мæныл скалдта, суанг къæхтæй сæры онг сахуырстæн. Уалынмæ иннæтæ дæр афтæ кæнын райдыдтой. Даргъ цæстыхаутæ мын уыдис, уыцы цъыфдонæй дзы кæуыл ауад, уыдон фæстæдæр иууылдæр азгъæлдысты, мæ ныхы сæрмæ сæрыхъуынты иу хай дæр, мæнæ ма кæс...

Иу заман цыдæр уазал дымгæ æрбацыд, мæ буары иннæрдæм ахызт, мæ цæстытæ райгом кодтон æмæ йæ бамбæрстон: бон цъæхтæ кæнын райдыдта. Ме знæгтæ цы фесты, зæгъгæ, кæсын, æмæ егъаудæр бирæгъ чи у, уый, кæцырдыгæй æрбацыдысты, уыцырдæм нæ, фæлæ дæлæ иннæрдæм араст, иннæтæ дæр сæргуыбырæй йæ фæдыл ныххал сты. Уалынмæ мыл хуры тынтæ андзæвыдысты, цыма мæм хæрзæггурæгаг фесты, цыма мын ныфсæвæрæг уыдысты, уыйау.

Кæсын, ныр та мæ цæстытæ нал цъынд кæнынц, æмæ дын уæртæ Розæ разæй згъорæгау кæны, чидæртæ ма йæ фæстæ. Мæ цин равдисын мæ бон ницы хуызы уыд, æрмæст сæм кæсын.

Мæ цурмæ куы æрбахæццæ сты, уæд Розæ дзыхълæуд фæкодта æмæ ныддис кодта:

– Кæд ма исты зонын, уæд йæ голджытæ мæнæ ацы тæккæ ран уыдысты...

Дыууæ лæджы ма йемæ, уыдон æй æрбайййæфтой, бæласы алыварс æрзылдысты æмæ загътой:

– Мæнæ ма кæсут... Ам бирæгътæ уыди, йæ хызын ын саубыны пырх ныккодтой, мæнæ йæ голджыты скъуыдтытæ дæр...

– Ау, æмæ йын йæ дзыккутæ дæр бахордтаиккой?

Йæ хъæлæсæй базыдтон мæ сыхаг, милицæйы кусæг Руслаиы.

Розæ йыл сбустæ кодта:

– Йæ дзыккутæ та ма дæ цæмæн хъæуынц? Æнæ дзыккутæ дæр ма йæ куы ссариккам.

Æмæ йæ уæд бамбæрстон: уыдон æнхъæлынц бирæгътæ мæ бахордтой, зæгъгæ.

Сыхъуыст мæм Галяйы ныхас дæр:

– Æмæ уæд йе стджытæ ам нæ уаиккой?..

Цы чындæуа, хæрдмæ куыннæ скæсынц? Мæ бон базмæлын нæу, иунæг сым скæнын дæр. Ноджы диссагдæр та уый уыд, æмæ мæ цæссыг дæр нал калди, скæуын нæ фæрæзтон.

Цыдæр ныхæстæ ма акодтой, стæй бирæгътæ кæцырдæм аивгъуыдтой, уыцырдæм фæцæуынц. Сæхимæ аздæхдзысты, ныууаддзысты та мæ, зæгъгæ, бынтондæр фæтарстæн, æмæ уæд мæ фæстаг тыхтæ æрæмбырд кодтон, мæнæ хæрæджы къæлæу куыд ныууаса, хъихъырыхъо уыди, цы уыди, хæйрæг æй базонæд, фæлæ мæ цыдæр хъыллист райхъуыст. Уый фæстæ мын дохтыртæ загътой, дæ хъуыры, дам, цыдæр цъар мидæгæй аскъуыди, æз уый абон дæр æнкъарын, хæргæ-хæрын мæ хъыгдары.

Æмæ уæд фæдисæттæ фæстæмæ фæзылдысты, бæлæстæм хæрдмæ кæсгæйæ. Куы мæ ауыдтой, уæд мæ алыварс сæ цины хъæртæй байдзаг. Уый фæстæ иууылдæр ард хордтой, сомы кодтой, мæнæ, дам, зæрватыччы ахстон куыддæриддæр вæййы æддейы, раст, дам, афтæ зындтæ цъыфæй къæхты бынæй сæрмæ.

Руслан бæрзонд лæппу уыди, фыццагдæр цы къалиумæ æххæссыд, ууыл йæхи сивæзта, мæ къæхты онг куы схæццæ, йæ рахиз къухæй цъыф иуварс куы акалдта æмæ йæм мæ сырх дзабыртæ куы разындысты, уæд ныхъхъæр кодта:

– Мæнæ ис!..

Уыцы хъæрмæ æз бауадзыг дæн, цы фæдæн, уый нал базыдтон. Мæ мады мады кæлмæрзæн уым къалиуыл бастæй баззади, фæстæдæр мын Розæ дзырдта, Руслан, дам, йæ дзыппæй хæрынкъа фелвæста, кæлмæрзæны æлхынц куы ахауын кодта, уæд æм хъæр кæнын, дзыккутæ ма алыг кæн, зæгъгæ, райхал сæ. Зæхмæ мæ куыд æруагътой, цы хуызы, уыдæттæ дæр нæ бамбæрстон, Лескены рынчындоны куыд балæууыдтæн, уый дæр. Æнæхъæн дыууæ мæйы дзы æрдаудтон, уыйас рæстæг мæ дзыхæй не сдзырдтон, искæйы ныхæстæ хъуыстон, истæмæй мæ-иу куы фарстой, уæд-иу мæ дзуапп гæххæттыл ныффыстон...

Гъе ахæм диссæгтæ мыл æрцыд, Дамир, иуæй-иутæ мæнæ хæсты дæр ахæм тарст нæ баййафынц. Уым мæ хъæды бирæгъты амæддаг чи ныууагъта, уыцы фыд-зонд Зауыр та мæм æгæрмæгуыр рынчынфæрсæг дæр не ‘рцыди, цы фæдæ, зæгъгæ, мæ фæрсгæ дæр никуы бакодта. Никуы йын ницы загътон, мæ бæсты йын Уæллаг, цы хъуыдис, уый загъта æмæ бакодта... Уæдæй фæстæмæ уыцы сырд ме ‘мгæрæтты дæр никуыуал ауад, мæ фыны дæр æй никуыуал федтон, æнæхайыр фæуæд...

ЦЫ МЫН ДЗЫРДТОЙ ЦУАНÆТТÆ...

Цуанæтты хæдзарады раздæры директор Хъуппеты Алыксандр:
«Йæхицæй зондджындæр тугдзых нæй...»

1

Уыцы адæмон æмбисонд зондзынæ, Дамир... Бирæгъы, дам, йæ къæхтæ дарынц. Æмæ йæ размæ та цы схойы, уый зоныс? Йæ гуыбын! Уæллæй, æз дын зæгъын: бирæгъæй æнæфсисдæр сырд нæма райгуырдис. Афæдзмæ бахæры тоннæ æмæ æрдæг æрмæст дзидза, иу бонмæ дзы хауы цыппар килограммы. Фæлæ куы æгæр хæрдджын вæйййы, куы та æгæр æххормаг. Æххормагæн та у тынг фæразон. Иу рагуалдзæг нæ цуанæттæ амардтой иу зæронд бирæгъы, æмæ йæ куы бастыгътой, уæд ын йæ ахсæны банымадтой авдсæдæ стæджы муры, иуæй-иутæ дзы

тынг цыргъ. Уымæй размæ уæлæ Хъобангомы ногзад байраг бахордта. Æхсæрысæры иу кæмæндæр æхсæвы сæ куыдз цыдæр фæцис сæ кæртæй. Æрбадæлдзæх. Дыккаг бон дын уыцы хъæуккаг цуанон Магкæты Амырхан иу стыр бирæгъы куы амарид. Йæ царм ын бастигъæм, зæгъгæ, æмæ йын йæ гуыбын дæр кардæй сфастой, æмæ дын уыцы сæфт куыдз йæ хуылфы куы разынид. Æвæццæгæн, сырд афтæ æххормаг уыдис, æмæ гыццыл куыдзы æрдæгæууылдтытæй аныхъуырдта. Нæ цуанæттæй иу афтæ тынг ницæуыл дис кодта, бирæгъы бон цас хæрын у. Афтæ-иу загъта:

– Уагæры уый цавæр ахсæны хицау у, резинæйæ конд ын у æмæ ивæзгæ кæны?

Æз мæхæдæг æдзухдæр афтæ æнхъæлдтон, цыма бирæгъ дзидза йеддæмæ ницы уарзы, цалынмæ йæ нæ федтон, уæдмæ. Иу мæйрухс æхсæв ме ‘мбал цуанонимæ дыргъдоны бæлæсты æхсæн хосы æмбатъæйы сæр хуыссæм, уынæртæм хъусæм. Уалынмæ дын нæ фале дыууæ дынджыр бирæгъы куы ‘рлæууид. Ме ‘мбал йæ дыууæхстонмæ фæлæбурдта, фæлæ йæ æз нæ бауагътон, фæлæуу-ма, зæгъын, бакæсæм уал сæм, цымæ дарддæр цы кæниккой. Æмæ дæлæ диссаг! Бæласы бынмæ чи æрызгъæлд, уыцы æмбыд фæткъуытыл ралæууыдысты, сæ зæрдиаг хæмц-хæмц махмæ дæр хъуысти. Иу бæласæй иннæмæ цыдысты, стæй фæаууон сты, æмæ ма сæ уæд фæнды æхс, фæнды – нал.

Адджинæгтæ дæр бирæ уарзынц. Мæнæ ма быдыргæсты бафæрсут, æхсæв уын, зæгъ, уæ харбызты хуымтæ чи бассæнды. Бирæгътæ... Харбызæй хуыздæр сын мацы ратт. Сæ тæккæ рæгъæдтæ сын равзарынц, дыууæ дихы йæ акæнынц, сæ хъæппытæ сын бахæрынц. Суанг æрыскъæфтæ дæр ма хæрынц.

Бирæгъ куы нызззайы, уæд мады дæр æмæ ноггуырд къæбысты дæр хæссы нæл бирæгъ. Зæгъæм, цуаны ацыд, исты сын æрбахæссон, зæгъгæ, фæлæ афтидæй æрбаздæхт. Уæд ын сыл бирæгъ суомын кæны, йæхæдæг сусæгæй кæмдæр цы мысты мур бахордта, уый дæр. Се ‘гъдау ахæм у. Къæбыстыл 2–3 мæйы куы рацæуы, ома фылдæр хæрын куы райдайынц, æмæ сын нæл бирæгъ цы ‘рбахæссы, уый сын фаг куы нал фæкæны, уæд цуаны ацæуы сыл бирæгъ йæхæдæг дæр. Æмæ уæд уыцы рæстæг уыдон уæлдай æгъатырдæр вæййынц, ницæуылуал фæауæрдынц, иннæ хъæддаг сырдтæн сæхиуыл дæр.

Иу ахæм миниуæг ма сæм ис. Мæнæ фосы дзугмæ балæбурдта, зæгъгæ, уæд ын хæрынмæ иу фыс дæр фаг вæййы, æгæр бирæ дæр ма йын у иу хæрдæн, афтæмæй та амары иу хаттæн дыууиссæдзы бæрц, сæ хурхуадындзтæ сын атоны.

Цæмæн афтæ кæны?.. Уымæн, æмæ уæд йе ‘цæг зыддзинад чи у, уый парахатæй ссудзы. Адæймаг цуанæттæ дæр афтæ сты. Зæгъæм, цуаны ацыди, зæгъгæ, уæд ын иу хуы фаг у, фæлæ бирæтыл куы сæмбæлы, уæд дзы æфсис нал фæзоны, ралæууы сыл.

Мæн арæх баййарынц чидæртæ, бирæгътæ, дам, афтæ арæх цæмæн ниуынц. Мах тæрсын кæнынц, æви сын æххормаг кæй у, уый февдисынц? Зæгъын, иу дæр нæ æмæ иннæ дæр... Фæлæуу-ма, Дамир, æз дын мæнæ иу скъуыддзаг бакæсон, бирæгъы тыххæй мæм цы чиныг ис, уымæй. Тынгдæр дæ цæмæй бауырна, уый мæ фæнды. Кæс-ма... Мæнæ 58-æм фарсыл афтæ фыссынц: «Æнтыстджын цуаны фæстæ бирæгътæ сæ цæрæн бынæттæм раздæхынц, сæ гуыбынтæ дзидзайæ сæ тæккæ дзаг, афтæмæй. Йæ иу хай йын сæ лæппынтæн суомынц, æмæ уыдон дæр сæхи бафсадынц хъарм, сыгъдæг, æрдæгæууылд дзидзайæ. Уый фæстæ бирæгъты дзуг зæххыл йæхи æруадзы, цæмæй сæ фæллад ссæуа, æмæ уыцы рæстæг сæ иу уынаффæ рахæссы: ницы хъуаг стæм, абон уал нын бухъцард ис, зæгъгæ, афон нын у ныззарынмæ, йæ хæмхудтæ фæхъил кæны арвмæ æмæ дæргъвæтин нынниуы, зæрдæриссæн ниуд. Иннæтæ уый фехъуыстой цы! Сæ къæдзилтæ фæхъил кæнынц, йæ алыварс амбырд вæййынц æмæ уасыс ма – нал. Ахуыргæндтæ дæр æй нæ зонынц, уый сын цы миниуæг у, уый. Чи зоны, ахæм хуызы уыдон фæсидынц, цуаны сын фæсте чи баззад, уыцы æмбæлттæм, науæд та сæ сыхаг бирæгъты дзугтæм, цыдæр тас сæм фæцæуы, зæгъгæ, æмбарын фæкæнынц. Чидæртæ та фæзæгъынц, зæгъгæ, дам, уыдонмæ дæр мæнæ адæмы хуызæн зарын æрцæуы...»

2

Бирæгъ сырдтæн се ‘ппæтæй зондджындæр у. Лæг куы фæзынди, уæдæй абонмæ уымæн йæ фæдыл зилы æмæ дзы йæхицæн бирæ хиндзинæдтæ райста. Æз хъæугæрон цардтæн, нæ цуры стыр æрх уыдис. Иу мæйрухс æхсæв дын мæм мæ мад хъæр кæны:

– Гъей, уæртæ лæппу, дæлæ нын бирæгъ нæ хуыйы фæтæры!..

Мæныл уæд 12–13 азы цыдаид. Куыд дæсны архайдта, уымæма кæс! Йæ хъусыл ын дæндагæй ныххæцыд, йæ къæдзилæй та йын йæ фæсонтыл ралæууыд æмæ йæ афтæмæй размæ тардта. Æз æй фæсте асырдтон, тынг ныхъхъæр кодтон, стæй йыл дур фехстон, ауад ыл æмæ йæ уæд феуæгъд кодта...

Бæх чи у, бæх, уый йæ байраджы бирæгъы дзыхмæ æнцонтæй нæ ратдзæнис, хъахъхъæнгæ йæ фæкæны, уæлдайдæр нæл бæх. Байраг та æууæндаг у, бирæгъ йæ фæдыл бирæ фæзилы-фæзилы æмæ йæ хибарæй куы ссары, уæд æм хæстæг бацæуы, йæ быны атулы, йæ къæхтæ йæм фæтилы, стæй фесты, иуварс азгъоры, зæххыл та ногæй атулы, æмæ та йæм цымыдис, æнæфенд, æууæндаг байраг базгъоры. Иудзырдæй, иннæ бæхты цурæй йæ иуварсмæ асайы, стæй йæм фæлæбуры, йæ гуыбыны цъар ын астигъы, йæ хурхуадындзтæ йын атоны. Ныууадзы йæ уым, стæй йæм æхсæвы æрбацæуы æмæ хæрыс ма – нал...

Иу райсомраджы цалдæрæй хуытыл цуаны ацыдыстæм. Мит – уæрджытæм. Кæсæм, æмæ хъæды фæтæн æрдузмæ иу рувас рагæпп кодта, æмæ дзы цы иугай пыхскъутæртæ уыдис, уыдонæй иуы бын амбæхст. Уалынмæ дын фондз бирæгъы фæзынд, уыдон сырдтой рувасы. Куы нал æй уыдтой, уæд алырдæмты акæстытæ кодтой, митыл кæрæдзийы фарсмæ æрбадтысты. Мах сæм бинокльтæй кæсæм. Мæнмæ хорз зынд, стырдæр бирæгъ, æвæццæгæн уый уыдис сæ раздзог, иннæтæн йæ хъустæй цыдæртæ куыд амыдта, уый. Цы бакуыстой?.. Дыууæ бирæгъы дзы фæхицæн æмæ, рувасы фæд кæдæм бахæццæ, уырдæм бахъуызыдысты. Мах дæр æй уыдтам, уыдон дæр: фæд уырдыгæй нал рацыд, рувас уым ис. Æмæ уæд сæ иннæ æмбæлттæм сæ хъустæ батылдтой, æмæ уæд – уыдон пыхсæн йæ ацы фарс, адон та йæ фале – уыцы пыхсмæ бырын райдыдтой. Рувас сæ бафиппайдта, уырдыгæй – сæррæтт, фæлæ фале цы дыууæ сгарæджы уыд, уыдон æй сæ быны анорстой. Раздæр æм хистæр бирæгъ бацыд, фыццаг ныкъкъæмсы бар уый уыд... Се ‘ппæты фаг дæр сси, афтид къæдзил ма дзы аззад...

3

Йæ азтæм гæсгæ зæрондæй, кæнæ, йæхи æгъдауæй чи амæлы, ахæм бирæгъы мард нæ цуанæттæй нырма никуыма ничи

ссардта. Куыд кæнынц, уымæ-ма кæс... Йæ мæлын афон æрцæуы, зæгъгæ, уæд йæхицæн рагацау сусæг бынат ссары, рувасы хуынчъы дæр бабыры, исты рох лæгæты дæр. Иудзырдæй, адон сæ мæлæт фæзонынц. Иу хатт иу фыййауы фарстон, зæгъын, чи амæлы, уыцы бирæгъ цы фæвæййы.

Цæй тыххæй йæ афтæ фарстон? Кæддæр уæлæ Уыналы сæрмæ Холысты фос хызтам, нæ колхозы фос. Уыгæрдæн уыди стыр, дæрдтыл æрзылд, йæ тæккæ астæу та – цъымара. Фæззæджы, бæлвырддæрæй та сентябры кæрон, уырдыгæй раскъæрдтам бæхтæ æмæ хъомвосы, фыстæ ма уым баззадысты. Æрмæст ма дзы иу къуылых сохъхъыр бæх ныууагътам, фырнæрдæй хæлдис, æмæ уый, æвæццæгæн, бирæгътæ дæр зыдтой. Боныцъæхтыл æм бацыдысты, фæрасур-басур æй кодтой, уый сын ахсын нæ куымдта æмæ йæ уæд цъымарайы астæумæ батардтой, æмæ уым куы ныссагъд, йæ къах сæфтауын куы нал куымдта, уæд æм йæ сохъхъыр цæстырдыгæй бахъуызыдысты.

Не ‘мбæлттæй йæ иу уæлæ рагъы сæрæй кæддæр-уæддæр ауыдта æмæ нæм ныхъхъæр кодта, рæвдздæр, дам, дæлæ нын Котиччы, афтæ йæ хуыдтам, бирæгътæ хæрынц. Дыууæ стыр куыдзы нæм уыд, иу дзы Бури хуынд, иннæ та Авган. Карабин мемæ раскъæфтон, куыйтæ мæ разæй, ноджы тæф бамбæрстой æмæ ма сæ уæд чи байиафдзæн. Бирæгътæ сæ куы ауыдтой, уæд дзы дыууæйæ лидзæг фесты, иу ма дзы баззад, тых ратон-батон кæны Котиччы фæрстæ, стæй æрæджиау уый дæр фæлидзæг.

Доны сæрты нарæг хъæдын хид уыдис, æмæ уырдæм куыддæр бахæццæ ис, афтæ йæ æз фехстон, фæцудыдта, стæй фæйнæджыты зыхъхъыры ныххаудта. Фыййæутты фæлладуадзæн бынатмæ йæ æрбаластон, бастыгътон æй, стæй йын йæ дзыхмæ фæкомкоммæ дæн æмæ дзы зыбыты æртæ дæндаджы йеддæмæ нæ разынд. Зæронд уыдис, хæрз зæронд, Котиччы фæрстæ тонын дæр ын уымæн нæ куымдтой, нæ бафсæсти æмæ иннæты фæстæ дæр йе ‘намондæн уымæн аззад.

Уыцы фыййауæн æй радзырдтон æмæ мын уæд уый загъта, зæгъгæ, дам, ахæм бирæгътæн сæ дæндæгтæ хауын куы райдайынц, уæд бирæ нал ацæрынц. Куыд мын радзырдта, афтæмæй уый иухатт хъæды æрбацæйцыд æмæ йæм зыгъарæджы хуынкъæй хъæрзын райхъуыст. Хæстæг æм бацыд, даргъ уис дзы батъыста, барæхуыста, æмæ дзы бирæгъ ис, уый уымæн йæ

хъæрзынæй базыдта, мæлынмæ бабырыд уырдæм. Сæхгæдта йын йæ хуынкъ, стæй йæм дыккаг бон белимæ æрбацыд, ракъахта йæ, бирæгъы дзы раласта æмæ йын уым йæ замманай царм бастыгъта...

4

Бирæгъ куыдзæй афтæ фæзæгъы: æппындæр, дам дæ тæрсгæ нæ кæнын, æрмæст, дам, мын дæ рæйын хъыг у. Лæгæй та, дам, афтæ фæзæгъы: лæг, дам, тынг зонджын у, æцæг, дам, фæстæмæ нæ кæсы. Лæгмæ бирæгъ нæ уæнды, фæлæ йæм хъару бирæ ис æмæ йæ раздæр йæ иу сынæгæй сцæвы, афæлдахы йæ, стæй йын уæд йæ хурхмæ фæлæбуры. Лæг æмæ бирæгъ сты кæрæдзийæн дыууæ æнæуынон знаджы, никуы бафидаудзысты, кæд æрмахуыр кæнын хатгай бакомы, уæддæр.

Иухатт мын иу цуанон мæнæ ахæм хабар радзырдта. Бирæгъы лæппын сæхимæ æрхаста æмæ йын хом дзидза æппындæр нæ лæвæрдта. Хиконд дзулæй дæр-иу æй бафсæстой. Дынджыр куыдзы йас сси æмæ-иу æй йемæ цуаны дæр акодта, фæстæмæ-иу дыууæ хæларау хъæумæ æрыздæхтысты. Иу изæр та æхсæвæддæ ацыдысты. Æз, дам, сугтæ æрæмбырд кодтон, арт бандзæрстон æмæ йæм хæстæг сбадтæн. Куыдз-бирæгъ раздæр мæ чъылдыммæ сбадт, стæй сыстад, кæдæмдæр ацыд æмæ цасдæры фæстæ донластæй æрбаздæхт, артмæ хæстæг бацыд, йæхи ныттылдта, архайдта, цæмæй йæ доны æртæхтæ зынгтыл хауой, ууыл. Стæй та ногæй ацыд, æрбаздæхт æмæ æрдæбоны хуызæн арты сæрмæ йæхи стылдта. Ныр, дам, æз уæдмæ ницæуыл гуырысхо кодтон. Фæлæ æртыккаг хатт куы аздæхт, уæд, дам, загътон, ай дзæгъæлы афтæ нæ кæны, ам цыдæр уыдзæн. Йæ быны тыд цы дзаумæттæ уыд, уыдон арты фарсмæ ныууагъта, суджы стыр лыггаг дзы сæвæрдта æмæ йæ æрæмбæрзта, цыма дзы исчи ис, уыйау, йæхæдæг бæласы сæрмæ сбырыд æмæ уырдыгæй кæсы, цымæ, дам, дарддæр цы уаид.

Бирæгъ та ноджы хуылыдздæрæй фездæхт, арты сæрмæ йæхи бауыгъта, зынг дзы куы нал зынд, уæд, лæг кæм хъуамæ хуыссыдаид, ууыл йæхи ныццавта, дзаумæттæ иуварсмæ фехста, фæлæ дзы суг куы разынд, уæд йæ фæстæгтыл æрбадт æмæ, дам-иу арвмæ куы нынниудта. Æмæ йæ уæд лæг бамбæрста: ахæм уавæрты, ома тар æхсæвы, арты тæвдмæ, адæймаджы тавсмæ, уымæн йæ сырддондзинад ногæй райгас ис, уыцы уысм дзы

фæстæмæ бирæгъ рауад æмæ суанг йе схъомылгæнæджы дæр бахордтаид.

Æргæрах æй кодта цуанон бæласы сæрæй, афæлдæхта йæ арты фæстаг хъарм цæхæртыл. Йæ царм ма йын бастыгъта. Уымæн зæрдæ нæ хъуыдис, Дамир?..

Тæмискъаг Ботъоты Æхсар:
«Æз сæ мæхи Уæлладжыргом хъахъхъæнын...»

Бирæтæй арæх фехъусæн вæйиы, бирæгъ, дам, æрдзы санитар у. Нæу, уæллæй, нæу! Æз уыдонимæ разы нæ дæн. Лæг хъæуы куы цæра, фосы куыстæй йæ бинонты куы дара æмæ дын уыцы сырд та стыр фыдбылызтæ куы араза, уæд æй ды санитар не схондзынæ. Уый афтæ фæдзурынц, горæты чи цæры, уæлæ кæцыдæр уæладзыгæй бынмæ чи фæлгæсы, уыдон. Уый, ай-гъай, худæджы хос у, хъæздыг, бухъцардгæнæг адæмæн. Уæллæй, бирæгъ ахæм сырд у, æмæ йæ, зæгъгæ, йæхи бар фосмæ бауадз, уæд, цалынмæ йæ цæрдæг æфсæртæ нæ бафæллайой, уæдмæ æргæвддзæнис æмæ æргæвддзæнис... Иу дзырдæй, Дамир, баууæнд мыл, мæгуыр лæджы фыдбылыз у, стæй хъæды фыдбылыз дæр, мæнæ махмæ хохы сырдтæн сæхицæн дæр.

Æз сыл мæхæдæг, раст дын куы зæгъон, уæд æрæджиау кæддæр фæцалх дæн цуан кæныныл. Æхсайæм азты æмбис уыдис уый. Айхъус – æмæ та уæлæ уым æмæ уым бирæгъ заинаг хъуджы аргæвста, кæнæ та байраджы хурх бахсыдта, науæд рæгъаугæсты хъыгдары... Мæхинымæр, адон æрдзы фыдбылыз куы сты, мæгуыр хохаг лæджы мæгуырдæргæнæг, æмæ сæм уæд топп райстон. Кæдмæ сæм уæдæ афтæ кастаин?

Ам махмæ, Уæлладжыргомы, иу æрцæуæг цуанон уыдис, уырыссаг лæг, Гришаев, зæгъгæ. Æз дын уымæ иу ахæм бон куы бацæуин, зæгъын, исты уынаффæ мын бакæн. Уый мын, æвæццæгæн, мæ уæрхмæ дæр æмæ мæ дæргъмæ дæр æркаст æмæ дын афтæ куы бакæнид:

– Лæппу, ныууадз, ды сын ницы бакæндзынæ!

Фæхъыг мын ис. Ницы йæм сдзырдтон, фæлæ мæхинымæр бахъуыр-хъуыр кодтон: «Кæд дæу бæрц нæ сарæхсон, уæд цæмæ цæрын?»

Æмæ уæд райдыдтон. Афтæ райдыдтон, Дамир, афтæ, æмæ

иуцасдæры фæстæ уыцы Гришаев æмæ йе ‘мбæлттæ дæр сæ гæрзтæ æрæвæрдтой, Æхсары фæстæ, дам, мах ам ницыуал хъуыддаг ис... Фыццаг бирæгъ куыд амардтон, уымæ-ма хъус. Мартъийы райдиан, сæ хъазын афон куы фæвæййы, уæд уæлдай къæйныхдæр, уæлдай æдзæсгомдæр вæййынц, бонсихорафон дæр-иу хъæуы фосмæ балæбурдтой. Не ‘рвадæлты лæгмæ бирæ фыстæ уыди, йæхæдæг сæ-иу уæлæ Мызуры сæрмæ хъæуы æрдузты хызта, ардыгæй сæ-иу 3–4 километры æддæдæрмæ аскъæрдта. Мæ зæрдæ йæм æхсайдта æмæ йын иу бон афтæ, зæгъын, Зауырбег, демæ гæрзтæ хæсс. Æмæ, дам, мæ цæмæ хъæуынц, ныр ма, дам, ахæм адæймаг, стæй ахæм сырд нæма райгуырд, мæнмæ чи бауæнда. Хынджылæг кодта. Цы æрцыди, уымæ-ма кæс. Иу бон ын бирæгъ æнæхъæн æртындæс фысы аргæвста. Зауырбег æй тыххæйты лæдзæджы æххуысæй асырдта, фæлæ уæдмæ иннæ бирæгъ æндæрырдыгæй æрбахъуызыд, иу уыйбæрц та уымæн бантыст.

Дыккаг бон дын кæсын, æмæ Зауырбег топпимæ фæцæуы йæ фосы фæдыл. Зæгъын, цæй, куыд у, кæстæры зондмæ дæр хатгай хъусын фæхъæуы. Уыцы æнкъардæй мæм æфсоны худт бакодта. Ууыл 3–4 боны рацыд, æмæ уыцы бирæгътæй иу нæ сыхæгты кауы сæрты æрбахызт æмæ дæ балгъитæг афтæ: аст мадæл фысы уыдысты, стæй нал уыдысты. Сæумæдæвдæгæй мын хæдзары хицау мæ рудзынг ныххоста...

Æз айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, фæлæ ме ‘рвадæлтæй дыууæмæ бадзырдтон, иу дзы Тимофей хуынди, мæнæй гыццыл хистæр, иннæ та Костя, мæнæй кæстæр, зæгъын, уæхи арæвдз кæнут æмæ сæ фæдыл цомут. Уый уыдис 11 мартъийы. Æхсæвы чысыл рагæбына кодта æмæ йын йæ фæд ахастам. Цалдæр боны размæ, нæхи Зауырбеджы фыстæ кæм бахæрдæуыд, уым иу бирæгъы сæйæфтам. Кæсын, æмæ дын дæлæ æрдæгхæрд далысы дарддæр хæры. Фехстон æй, акъуырдтон æй, цæфæй, йæ туг калгæ, фаллаг фарсмæ фæлидзæг, фæлæ уым хæрдмæ йæ бон сызгъорын нæ баци, фæстæмæ йæ гуыбыны цъарыл æрбырыд, бæзджын цъыхырыйы балæсыд, хорз мæм зынди æмæ йыл уырдæм ралæууыдтæн.

Рахастам æй уырдыгæй, æркастæн æм æмæ ме ‘мбæлттæн зæгъын, ай хъæуы чи уыд, уыцы бирæгъ нæу. Нæ мыл æууæндыдысты. Уый уырдыгæй æфсæстæй ралыгъд, æфсæст бирæгъ та зæронд дзидзамæ нæ февналы, ай æндæр у, мæ сæр уын лыгмæ дæттын. Уæдæ, дам, куыд...

Фæдæвзарæн сходтам: хъæууаты сæрты нæ ахызтис. Æмæ уæд нæ кæстæр Костяйы комкоммæ ныххизын кодтон, зæгъын, хъæргæнгæ, æхситтытимæ, уынæргæнгæ цæугæ, цæмæй бирæгъ дæлæрдæм нæ, фæлæ къæдзæхрæбынты лидза, йæ фæдыл куы бафтай, уæд-иу фæдфæдыл дыууæ æхсты фæкæн æмæ йæ уæд мах зондзыстæм, дарддæр нæ цы кæнын хъæуы, уый.

Уырны дæ, фондз минуты дæр нæма рацыд, афтæ мæ дæле Тимофейырдыгæй къæхты хъæр ссыд: сырд уыцырдæм барæдыд. Тимофейæн уый æнæнхъæлæджы уыд, йæ мидбынаты змæлгæ бакодта, æви цы уыди, æрмæст æй къæрцхъус бирæгъ бафиппайдта æмæ уæд мæнырдæм фездæхти, йæ тарст цæстытæ абон дæр ма мæ цæстытыл уайынц. Хъавгæ систон топп, ме ‘нгуылдз уазал æргъæвæгыл æрæвæрдтон, æмæ мæм куыддæр фемдзаст, афтæ йыл æй суагътон. Фæуæлгоммæ ис, мæнæ йæ цыма тыхджын дымгæйы уылæн фæфæлдæхта фæстæрдæм.

Иудзырдæй, уыцы бон фыццаг дыууæ бирæгъы амардтон. Коммæ сæ нылластам пыхсытыл, бастыгътам сæ æмæ раст байраджы йæстæ уыдысты, байраджы йæстæ! Цæрмттæ не ‘ккойы радыгай хъæумæ фæхастам, æхсæруистæй быд каутыл сæ райтыгътам, æмæ уæд мæ хистæр лæппуйы ме ‘рвад Зауырбегмæ нырвыстон, суайæд ма, зæгъын, уадз æмæ сæ цуры арауайбауай кæна, кæд ын фенцондæр уаид. Гъе афтæ райдыдтон...

Иннæ хатт ме ‘мбал Сохиты Дзаххоттимæ Ходы æфцæгыл ахызтыстæм, уым Суæртты комы Созайты скъæтуаты колхоз бæхтæ дардта. Баййæфтам дзы Сындзыхъæуы рæгъаугæстæ Бекъойтæй иуы, йæ ном ын, æвæццæгæн, уал азы фæстæ нал æрхъуыды кæндзынæн, æмæ Сосранты Андрейы, æртыккаг та уыди Дзиццойтæй, кæд нæ рæдийын, уæд Барис хуындис йæ ном. Уыдон нын куыд радзырдтой, афтæмæй ком иууылдæр холыйы бын фæцис, алы æхсæв дæр, дам, нæ куы иуы, куы иннæйы бæхы дыууæ стыр бирæгъы аргæвдынц. Æмæ, зæгъын, уæ иннæ æмбæлттæ та кæм сты. Æмæ, дам, районы хицауадмæ фæдисы ацыдысты...

Рацыдыстæм уырдыгæй Дзаххоттимæ æмæ уæллоз къæдзæхы рæбын бирæгъты дыууæ къахвæды ссардтам. Иу дзы над, мæнæ йыл цыма исчи пыхсытæ ласта, ууылты хастой сæ къæбыстæн хæринаг. Ууыл нæхæдæг ацыдыстæм, иннæ къахвæндагыл къæппæг ныуагътон, цымæ, зæгъын, цы уаид. Цæуæм, цæуæм, æмæ иу ран зæронд сывылдз бæлас фæлдæхтæй лæууы, æмæ йыл фæгуырысхо

дæн. Зыдтам æй, ахæм бæлас кæм вæйиы, уым хæстæг цъымара ма уа, стæй хъамылтæ, уымæн уæвæн нæй. Æрбадтыстæм æмæ хъусæм: бирæгъы лæппынтæ хæринаг куы фæкурынц, уæд цавæр уынæр фæкæнынц, ахæм уынæр цæуы. Сниуæгау, схъынцъым кæнынц, æмæ та сæм уæд хистæр, æвæццæгæн, фæхæпп кæны.

Дзаххотт, зæгъын, дæ мидбынатæй мауал фезмæл. Хохаг адæм хъæды цæуын нæ зонынц, сæ къах хъæр кæны. Мæхæдæг сывылдзы цурмæ ныхъхъуызыдтæн æмæ мæ, æвæццæгæн, мæ тæфæй бамбæрстой, æмæ бæласы мæрайæ дыууæ дынджыр бирæгъы расæррæтт кодтой, комкоммæ мæм ныккастысты. Мæхинымæр, цалынмæ мыл сæхи не ‘рбаппæрстой, уæдмæ куы фæразæй уаин. Раззаджы, нæл бирæгъы, фехстон æмæ уый фæфæлдæхти, фæлæ иннæ, сыл бирæгъ, фæстæмæ фæзылд æмæ хуыккоммæ ныллæсти, ацу æмæ йæ ныр агур.

Раздæхтыстæм уырдыгæй æмæ нæ фæндагыл, Æхсынцъыйады дон кæй хонынц, уым нæ бирæгъы куыддæртæй бастыгътам. Цас тухæн фæкодтам, уый куы зонис, Дамир, уæд нын тынг фæтæригъæд кæнис. Бындз, мæнæ хæцаг бындз чи у, куырм бындз дæр ма йæ хонынц, уый нын нæ туг банызта, сæ сурынæн нын-иу къæхтæ æмæ къухтæ дæр нал фаг кодтой.

Æрæджиау кæддæр-уæддæр уæлæмæ Созайты скъæтуатмæ ахæцыдыстæм, уыцы уæззау царм дæр та радыгай фæхастам. Ссыдыстæм æмæ нæм рæгъаугæстæ «хæрзæггурæггаг» фесты: дысон та нын бирæгъ нæ байрæгтæй иуы къубал ахауын кодта. Мæ зæрдæ, къæппæг кæм сæвæрдтон, уыцы къахвæндагмæ фехсайдта æмæ уырдæм иунæгæй стырындз дæн. Æмæ мæнæ диссаг: бирæгъы мард дзы адаргъ и. Æрцахста йæ мæ къæппæг йæ тæккæ хурхæй. Фырцинæй фæстæмæ рæгъаугæстæм æрызгъордтон, уыдон уым æнæмæтæй къамæй цъыкк кæнынц.

– Фæлæуут, – зæгъын, цыма фæдисон дæн, уыйау. – Дæлæ уын бирæгътæ уæ бæхты былæй æппарынц!

Ракалдысты мæ фæдыл, чи бæгъæввад, чи æнæ хæдонæй, æмæ дынджыр бирæгъы куы федтой, уæд фырцинæй уæлгоммæ ахаудысты...

Хъуыды-ма кæныс, Дамир, уæлдæр дын куы дзырдтон, сывылдзы цур мын сыл бирæгъ аирвæзти, зæгъгæ? Нæ мæ рох кодта. Зыдтон æй: йæ къæбыстæ афонмæ рувæсты йæстæ систы, хицæнтæй цæрынц сæ царды закъонтæм гæсгæ, æмæ ма уыдонæн ныр мæ бон циу, фæлæ сæ мад ногæй кæцы ран ныззадаид, уый зыдтон.

Уый размæ æхсæв фын федтон, цыма цыдæр цæрмттæ доны астæу лæугæйæ стигъын. Зæгъæм, уымæй размæ мын-иу фыны цуаны агъоммæ искæцы зæронд лæг исты куы радта, кæнæ та дзидзаимæ архайын, зæгъгæ, уæд-иу рагацау зыдтон: мæ цыд дзæгъæлы нæ уыдзæн, афтидæй не ‘рбаздæхдзынæн.

Фароны фæндагыл та, мæнæ сывылдз кæм уыд, уырдæм ссыдтæн, бахъуызыдтæн йæ фале фæлдæхт сусхъæды цурмæ. Кæсын, æмæ йæ алыварс бирæгъы фæдтæ. Мæра дзы уыд, стыр мæра, йæ хуылфмæ, гуыбыр дæр ма фæкæн, афтæмæй бацу, схуыссæн дæр дзы уыдис. Æвæццæгæн та мæ сыл бирæгъ дæр мæ тæфæй бамбæрста, æвиппайды рагæпп ласта мæ тæккæ цурмæ. Æз æм цæттæ нæ уыдтæн, мæ топп дæр ме уæхсчытæй нæма æристон, фæлæ, æвæццæгæн, фæтарстæн æмæ тынг ныхъхъæр кодтон. Фæтарсти мæ хъæрæй сырд æмæ кæмдæр хъамылты астæу фæауон, æрмæст ма тынг нынниудта, йæ къæбыстæ йæ цæмæй фехъусой, афтæ.

Уæдæ сæ мад алыгъди, зæгъгæ, мæрайы хуылфмæ уæндонæй бахызтæн. Къæбыстæ талынг къуымы бабырыдысты æмæ сæ радыгай уырдыгæй исын райдыдтон: иу, дыууæ, æртæ... Лæдзæгæй барæхой, йæ хъыллист ссæуы æмæ та йыл ныххæц, дыгай къуыритæ дæр сыл нæма цыдаид, цæстæй дæр нæма ракастысты. Ме штурмовкæйы дыууæ дысы дæр бынноз балхынцъ кодтон æмæ сæ уым баппæрстон. Аст дзы разынд æдæппæт, гæдыйы лæппынтæй зына-нæзына стырдæртæ уыдысты.

Æддейæ мæм цъиуты катай хъуысыди æмæ йæ æмбæрстон: сæ мад, стæй ма æндæр бирæгътæ дæр мæ алыварс зылдысты, фæлæ æз мæ хæцæнгарзмæ зулмæ дæр нæ ракастæн, уымæн æмæ мæ уырныдта: лæппынты сæрыл нæ рахæцдзысты. Цъиутæ-иу тынгдæр кæцырдыгæй суасыдысты, уымæй-иу зыдтон, сырдтæ уыцы минут кæцырдыгæй сты, уый. Мæнæ, зæгъæм, арс тынг налат у йæ лæппынты сæрыл тохы, иуæй-иу мæргътæ дæр лæбурын сисынц сæ лæппынты хъыгдарæгмæ, фæлæ сыл бирæгъ йæхæдæг алидзы, дардæй ма фæкæсы æрмæст... Иу дзырдæй, рахастон сæ, кæдæм хъæуы, уырдæм сæ радтон...

Æххæст ма дын, иу бирæгъæй мæхи хæдзары маст куыд райстон, уый радзурон... Сæрдыгон сæрддæргъы мæхи стуртæ æхсæвæй-бонæй хъæды æрдузы фæхизынц. Иу бон мæм мæ сыхаг хосдзау лæг Мецъаты Харитон дуар æрбахоста, йæ къухы роды цармы армыдзаг гæбаз, дæлæ, дам æй фæндагыл ссард-

тон, бирæгъы фæдтæ дæр дзы. Æз мæ лæппуйы æрдузмæ арвыстон, зæгъын, фен ма, ницы фæхъуыд нæ фосæй.

Уайтагъд æрыздæхти, уым, дам, сты хъугæй, родæй. Нæ йыл бауæндыдтæн æмæ мæхæдæг уым балæууыдтæн. Хизынц хъæуы фос, астæумæ кæрдæг мерс кæнынц. Фæлæ нæ гыццыл хъулон родмæ мæ зæрдæ фехсайдта: уый иннæтæй уæлдай нæ хъазыди, æнцад бæласы бын ныккука ис, ныдздзæллаг и. Бацыдтæн æм, йæ алыварс æрзылдтæн æмæ змæлгæ дæр нæ фæкодта. Æмæ йæ уæд федтон: йæ дæллагхъуырæй йын бирæгъ чъепс ратыдта. Уый та афтæ уыдаид, æмæ хъуг къæйных хъуг уыди, йæ роды бирæгъы дзыхæй байста.

Роды дæр æмæ йын йæ мады дæр уыцы сахат хъæумæ ракодтон, марганецдонæй йын йæ хъæдгом фехсадтам, иу мæй нæхимæ фæцис, сдзæбæх, аскъæрдтам æй фæстæмæ æрдузмæ æмæ нын æй дыккаг æхсæв бирæгътæ бахордтой, сæры къуыдыр ма нын дзы ныууагътой. Фæлæуут, зæгъын, æз уын уæ игæртæ иннæрдæм куынæ акалон! Уыцы роды тæригъæд сын куыд хъуамæ ныббарстаин? Æмæ-иу мæхинымæр Хуыцаумæ куывтон, мæ маст райсынмæ мын баххуыс кæн, зæгъгæ. Хинымæры куывдтытæ, дам, цæуагдæр сты.

Бахъахъхъæдтон æй æрдузмæ æрбауайæны. Афтæ зæрдиагæй æргъæвæгыл никуыма æрбахæцыдтæн. Куы йæ стыгътон, уæд ын йæ игæрмæ фæкомкоммæ дæн: нæмыг дзы бацыдис, сæмтъеры йæ кодта. Мæнæ, зæгъын, диссаг, мæ ныхас куыд рауадис. Æмæ, дам, Хуыцау нæй, фæзæгъынц...

Æгæр бирæ дын нæ феппæлыдтæн мæхицæй, Дамир?.. Ацы аз уæртæ Мызуры алыварс байраг бæх нал баззад, ацы тугдзыхтæ та сыл сагъуыдысты. Тæккæ знон мæм уыцы хъæуæй чидæртæ æрцыдысты, фæкæс, дам, нæм. Раст дын куы зæгъон, уæд мыл азтæ ацыд, къæхтæ зæрдæйы фæндиаг коммæ нал кæсынц, æмæ нæ хъæуы фæсивæдæн ныр кæдæй лæгъстæ кæнын, кæдæй, исчи уæ мах раивæд, бирæгъ йæ кæнон никуы ныууадздзæн, зæгъгæ. Махæн ацы ком нæ фыдæлты ком у, нæ фыдæлтæ ардæм уæртæ Цъамадæй ралыгъдысты, æндæр исчи нæм нæхи хуызæн зæрдиагæй не ‘рбацæудзæн хъахъхъæнæг.

Æз уæлæ мызуйрæгтæн æдзух лæгъстæ фæкæнын, æвзæр цуан ма кæнут, зæгъгæ. Æмæ, дам, ай нæхи ком у, куыд нæ фæнды, афтæ кæнæм. Æмæ сæ уæд æз та мæнæ афтæ бафæрсын:

– Хъуыды-ма кæнут, иу фынддæс-ссæдз азы размæ дæр ма-иу

къæдзæхты сæрæй бынмæ Мызурмæ цалгай сычъийы дзугтæ касти, уый? Дыууиссæдзгæйттæ, фылдæргæйттæ дæр-иу уыдысты. Гъеныр ма дзы абон ис?

Басæттынц:

– Нал ис.

– Æмæ дзы цæуылнæуал ис?.. Кæд нæхи ком у, уæд æй иумæ рæстæй цæуылнæ хъахъхъæнæм, куыд æмбæлы, афтæ цæуылнæ цуан кæнæм? Бирæгъы цуан уæ цардыуаджы цæмæн равзæрстат адæймаг уæвгæйæ?

Æмæ уæд гобитæ фестынц, æрмæст ма дзы иуæй-иу æвзæртæ мыхъ-мыхъ байдайынц, цыдæр æфсæнттæ ссарынц, рæстæджы аххос æй фæкæнынц, æлхæнгæ дзидза, дам, æгæр зынаргъ сси...

Фæзминаг цуанон у мæнæн мæхи æмбал Сохиты Сослан. Æз дын ныртæккæ æвдисæндарæн уымæн йæ къам ратдзынæн. Бирæгътимæ ист, бирæгъы цæрмттимæ. Мах сыл иумæ бирæ фæцуан кодтам. Уæллæй, Дамир, уарзон æмæ раст лæгимæ куы ацуан кæнай, уæд уымæн аргъ нæй, аргъ. Уæлæ ма Æрхоны ис раст ахæм хорз лæгтæ: Бæцойты Къола æмæ Тотрадз. Уыдон иуæй-иутау куыдфæндыйы цуан сæ сæрмæ никуы æрхастой æмæ сæ æз уый тыххæй мыггагмæ бузныг дæн. Æнæфсис лæг никуыдæм, никæцырдæм бæззы...

Раст дын куы зæгъон, уæд бирæгъмарæг цуанæттæн бынæттон хицауад фаг аргъ нæ кæнынц. Нæ кæнынц! Стæй адæм сæхæдæг дæр. Иузаман мæм Уæллаг Уыналы цæрджытæ фæдисæттау æрцыдысты, иу æнаккаг бирæгъ, дам нæ хурхæй мары. Стæ-ма, уый та куыд, зæгъгæ, æмæ мæ иу сыхаджы мемæ райстон æмæ йæ бонсауизæрмæ агургæ фæкодтам. Ныууадзæн ын нæ уыд... Йæ æхсæз лæппыны та йын не ‘ккæйтты рахастам. Уынгты æрцæуæм уыцы фæллад æмæ æххормагæй, дуæрттæм гъæйтт-мардзæ ирон лæгтæ бадынц, чи дзы Черчестæй уыд, чи Хъайттатæй, æмæ сæ иу дæр афтæ нæ загъта, мæнæ ма мидæмæ рахизут, исты комдзаг скæнут, уæ фыдæбон нæ рох нæу, зæгъгæ.

Æмæ уæд ме ‘мбалæн афтæ зæгъын, цом, зæгъын, дæлæ Дæллаг Уыналмæ, уым мын иу мæгуыр æрдхорд цæры Цогойтæй, Хъазыбег йæ ном (мæрдты рухсаг уæд), уый нæ æнæмæнг суазæг кæндзæн. Æцæгæй нæ цыма зонгæ кодта, уыйау нæ ныццыдмæ сæ уæларт дзидза дынджыр тебæйы цъыс-цъыс кодта, стъолыл уазал цывзыдзæхдон хъæдын къусы дзаг. Раст зæгъгæйæ сæм нозт нæ разынд, фæлæ мæнæн ахæм рæстæг

мемæ æдзухдæр спъиртты ботъыла вæйиы. Дзæбæх фæныз-там, фæсидтытæ кодтам, Уæллаг Уыналы чъынды лæгтæ дæр нæ нæ ферох сты, гормæттæ, зæгъын, уыдон цавæр æнæрхъуы-ды разындысты, цавæр...

Ныртæккæйы адæм, Дамир, цыдæрхуызон систы, диссаг сæм ницыуал кæсы, райсомы боныл нæ хъуыды кæнынц. Цуан чи у, цуан, уымæн дæр йæхи тызмæг æгъдæуттæ ис, бирæ хорз уæз-дандзинæдтимæ. Куыдфæндыйы цуан нæ фидауы. Иуæй-иутæ афтæ хъуыды кæнынц: цыфæнды дæр амар, кæмфæнды дæр æмæ цыфæнды афон дæр уæд. Абон бирæтæ сæ фырдиссагæй, сæ фырхъалæй цæуынц цуаны, нæ фыдæлтæ та-иу сæ фырмæ-гуырæй цыдысты. Райсом нын нæ кæстæртæ куы бауайдзæф кæной, гормæттæ, уый цы бакуыстат, куы ницыуал нын ныу-уагътат, зæгъгæ, уæд сын цы зæгъдзыстæм, цавæр æфсон сын скæндзыстæм? Уæздан цуан кæнын хъæуы, стæй, кæд æмæ цас, уый хъуамæ зонай, хъуамæ дæ цуаны хиндзинад ма уа.

Æрæджы мæм ныртæккæйы хъæздыг ирæттæй иу мæнæ ам нæхимæ мæ уæлхъус алæууыд, мæнмæ, дам, кусынмæ рацу, кæннод мын уæлæ Хосхæрæн уæлвæзты бирæгътæ мæ сагтæм лæбурынц, æхцайы бын, дам, дæ фæкæндзынæн. Æз та йын мæнæ афтæ зæгъын:

– Мæнæн мæ мæйы мызд, мæ къона лæппу, æртæ мин сомы дæр нæу, фæлæ уый мæнмæ сæйрагдæр нæ кæсы. Æз мæнæ мæ райгуырæн Уæлладжыргом хъахъхъæнын, мæ фыдæлты ком, æмбарыс?..

Раст ын нæ загътон, Дамир?

* * *

Цард дарддæр цæуы. Адæймæг æмæ бирæгътæн сæ фембæлд-тытæ æнусон сты. Уадз æмæ сæ тызмæг ахастдзинæдты адæй-маг баззайа Рæдау æмæ Фæлмæн Зæрдæйы хицауæй, уадз æмæ æдзухдæр уæлахиз кæна.

Октябрь, 2012

БРЫТЪИАТЫ АСЛÆНБЕГ: 80 АЗЫ

БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег

МÆ РУХС ЦИНТЫ АВДÆН

ТÆРККЪÆВДА

Арв нынæры, ма кæн джихтæ, –
Уый бæсты ныццæгъд дæ уадындз.
Сау дзиглотæ – мигътæ, мигътæ –
Хæхты фæхстыл, рындзтыл бадынц...

Байдзаг ысты уынгтæ донæй, –
Тæрккъæвда нæ хъæуыл уары,
Згъорынц сабитæ уæндонæй,
Арвы нæрдмæ систой зарын:

«Дымгæ, дымгæ, арвы къæрццæй,
Фосы дзугау, мигътæ аскъæр.
Рацу, ракæс, хур, дæ дзæццæй
Ды дæ даргъ дзыккутæ фасгæ».

Дымгæ футт кæны, фæйлауы,
Мигътæ дардæй-дарддæр лидзынц.
Хур та ног йæ тынтæ тауы,
Тынтæ доны ‘ртæхтæ уидзынц.

* * *

Кæд раст лæг бавзары зындзинад,
Кæд арæх байййафы æфхæрд,
Уæддæр йæ дин вæййы рæстдзинад,
Æфсарм – йæ зæрдæйы æвæрд.

* * *

Куыд аив, куыд дзаг ысты хæхтæ,
Уæд адæмæн ахæм бæркад,
Нæ удтæ нæ Ирæн – цырæгътæ,
Æнусты куыд нæра йæ кад!

* * *

Кæйдæр рыстæн – къуырма,
Йæ зæрдæйæ у куырм,
Йæ сæрызонд – хъылма,
Лæг нæу, фæлæ – зыгуым.

* * *

Хъæмпы мæкъуылы судзин ис ыссарæн,
Мæгуыр, æххормаг сагурдзæн къæрис.
Фæлæ зæрдæбын адæймаг хæларæн
Мæнгæрдты дуджы, марадз зæгъ – кæм ис?!

* * *

Цæугæдæттæ дæр денджызмæ фæтæхынц,
Фæлæ нæ кæнынц фурды дон фылдæр;
Æдзух фæстæмæ донгуырæнтæм здæхынц,
Тындзынц та ногæй денджызмæ уæддæр.

ДÆУÆН

Арвы
фæтæны дæр
ссарын дæ фæд.
Ехх, æмæ уарзоны
скъæфынмæ бавдæл!
Райсомтæ хъармгæнæг –
хурзæрин зæд,
Талынг æхсæвты –
мæ рухс цинты авдæн.

Амонд мын раттид
дæ иунæг ныхас...
Арвæй дын барджынæй
стъалытæ скъæфин.
Бахуд, мæ урсбазыр
балы бæлас...
Уалдзыгон хъармы
хъызт, уадæй нæ сæфин.

ЗАРАГ УД

Зараг удæн
нæу æнкъардæй тас,
уый, мæлæт,
дæ цæвæгæй нæ тæрсы,
искæй рыстæй
уый зæрдæ ныхъхъæрзы,
схъæл æлгъагмæ
рафыцы йæ маст.
Уды арт,
йæ намыс æмæ зонд,
сты фæзминаг –
рухс дæтты кæстæртæн,
алы зынты
тохгæнгæ лæгæрды,
скæны зарæг –
адæмæн нывонд.

ХУЫМГÆНÆГ

Хуымгæнæгæй нæ фехъусдзынæ хъарæг,
Йæ хуыздæр монцтæ – хоримæ æдзух.
Йæ хуымтæ сты куыстуарзон къухты зарæг.
Фæлæ йæ зæрдæ сагъæстæй нæу цух.
Йæ урс сæр фенгæ ма фенхъæл – зæронд у, –
Пехуымпар-зонд, уæнгдыхæй дæр – цæрдæг.
Фыдох дæр ын хæстон цæфтæй зындгонд у:
Хæцæнгарзæй-иу аивта цæвæг.
Фæндæгты зынтæ – бавзæрста хæстдзауæй –
Йæ уды мастæн баззадис сыгъд тау.
Йæхицæн ницы ракуырдта Хуыцауæй.
Йæ сыхæн у æфсарм æмæ æгъдау.

БÆРГÆ...

Бæргæ, мæ уд дæр
хурварсы куы бадид.
Ехх, удыконд! –
йæ фæндтæй мын – æрду!

Лæппулæгау мæ
уарзондзинад саид...
Æрлæуу! Мæ зæрдæ
рагбонтæн цырт у.

Æз – хус бæлас,
ды – цинтыл зараг суадон.
Сæудары рухс –
дæ уды фарн, æрвон.
Лæппуйау азтæ
ме ‘ккойæ æркалдтон.
Æрвитын дæм
мæ уарзты зынг – фæндон.

Ныббазыр и
дæ рухс фæдыл мæ зæрдæ.
Быгъдуан кæнын –
фæндонæй нал и цард.
Ехх, хус бæлас!
Æндæвд у уд æндæртæй.
Гæнах æркалд –
мæ салд зæрдæйыл
бандзæрстай ды арт.

МÆТ

Тарф фынæй фæллад лæджы æртухы,
Хорз фынтæй куы бафсæдин æз дæр,
Фæлæ мыл æрбаписи хъуырдухæн, –
Арв ыссыгъд, ныррриуыгъта кæмдæр.

Мæй æркасти мигъты скъуыд фæдджитæй,
Калм та уæрццы ахстонмæ лæсы.
Ис нæ царды калмзæрдæ, йæ митæй
Хицоныл цъыфкалæнтæ хæссы.

Бирæгъ сисы йе ‘ххормаджы хъарæг,
Адавы та стонг лæппынтæн фыс.
Чидæр та – æууæндаг уды марæг,
Чидæр та у йе ‘фсæстæй сырдхуыз.

Нæй æгъгъæд йæ зырзыргæнаг къухтæн –
Марджы нуазæн агурдзæн мæн дæр.
Риуы, калмау, смидæг ис хъуырдухæн,
Арв ыссыгъд, ныррриуыгъта кæмдæр.

ИЗÆРЫ ДИССАГ

Изæры хур
уæлдзарм æврæгътæ судзы,
ныббуц и суадон
уый зæрин тынтæй.
Кæд арвы цъæх
мæн уалдзæгæн нымудзы,
кæд ма цæрынц
мæ сабион сæнттæ.

Сæнайы цъуппыл,
туджы фæдау, митыл
фæстаг тæмæн
йæ уд исынмæ срæвдз,
фæстаг саламтæ
дæлвæзтæн æрвиты,
æмæ нынкъард,
ныссусæггæгтæ æрдз.

Æмыр дунейы
рухсы цъыртт фæтайы,
фæбæзджындæр –
æмбæрзы хæхтæ тар,
æврæгъты, мигъты
стъалытæ æфснайы, –
йæ фæд, йæ фæд
æрбахъуызы мæйдар.

Мæ уд – зæлдаг,
Кæйдæр рыстытыл риссаг,
куы та – æхсон,
фыдгулимæ къæйных.

Фæлæ куыд мард
изæрæхсиды диссаг,
мæ уд дæр афтæ
бамынæг – æдых.

ТУЛДЗ БÆЛАСЫ ЦУР

Тулдз ныззæронд и, нынкъард и,
Хус кæны, йæ сыфтæ згъалы;
Стыр зæрдæ йыл чидæр кардæй
Сныв кодта, йæ фарсмæ – уарди.

Арфæ нал исы бæлццонæй,
Дымгæ стынг, тæхы уынæргъгæ,
Тоны сыфтæртæ æнцонæй,
Тулдзмæ нал фæтæхынц мæргътæ.

Цæй, цы рауайдзæн мæ хъастæй,
Нывгæнæг мæнæн у зонгæ:
Уый мæхи зæрдæйы астæу
Уыцы фат ныссагъд кæронмæ.

ЗÆРВАТЫКК

Уалдзæг хурæй райгонд у,
Бацыди йæ хуызы.
Мæргъты цин та дыргъдæттæй
Бон-изæрмæ хъуысы.

Уалдзæджы мæ рудзынгмæ
Сау зæрватыкк бафты,
Зары, зары хъæлдзæгæй,
Ахстон та дзы уафы.

Хус кæрдæг æрбахæссы
Хæхты цъæх уырдыгæй,
Доны хуыпп – цæугæдонæй,
Стæй къуыбар – æлыгæй.

Телыхъæды телтыл та
Улæфы фæлладæй,
Раст цыма уый нотæ у,
Афтæ сыл æрбады.

Сабийау, æхсызгондæр
Маргъæй нæй нæ зæххыл,
Раст цыма мæхæдæг дæр
Йемæ арвмæ стæхын.

2004.22.06

Æппæлæнтæ халынц, æхцон кæмæн сты, уыдоны уаг.

Жан Жак Руссо

САЙГЕ: 900 АЗЫ

Сайге (1118–1190) астæуккаг æнусты япойнаг литературæйы ахсы æппæты кадджындæр бынæттæй иу. Хонынц æй поэзийы легендарон дæсны – мастер. Уыдис аристократ, фæлæ 23-аздзыдæй йæ сæр сæлвыдта æмæ моладзандоны уазæг йæхи бакодта. Йæ сæйраг куыст та уыди поэтикон сфæлдыстад. Ссис хæтæг лæг, фистæгæй бирæ фæзылд Японы цæгатаг хæхты æмæ быдырты. Æмбал ын уыди бæлццоны лæдзæг. Æхсæв-иу æй кæм æрæййæфта, уым-иу æрфысым кодта: йæ гобан – йæ пæлæз, йæ нывæрзæны та – кæрдæг. Фæндагыл цы уыдта, уыдон йæ зæрдæмæ арф иста æмæ-иу фæстагмæ систы поэтикон рæнхъытæ. Цæвиттон, йæ уды уидæгтæ зарыдысты. Уыцы зарджытæ семыдзаг сты тыхджын æнкъарæнтæй, аив фæлгонцтæй. Афтæ райгуырди æмбисонды чиныг «Хæххон халагъуд».

ХÆХХОН ХАЛАГЪУД

УАЛДЗÆДЖЫ ФЫЦЦАГ БОН

Уæйыг хæхты ссыртыл
фæзынди фæздæгхуыз тæнæг фæлм –
йæ комулæфт уалдзæгæн хатын.
Æрбавæрдта фарны къах махмæ,
æрвгæрæттæй ивылы рухс.

* * *

Хохæн йæ саггæмтты банымæхст их,
уалдзæджы бандзæвдæй батыхсти, тайы.
Хъуынаты ‘хсæнты базмæлыд дон,
раст цыма сгары уырзæй –
агуры цъысымæй рухсмæ фæндаг.

УАЛДЗÆДЖЫ ЗАРÆГ

Айнæджы цъуппытыл атади мит,
уайы цыхцырджытæй,
схъиугæ, дæлæмæ.
Гъæйтт-мардзæ, цæугæдон «Тарцъæх æхсæрдзæн»
урс-урсид уылæнтæ базыртау систа.

* * *

Мæ зæрдæ фæлыгъди мæнæй,
ныууагъта мæ иунæгæй тæрфы.
Æниу ын цы гæнгæ у – скæс-ма:
рæгътæ æгасæй ыскалдтой сæ хуыз –
дидинæг аскъуыди тугыл.

* * *

Ехх, ныр нæ тызмæг дунейы
мигъты куынæ ‘мбæхсид мæй,
балы дидинæг куы цæрид æнусмæ!
Ссарин æз дæр уæд æнцой,
фервæзин катайæ, ‘рхуымæй.

* * *

Хуыссы æдзæмæй уыгæрдæн. Йæ фарсмæ
хæрзиунæг бæлас. Райхъуысы хъæлæс:
Æхсинæг сиды йе ‘мбæлттæм фæсизæр.
Мылазон æхсæв –
сау хабæрттæй йедзаг.

* * *

Хæххон хъæуы
куы ссарин æз хæлар.
æлгъаг кæмæн у а дунейы талф-тулф!
Мæ ныхæстæ йын бонцъæхтæм фæкæнин,
мæгуыргурау куыд батыдтон мæ цард.

* * *

Цы чындæуа, нæ йæ ахсы мæ сæр.
Æви æрвитон хилæгау мæ бонтæ?
Куы йæ ныууадзон, лидзæг дзы куы фæуон,
рæмпæгау мæ уæддæр æвзондзæн катай:
цы ‘рхæндæг дæ, цы фæлывд дæ, нæ дуне!

ФÆЗЗЫГОН ФÆНДАГЫЛ

Къæвдадзаст фыдхуыз арвы
бафæрсон хъуамæ:
«Дæ сæнтсырх ахорæн цы фæци?» –
Нæ тæгæрты сыфтæ
æнхъæлмæ кæсынц.

* * *

Дзæгъæлæй мæ уадзыс... Æниу
цæуыл у мæ катай, мæ удхар,
кæддæр мæ куынæ зыдтай ды,
æз дæр дæ нæ зыдтон
æппындæр.

* * *

Тæссонд у, мæнгæфсон нæ дуне.
Лæппын дидинджытæн
дæн се ‘рвад æз дæр.
Тыхдымгæйы ныхмæ цы лæууы?
Ехх, алидз, йе бамбæхс... Кæдæм æмæ кæм?

* * *

Æндæртæн тæрхæттæ кæныс:
Уый хорз лæг у, ай та – гæмхетт.
Мæ хæлар, фæстæмæ дæр акæс,
æрымыс дæхи цард, дæ митæ.
Нæ дзы арыс аипп æппындæр?

* * *

Нæ дунейæн удæнцой нæй!
Тæссонд бæлæгъ фестади фурды:
къæс-къæсгæнгæ хъеллау кæны,
фыдуылæнты уацары бахауд,
æгæр адард былæй дæр, оххай!

ХÆХХОН ХАЛАГЪУД ЗЫМÆДЖЫ

Йæ кой дæр нал и къахвæндагæн ам.
Хæххон хадагъуд згæ сыфты бын бамбæхст.
Æмгъуыдæй раздæр фегуырди мæ разы
сæнтурс æндарæн –
алидзæн дзы нæй.

СОРИНДЗИЙЫ АРГЪУАНЫ ФЫСТ ÆМДЗÆВГÆ

Æз федтон сæрды уыгæрдæн.
Æрттывта:
сæ хуызтæ скалдтой дидинджытæ минтæй.
Ныр ма сæм бакæс: амардта сæ хъызт.
Цы ма баззадис? Иунæг хуыз æрмæст.

СЫФТÆРТÆ ЗГЪÆЛЫНЦ ÆХСÆРДЗÆНЫ СÆРМÆ

Уады æмбæлццæттæ, зилдухгæнгæйæ,
сыфтæртæ згъæлынц уæлхохæй дæлæмæ.
Зары æхсæрдзæн.
Йæ сæнтурс æндæхтыл
ризы дзыгъуыртæ нывæфтыд.

* * *

Митинокумæ куы бацыдтæн, уæд дзы федтон ингæны бæрзонд обаугонд. Ай кæй ингæн у, зæгъгæ, куы бафарстон, уæд мын загътой: «Цавæрдæр тюдзейы»[1]. «Цавæр тюдзейы?» Дзуапп мын радтой: «Санэката-асоны»[2].

Дæ номæн нæй сæфæн, æмбийæн,
уæлæуыл æй хастай сыгъдæгæй,
къæм дæр ыл нæ абадти никæд...
Дæ фæстæ ма баззад цыртæн
ызгæхуыз нæугæрдæг сусуки.

---

[1] Тюдзе – дыккаг къæпхæны хæстон балхон.

[2] Санэката-асон... – Асон у аристократы кадджын ном. Санэката-асоны ахастой цæгатмæ, хицæуттимæ кæй фæхыл, уый тыххæй.

МÆЙ

Æрæджиауы хорзæхау фæсхохæй
ысленк кодта, тыхтæ-фыдтæй дзы рантыст
мæнгæфсон рухс – æмбисæхсæвы тар фæлм
æртыхст йæ цалхыл: мæйæ ма цы аззад?
Æрмæстдæр ном.

БУЛÆМÆРГЪТÆ. КЪÆВДА

Булæмæргътæ къалиуыл кæуынц –
урс æртæхтæ пакъуытæй тæдзынц.
Уалдзыгон æвзонг къæвда лæдæрсы
ризгæ зæлтыл, цъиубалы хъæлæстыл...
Зæрдæ, циу, цы катай дæ æвдæрзы?

ЦЪЫРЦЪЫРАГ

Æрмынæг йæ хъæлæс, гæзæмæ ма хъуысы.
Фæуазалдæр. Фæззæг тызмæг у.
Нынтъыснæг мæ зæрдæ:
цъырцъыраджы зарæг æй
уадзы дзæгъæлæй.

Хъодзаты Æхсары *тæлмацтæ*

БЫРНАЦТЫ Барон

МОРТЕШЫ ЧУМÆДАНТÆ

Æцæг хабар

Цыма бынтон æрæджы фæцух Ирыстонæй, йе та бирæ азты дæргъы тарффынæй уыд æмæ ныртæккæ фехъал – йæ сыджытыл сæмбæлынмæ куыд æрхæстæг Мортеш, афтæ бонæй-бон йæ зæрдæйы тынгдæр æфтыди райгуырæн зæхх. Диссаг кæсын дæр ма йæм байдыдта, æнæхъæн æвдай аст азы дæргъы куыд бафæрæзта æцæгæлон дард бæстæйы, уый. О фæлтау сыдæй, æнæмæнузæгъæгæй куы ныммардаид искæй кауы рæбын, цавддур куы фестадаид, Амырыкмæ йæ къах куы равæрдта, уыцы бон.

Фæлæ уæды уæззау куыстыты фæрцы йæ къухы цыдæр æхцайы æфтиæгтæ куы бахауд, уæд ма йæхицæй лæгдæр кæм уыдис, йæ сæр бæрзæндты хаста. Ноджы ма фæцалх ис англисаг æвзагыл дзурыныл æмæ уæд бынтондæр нал æрвæссыд йæ мадæлон æвзагыл, æцæгæлон зæххыл æм йæхирдыгонау дзурын хардзау касти суанг йе ‘мирæттимæ дæр. Йæ зæрдæ сыл сивта, алыгъди сæ æндæр ранмæ. Уый фæстæ ма-иу дардмæ дæр йе ‘мбæстæгтæй искæйы куы федта, уæд-иу дзы йæхи бамбæхста. Цыбырдзырдæй, нал саст, ирон кæй у, ууыл. Йæ мыггаг Мортиатæй уыд æмæ йæ аивта Мортешæй, йæ ном Валодя та – Вольдемарæй.

Нæ рауад сæ хъысмæт иухуызон амырыкдзаутæн. Чи-иу дзы бынтон сæфтмæ æрцыд æмæ фæстæмæ лидзынмæ фæци, чи та-иу дзы ныббонджын и. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм амонджынтæ стæмдæр уыдысты. Сæ хабар уæлдай зындæр уыдис æфхæрд æмæ талынг хохæгтæн.

Мортеш, йе уæнгтæ кæмæн æрызгъæлынц, зын уаварты катæйттæ æмæ утæхсæнты чи бахауы, уæдæ дарддæр мæ хабар куыд уыдзæни, зæгъгæ, ахæмты къордмæ нæ хауди. Фæцахуыр и Паддзах Капиталы дыдзæсгом, фæлитой митыл. Арæхстджынæй пайда кодта цыфæнды чысыл фадатæй дæр уæлдæр схизынæн. Йæхи фæраппар-баппар кодта, иу бынат ивта иннæйæ, æмæ кæм йæ цæсгомы, кæм йæ хъаруйы фæрцы йæхицæн гæрста фæндаг, иу иннæйы æнæхатырæй расхойынмæ цæттæ кæм уыд, уыцы царды асинтыл. Фæстагмæ йæхи нытъуыста цавæрдæр нефты хъуыддаджы Калифорнийы. Ракуырдта хъæздыг фермеры чызджы, æмæ уый фæрцы дæр самал кодта дзæвгар мулк. Фæзынд ын лæппу, фæстæдæр та – цыппар лæппуйы лæппуйы.

Йæ фырт раджы амарди, фæлæ уый лæппутæ куыд хъомыл кодтой, афтæ сæ сæ фыдыфыд æфтыдта йæхи куыстыл. Æппынфæстаг ын бантысти саразын сæрмагонд куыстуат «Мортеш æмæ йæ фыртты фыртты нефты хъуыддаг». Æмæ Мортешы дзыппытæ дымсын райдыдтой доллæртæй. Куыд бонджындæр кодта, афтæ йыл тынгæй-тынгдæр хæцын байдыдта зыд æмæ кæрæфы низ. Æлхæны ног æмæ ног зæххытæ, фирмæтæ, ранчотæ. Йæ къазнамæ ивылынц æнæнымæц æфтиæгтæ...

Фæлæ мæнгард у капиталы дуне... Иухатт йæ къах скъуырдта Мортеш, фæцудыдта æмæ, хæрдмæ бирæ азты дæргъы цы асинтæ фæцарæзта, уыдонæй æнæнхъæлæджы бынмæ сæрбихъуырæйттæгæнгæ расхъиудта – аныхъуырдтой йæ йæхицæй дзæвгар тыхджындæр, бонджындæр бизнесментæ. Æмæ фæстæмæ йæ раздæры гаччы абадт. Ныххæлæттаг ис йæ бирæ фæллой. Абон ма йæм цы æнæбары муртæ аззад, уыдонæй йæ къухтæм æмхасæнтæ кæны, ничердæмуал ын æххæссынц.

Уæддæр уыдæттыл нæу йæ катай. Абон æндæр сагъæсæй дзаг у йæ зæрдæ. Нал æй æндавы Калифорнийы хур. Йæ цæстысындз фестад Амырык, суанг ма йæ цоты цотмæ дæр æцæгæлоны цæстæй акаст. Йæ зæрдæ ам нал ис, уæлдайдæр йæ фырт æмæ йæ бинойнаджы амæлæты фæстæ. Исты амæлттæй ма куы аирвæзид Уæрæсемæ, йæ чысыл Ирыстонмæ. Ам куы амæла,

мыййаг, уый адæргæй йыл бон æхсæв нал кæны, æхсæв та – бон. Фондз азы размæ йе ‘фсымæрæй йæ фыццаг фыстæгæн дзуапп куы райста, уæдæй фæстæмæ та йыл бынтондæр базыртæ базад. Æмæ хæдзармæ нал цæуы. Зилы... Дзуры телефонтæй. Фыссы алы рæттæм... Домы... Лæгъстæ кæны... Æнæрынцойæ архайы бар райсыныл, фæлæ никæдæм хъуысы, никæдæм хæццæ кæны, никæмæ хъары Мортешы уды рыст. Уалынмæ йæ хъæрвæдис бахæццæ Амырычы Коммунистон партийы Сæйраг комитеты бæрнон кусджытæй иумæ. Уый стыр зæрдиагæй бацархайдта æнæбон зæронды фæстаг фæндон, фæстаг курдиат сæххæст кæныныл.

Мортеш сывæллонау скуыдта, йæ зыр-зыргæнаг æнгуылдзтæй йæ хус былтæм схаста Уæрæсемæ ацæуыны гæххæтт æмæ йын адджын ба ныккодта.

Бинонтæ ныронг худæбылæй кастысты сæ дадайы митæм: «Нæ зæронд йæ сæрæй фæцух, æвæццæгæн», – нæ сусæг кодтой сæ хъуыды. Фæлæ ныр куы бамбæрстой, хынджылæг кæй нæ кæны, уый, уæд ын æмхуызонæй райдыдтой къуылымпыгæнæн ныхæстæ: «Цы сæрра дæ зæрондæй! Кæдæм ма цæуыс? Искуы фæндагыл амæлдзынæ». Мортеш фидар лæууыд йæхи фæндыл: «Уадз æмæ амæлон. Мæ мард ма куы фæхæццæ уа мæ райгуырæн бæстæмæ, уæд мæнæн уый дæр æгъгъæд у. Æндæр мæ хъæугæ дæр ницыуал кæны».

Афтæ Мортеш йæ лæдзæджы æнцæйтты схаста йæ уд Ирыстонмæ. Æрмæстдæр ма хæхтæ баззадысты сæхи хуызæнæй, кæддæр сæ хæрзæвзонг лæппуйæ куыд ныууагъта, афтæмæй. Æндæр, цыма, цавæрдæр аргъæутты бæстæмæ бахауд, уыйау цæхæртæ скалдта Ирыстон. Фæзындис дзы ног хъæутæ. Йæ сæйраг горæт дæр бындуронæй аивта. Дæрдтыл ныззылдис.

Йæ зонгæтæй ма удæгасæй сæйиæфта æрмæстдæр йæ иунæг æфсымæры. Фæлæ йæм стыр диссаг фæкасти, сыхагæй-хионæй йыл адæм куыд цин кодтой, куыд æй сбуц кодтой æмæ йыл куыд аудыдтой, уый. Мæйы æрдæгмæ йæ уд йæ мидæг æрцыдис. Фæлæ уæддæр йæ зæронды азтæ, йæ низæфхæрд буар сæ кæнон кодтой, æмæ Мортеш æруатон ис. Йе ‘фсымæры лæппу зындгонд дохтыр Батырбег ма фæцархайдта, бæргæ, йæ цард ма йын фæдæргъвæтиндæр кæныныл, фæлæ йын нал бантысти. Банцад йæ фæлмæст, йæ рыст зæрдæ зæрондæн. Фæлæ уæддæр тыхстхуыз нæ уыди йæ цæсгом. Йе ‘нцъылд былтыл баззади мидбылхудт.

Ныр зиан уæлмæрдтæм ахæсдзысты, зæгъгæ, уыцы афон йе ‘фсымæры лæппуйы бинойнаг Сæниат æмæ сæ сыхæгтæй иу ацæргæ сылгоймаг раластой дыууæ егъау чумæданы æмæ сæ чырыны раз æрæвæрдтой.

– Адон йемæ æрбаласта, – бамбарын кодта Сæниат зианмæ æрцæуæг адæмæн, стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Йæ цæст-иу сыл ахаста, фæлæ мын никуы ницы загъта сæ байгом кæныны тыххæй. Æвæццæгæн сæ мидæг цы ис, уыдонæй, мæгуырæг, йæ зæрдæ ницæмæй рухс кодта. Абон уæ куыд фæнды, афтæ сын бакæнут.

– Фенын сæ хъæуы. Уæд та ма сызгъæринæй седзаг сты, – дзырдтой иутæ.

– Ау, æмæ сæ кæд сызгъæринтæ ис кæнæ æндæр исты зынаргъ дзаумæттæ, уæд сæм йæхæдæг афтæ кастаид, куыд нæ сæ бакодтаид! Уæдæмæ йын сæ йемæ бавæрут æнæбакæнгæйæ, – ныхмæ лæууыдысты иннæтæ.

Ныхас стынг. Фæстагмæ уæддæр дзырд дзырдыл абадт æмæ фылдæры фæндонмæ гæсгæ Сæниат фегом кодта чумæдантæ. Дыууæ сылгоймаджы хъавгæ исын райдыдтой амæй-ай ихсыддæр, хурмæивддæр хæдæттæ, хæлæфтæ, къабатæ, хъуырбæттæнтæ, галстуктæ æмæ æндæр алыхуызон дзаумæттæ. Æххæст ист нæма фесты, афтæмæй, кæй систой, уыдоны дæр фæстæмæ ныккалдтой чумæданты. Æрцауыгътой сыл уæззау гуыдыртæ æмæ сæ ингæны бавæрдтой Мортешы фарсмæ.

1979

ДЖИМИТЫ Кларæ

ТЕМЫР ÆМÆ АМИНÆЙЫ ТАУРÆГЪ

Аргъау тыхсаг у, аргъаугæнæг та – фæлмæцаг, фæзæгъынц.

Раджы, тынг раджы денджызы бардуаг Донбеттыры чызг Аминæйыл цыппæрдæс азы куы сæххæст, уæд æм усгуртæ цæуын байдыдтой, фæлæ сæ ком никæмæн лæвæрдта. Ноджы ма-иу йæ худы сæрыл æркодта цыллæ хыз, æмбæхста дзы йæ цæсгом. Чызг йæхæдæг уыдта усгурты, фæлæ йын йæхи ничи уыдта. Дунейыл айхъуысти, бæсты рæсугъд æмæ арвы фидауц кæй у Аминæ, уый. Ноджы ма сбæлвырд: мæргъты ‘взаг зоны, денджызы кæсæгтимæ хъазы, семæ æдасæй ленчытæ кæны, йæ буары рухсæй цыфæнды талынджы дæр хурау ныррухс кæны дуне. Фæлæ йын усгуртæй нырма ничи федта йæ цæсгом, никæмæн сæ лæвæрдта разыйы дзуапп.

Йæ фыд æм фæдзырдта æмæ йын зæгъы:

– Мæ хуры тын, никæмæн комыс паддзæхтæ æмæ къниæзтæй, æлдæрттæ æмæ хъуыстгонд кады лæгтæй. Нæ дыл æмбæлы, æмæ зæронд кæнай дæ фыды къонайы. Уый нын кады хос нæу. Кæй агурыс усгурты ‘хсæн?

– Мæ кадджын фыд, фарн дæм бадзурæд. Фæрсыс мæ æмæ дын раст дзуапп

зæгъдзынæн. Æрæджы мын уыди гуырæн бон, æмæ уæд æз скуывтон Хуыцаумæ, стæй Стыр комы дзуæрттæй, табу сæхицæн, ракуырдтон, цæмæй мæм равдисой мæ къайаджы. Мады Майрæм мæм, табу йæхицæн, арвы айдæны равдыста хæстон лæппулæг, æхсарджын богал Темыры. Тынг фæцыд мæ зæрдæмæ, æрмæст уый у мæ къайаг, æндæр никæимæ сбæтдзынæн мæ цард, фæлтау амæлдзынæн.

– Сæрибар удгоймаг дæ, мæ хъæбул. Дæхи зæрдæйыл нал æууæндыс æмæ комы дзуæрттæм скуывтай?! – бадис кодта фыд.

– Тынг стыхджын сты Дæлимон æмæ йæ фæсдзæуинтæ хæхбæсты Стыр комы, уырдыгæй рацæуæг у мæ къайаг дæр. Усгуртæй иутæ уыдоны кæлæнтæй спайда кæнынц æмæ мæ хъуамæ ма фæсайой. Æрæджы мæм усгуры хуызы фæзындис æнæмæлгæ æлдар Сауханы фырт Халонбег. Йæхи схуыдта фæсарæйнаг бæстæтæй иуы паддзах. Йæ уæлæ сызгъæринæй фæлыст дарæс, хæстон зынаргъ хотыхтæ, бæрзонд æмæ хæрзкондæй фæзындис цыбыркъах Халонбег мæ цуры. Æваст мæ сæр разылди, бафæндыд мæ байгом кæнын мæ цæсгом æмæ бахудын, фæлæ фæхæцыдтæн мæхиуыл. Æз ын бакастæн йæ цæстытæм æмæ æрмæст уæд бамбæрстон, æрыгон лæппуйы хуызы мæм Стыр комы тугдзых æлдары фырт кæй фæзындис усгурæй. Куыд нæм æрбауæндыд уыцы æнаккаг?! Мæн абонæй фæстæмæ хъахъхъæндзæнис Мады Майрæм, табу йæхицæн, æмæ хъуамæ фембæлон Темырыл.

– Темыр уыди Кадаты Аслæмырзæйы фырт. Саухан æмæ йæ фæсдзæуинтæ дурзæйы хай бакодтой æлдар æмæ йæ усы æд саби. Дæс азы дæргъы Стыр комы дæр æмæ хæстæг бæстæты дæр фæцагуырдтой сæ чысыл хъæбулы, фæлæ никуы ссардтой, мады гуыбынæй рахæсгæ сау стъæлф кæмæн уыдис йæ бæрзонд ныхыл, ахæм лæппу, – загъта фыд.

– Агурынц æй ныр мæ хæлæрттæ æмæ Стыр комы дзуæрттæ, фæлæ йæ уыдон дæр нæма ссардтой нæдæр удæгас адæмы ‘хсæн, нæдæр мæрдтыбæсты. Æз мæ цард, арвы айдæны цы хæстон лæппулæджы федтон, æндæр никæимæ сиу кæндзынæн, кæннод амæлдзынæн. Ахæм дзуапп радтон комы дзуæрттæн дæр, табу сæхицæн, къайагæн мын хуыздæртæн сæ хуыздæры кæй равзæрстой, уый тыххæй.

– Æз дын цæмæй баххуыс кæнон, мæ хуры тын?

– Сразы у мæ фæндыл! Дарддæры архайд мын æмбарын кæндзæнис Мады Майрæм, табу йæхицæн. Дада, бæрзонд Донбеттыры чызгæн дзуæрттæ, табу сæхицæн, балæвар кодтой мæргъты ‘взаг æмæ хуры кæсаджы хæрв, талынджы бæстæ куыд рухс кæнон, цæмæй дзы бахъуыды рæстæг спайда кæнон мæ къайаджы фыдгултимæ тохы.

Аргъау – тындзаг, аргъаугæнæг – фæлмæцаг, фæзæгъынц.

Уыцы бонты Стыр комы адæм сæхи сæ дзуæрттæ æмæ дауджыты куывдмæ цæттæ кодтой. Хистæртæ иу абонæй иннæ абонмæ ныхасы фæбадтысты, куыд амалæй фервæзой тугцъир ælдар Сауханæй, ууыл фæхъуыдытæ кодтой, фæлæ се знаг арты нæ сыгъдис, доны нæ ныгъуылд, æхсаргад æй нæ карста æмæ ничи зыдта, куыд амалæй æмбæхсы удисæгæй йæхи. Æлдар адæмы мардта сыдæй, сырдта сæ сæ фыдæлты уæзæгæй, æмæ лыгъдысты дардмæ, цины зарджытæ нал азæлыдысты комы, фæлæ зæрдæхалæн хъарджытæ.

Уыцы рæстæг Стыр комы Уæлæмæсыджы Уастырджийы кувæндоны æрбамбырд сты дзуæрттæ авдæй дæр. Стыр Хуыцауы фæдзæхст – комы адæмы куыд фервæзын кæной фыдбылызæй, – ууыл æрныхас кодтой хурыскастæй хурныгуылдмæ æмæ рахастой уынаффæ:

– Комы цæрджыты Дæлимоны стыр бæллæхтæй фервæзын кæнын хъæуы, тæссаг у сæ кад æмæ намысы уавæр, ссарын хъæуы бирæ сæдæгай азты ælдариуæг чи фæкодта хæхбæсты Стыр комы, уыцы кадджын æмæ номдзыд Кадаты бындар Темыры, уый суыдзæн сæ ныфсы æмæ кады сæргълæууæг комы цæрджытæн, кæннод адæмы бынтон ныццæгъддзæни Дæлимон йæ тугдзых куырысмæдзæуджытимæ. Дæлимоны байзæддаг Саухан сæ бындзагъд кæны, мары сæ æххормагæй, лидзынц сæ фыдæлты уæзæгæй дардмæ нæлгоймæгтæ æмæ хæтæнхуаг фесты, сылгоймæгты зæрдæхалæн хъарæг ма хъуысы æрмæстдæр арвмæ.

Дзырды бар радтой Мады Майрæмæн. Уый сæм дзуры:

– Стыр Хуыцауы минæвæрттæ, фарн уæм бадзурæд. Сызгъæрин Уастырджи, табу дæхицæн. Æз равзæрстон Темыræн чындзагæн Донбеттыры иунæг чызг Аминæйы, чызг æй федта арвы айдæны æмæ фæцыд йæ зæрдæмæ. Уыцы бон ын балæвар кодтон æмбисонды дыууæ хорздзинады: цъиуты ‘взаг æмæ хуры тынтæй конд хæрв. Уыдонæй хъуамæ спайда кæна чызг знæгтимæ тохы Темыримæ иумæ. Чызг æмæ лæппу хъуамæ фембæ-

лой куывды бон, фæлæ лæппуйы ничи ары махæй. Сауханы мæлæт ис æрмæст Кадаты Темыры къухæй æрвыст фаты ‘рдыны кæнæ йе ‘хсаргарды цæфы, – дзуры Мады Майрæм. – Уый сбæлвырд кодтон æрмæстдæр мæнæ абон. Сызгъæрин Уастырджи, Темыр уыдзæн нæ куывды?

– Ардæм æй хъæуы стыр Хуыцауы фæндæй, табу йæхицæн! – цыбыр уыд Лæгтыдзуары дзуапп.

– Уый раст уынаффæ у? Цы у æрыгон чызджы бон æнаккæгты бардуаг æнæмæлæт Саухан æмæ йæ фæсдзæуинтимæ тохы? – сдызæрдыг дзуæрттæй чидæр...

– Уарзондзинад у царды ахсджиагдæр тых æмæ æз чызгыл мæ зæрдæ дарын. Æрдхæрæны Кадатæ хъуамæ ælдариуæг кæной æмæ ма фесæфа адæмы ныфс, кад æмæ намыс, – дзуапп ын радта Мады Майрæм...

Дæлимон уыцы рæстæг сау калмы хуызы дурты бын бамбæхст, хъуыста сусæгæй дзуæртты уынаффæтæм æмæ бакатай кодта, Кадаты Темыр ма удæгас у, уый куы фехъуыста, уæд. Сауханимæ ныццагътой Кадаты сæдæ азы дæргъы. Мыггаджы ма уыдис фæстаг нæлгоймаг Аслæмырзæ, уый рахъомыл, æрхаста ус æмæ сын лæппу райгуырд. Хæстæг ничи уæндыдис тыхджын æмæ тызмæг ælдармæ фыд-зæрдæ куырысмæдзæуджытæ æмæ хæйрæджытæй. Раст ма йæ хæхбæсты адæмы нæ, фæлæ сыхаг бæстæты дæр хъахъхъæдта фыдбылызæй. Фæлæ Саухан æмæ йæ фырт Халонбег иудадзыг сусæгæй зылдысты ælдары фæстæ. Иуахæмы комы уынгæг фæндагыл бабадтысты Аслæмырзæйы размæ æмæ йæ дурадзагъды асхуыстой æрхмæ æд ус æмæ сывæллон. Хæхбæсты адæм Сауханæй фехъуыстой, æрдзон бæллæхы азарæй, дам, фесæфтис уæ уарзон ælдар. Ничи йыл бауæндыдис, фæлæ цы сæ бон уыдис. Адæм се ‘лдар æмæ йæ усы ракъахтой дурты бынæй æмæ сæ сæ сыджыты хайыл сæмбæлын кодтой. Аслæмырзæйы фырт Темыры та Саухан æмæ йæ фæсдзæуинтæ раст сыхаг кæмтты дæр фæцагуырдтой, цæмæй амарой Кадатæн сæ иунæг бындары дæр, фæлæ йæ не ссардтой. Уый кары лæппутæй иуæн дæр йæ ныхыл нæ уыди мады гуыбынæй рахæсгæ сау стъæлф.

– Æз мæхи цæстæй федтон, сывæллоны дон куыд аласта, уый æмæ йæ кæфхъуындар аныхъуырдта! – уырнын кодта комы адæмы хъуыстгонд къулыбадæг зæронд ус Шешехан, ард хордта Дæлимонæй, æмæ йыл бауæндыдысты...

Уыцы заман хъуыстгонд хæстон дохтыр, Георгийы дзуæрттæ кавалер, инæлар-булкъон Инал дард бæстæйæ здæхгæйæ Стыр комы бабæрæг кодта йæ ныййарджыты ингæнтæ, стæй дарддæр йæ бæхыл цыдис Уæрæсемæ, уæд уым цардис. Изæрдалынгты дын уæларв ныррухс æмæ йын чидæр йæ хордзены нывæрдта афæдздзыд лæппу, стæй йын дзуры йæ хъусы:

– Инал, дæ бæрны дын кæнын Кадаты Аслæмырзæйы иунæг фырт Темыры. Йæ ныййарджыты йын Саухан æмæ Дæлимон амардтой. Дæ ном, дæ мыггаг уал хæсдзæн. Æрмæст-иу ын йе ‘цæг хабар ма схъæр кæн йæхицæн дæр! Йæ ныхы стъæлф ын слыг кæн, цæмæй йæ ма ссарой йе знæгтæ. Стыр Хуыцауы фæндæй йæм мæхæдæг искæд зындзынæн...

Афтæмæй сывæллоны Инал аласта стыр уырысы бæстæмæ, схуыдта йæ йæхи хъæбул Захар æмæ йæ хъомыл кодта...

Дæлимон фæтарст, комы дзуæрттæм куы байхъуыста, уæд, фæдзырдта йæ фæсдзæуинтæм æмæ хъæр кæны:

– Бæллæх! Стыр бæллæх! Темыр удæгас у! Кадаты бындары комы дзуæрттæ фервæзын кодтой! Стыр бæллæх æрцæудзæнис, дзуæрттæ ныл куы фæтых уой, уæд! Атæрдзысты нæ дæлдзæхмæ! Саухан, æфсад æрбамбырд кæн куырысмæдзæуджытæй, кæлæнгæнджытæй æмæ иннæ фыдбылызхæсджытæй! Ды ныццагътай уал æмæ уал азы дæргъы уыдоны ‘ххуысæй паддзæхты байзæддæгты, номдзыд æмæ кадджын Кадаты мыггаджы! Ды цин кодтай фæстаг æлдары æд ус æмæ сæ бындар Темыры зæйы бын амардтон, зæгъгæ! Æз дын уымæн балæвар кодтон æнæмæлæт цард! Дæ мæлæт æрмæст Темыры къухæй уыдзæн, уый бамбар æмæ тагъд бацæттæ кæн дæ тыхтæ...

– Шешехан йæхи цæстытæй федта, лæппу доны куыд ныххауд æмæ йæ кæфхъуындар куыд аныхъуырдта, уый! Уымæй нæм тыхджындæр хинтæгæнæг къулыбадæг ус куы нæй! Мах дæр уæдæ фæцагуырдтам сывæллæтты ‘хсæн, йæ ныхыл нысан сау стъæлф кæмæн ис, ахæм лæппу æмæ йæ не ссардтам! – фыртæссæй зыр-зыргæнгæ йæхи рæстытæ кодта Саухан.

– Дзуæрттæ фервæзын кодтаиккой Аслæмырзæйы фырты! Ныр Темыр слæг æмæ ссæуы хæхбæстæм усгур. Ноджы ма куы баиу уой Донбеттыры чызгимæ, уæд та не сæфты бон æрхæццæ уыдзæн! Уыцы æдылы Аминæйы дæр дзуæрттæ хъахъхъæнынц. Уыдон цот куы ныккæной, уæд махæн дæлдзæхæй скæсыны фадат дæр нал уыдзæнис!

Ууыл Саухан загъта:

– Мах ныртæккæ тынг тыхджын стæм! Скæрддзыстæм не знаджы! Фесафдзыстæм комы адæмы дæр! Мæ фырт Халонбеджы куырысдзаутæ Темыры скæрддзысты, ууыл гуырысхо мачи кæнæд! – зæрдæ бавæрдта Дæлимонæн.

Дæлимон ма бафтыдта:

– Уæдæ Аминæйы сæрызонд кæй фæлыгъд, ууыл адæм гуырысхо ма кæной хъуамæ. Ныхас кæны цъиутимæ, уæдæ йын йæ фыд сызгъæрин дарæс дæр ссардта, цæмæй йын рухс кæна æхсæв æмæ тезгъо æдасæй кæна.

Саухан батагъд кодта йæ фæсдзæуинтæм, кæлæнгæнджытæ æмæ иннæ къулыбадæг устытæн бафæдзæхста:

– Шешехан, ды сæ разæй, афтæмæй тагъд згъорут комы хъæуæй-хъæумæ, цæут хæдзарæй-хæдзармæ æмæ адæмы æуæндын кæнут, хъазты кæй фендзысты Донбеттыры чызджы, æрæджы кæй сæрра уый сын æмбарын кæнут, тас æфтаут æппæтыл дæр! Чызг дзуры мæргътимæ, ардауы сæ, цæмæй низтæ хæссой адæмæн! Æдылы чызджы хъазты рæстæг усгуртæй дæр макæмæн бауадзут ракурын. Уæд уый бакомдзæн мæ фыртæн, ныййардзæн авд лæппуйы æмæ уыдоны фæрцы Донбеттыры æнæнымад бынты иу хай мах бауыдзæнис. Комы æрцæрдзыстæм æмæ нæ дард лидздзысты адæм дæр æмæ дзуæрттæ дæр.

Къулыбадæг устытæ, сæ сæргъы зæронд Шешехан, афтæмæй атахтысты сау халæттæй фæдис хъæргæнгæ хъæутæм.

Æрхæццæ комы дзуæртты куывды бон дæр. Æндæр рæттæй сæм цы уазджытæ цыдысты, уыдонæн кады нуазæнтæ лæвæрдтой урсбоцъо хистæртæ æмæ сæ хуыдтой куывды фынгтæм. Бынтон та бацин кодтой се ‘мбæстаг æрдхæрæны хъуыстгонд дохтыр зæронд Иналыл æмæ йæ хъайтар фыртыл. Дæс æмæ йæ ссæдз азы кæй нæ федтой йæ райгуырæн комы, уымæй та æфхæрд æрцыдис сæрмагонд нуазæнæй. Комы цæрджытæ базыдтой, се ‘мзæххон Иналы иунæг фырт Захар хæрз æрыгонæй кæй разындис дунейы æппæты тыхджындæр богал, йе ‘хсар, йæ хъаруйы фæрцы, Раздзæуæг уæвгæйæ, кæй фæуæлахиз, йе ‘фсадæй сæдæ хатты фылдæр цы фыдгулы æфсад уыдис, ууыл æмæ кæй ссис инæлар-булкъон. Ноджы йын уырысы паддзах радта зæххытæ дæр ма. Хистæртæ фæарфæтæ кодтой фыд æмæ фыртæн. Инал зæрæдтимæ фынджы уæлхъус куыд

бадтис, афтæ лæппумæ бауадис Саухан, бацинтæ йыл кодта æмæ дзы куры:

– Дæ хорзæхæй, Захар, цом хъазтмæ бакæсæм. Æцæг, ды нæ барвæсдзынæ хæхбæсты мæгуыртыл, паддзахы чызджытæ сты де ‘мсæр, фæлæ ацы куывды хъазтизæрмæ, хæхбæсты адæмы æгъдаумæ гæсгæ, абон фыццаг хатт æрбацыди, цыппæрдæс азы кæуыл сæххæст, ахæм чызджытæ. Ардæм уæдæ æрбацыд усгуртæ дæр. Уыныс сæ дæхæдæг. Уæртæ мæ фырт дæр иу æррайы куры æмæ нын къухылхæцæг уæвыныл сразы у. Усгур æм йæ минæвæрттимæ дыууæ хатты бацыд, фæлæ æдылы чызг нæ бамбæрста, хæхбæсты æппæтæй хъæздыгдæр лæппу йыл кæй барвæссыдис, уый æмæ йын ницы дзуапп радта. Ды ма аныхас кæн йемæ, бамбарын ын кæн, Сауханы иунæг фырт ыл æрвæссы æмæ йæ куры, уый, кæннод, дæ, зæгъ, лæппу раскъæфдзæнис...

– Дæ фыртæн низджын чызг курыс? – бафарста йæ Темыр.

– Аминæ Донбеттыры чызг куы у! Йæ фыды бынтæн ныккæнæн дæр нæй! Уый фæрцы тынг схъæздыг уаиккам. Ды йын къухылхæцæг кæй уыдзынæ, уый дæр фехъусын кæн уыцы æррайæн. О, хæдæгай! Мыййаг нæм кæд тагъд рæстæг нæ фыдгул фæзына, уæд ма нæ фарсмæ æрлæуу æмæ нын нæ хæхбæсты адæмы бахиз стыр бæллæхæй! Мæ хæстонтæ гæрзифтонгæй цæттæ сты мæнæн.

– Уый дын мæ бар, – загъта йын уазæг æмæ æрлæууыд хъазты мидæг иннæ усгурты æмрæнхъ. Федта æрыгон чызджыты фæрсæй-фæрстæм лæугæйæ, аив дарæс сыл, иуты дзы усгур лæппутæ ахуыдтой симдмæ, иннæты кæрон лæууыдис æнахуыр чызг. Йæ уæлæ кæсаджы сызгъæрин хæрвæй хуыд даргъ къаба ныррухс кодта бæстæ, цæсгом æхгæд цыллæ хызæй.

– Уазæг, уæртæ кæронæй цы чызг лæууы, уый сæры зонд фæлыгъд, сæрра æмæ афтæмæй æрбафтыд хъазтмæ. Дæхи дзы хъахъхъæн, куы дыл фæхæца, уæд æрбамæлдзынæ! – адзырдта фæсус хъæлæсæй Захары хъусы къулыбадæг зæронд ус.

Уыцы рæстæг Сауханы фырт æрлæууыд æнахуыр чызджы цур æмæ дзуры:

– Рахиз æмæ асим мемæ!

Чызг ын ницы дзуапп дæтты.

– Æз Сауханы фырт дæн, уый бамбар! Рахиз, ма мæ худинаг кæн!

Чызг ницы дзуапп дæтты.

– Æрра дæ, уый æмбарыс?! Æз дæ раскъæфдзынæн! Дæ фыды бынтæ мæн фæуыдзысты! – ныхъхъæр кодта æмдымбыл цыбырзæнг Халонбег æмæ ракодта кафынмæ æндæр чызджы.

– Кæсыс, Захар? Чызгæй усгуртæ тæрсынц æмæ йæ уымæн ничи хоны кафынмæ, цыма кæйдæр агуры йæхæдæг! – загъта ма Саухан, стæй ауадис хистæрты цурмæ æмæ уазджыты ‘хсæн агуырдта Темыры, йæ бæрзонд ныхыл сау стъæлф кæмæн ис, уый.

Захармæ тынг диссаг фæкаст, цæмæн æрлæууыдис Донбеттыры чызг хъазты, кæд никæимæ кафгæ кæны, никæмæ йæ цæсгом æвдисы, æмæ йæм бацыд. Акуывта йын йæ сæрæй æмæ дзуры:

– Фарн дæм бадзурæд, бæсты рæсугъд æмæ арвы фидауц, фæлæ кæмæй æмбæхсыс дæхи? Цы фыдбылызæй тæрсыс, цымæ? Цæмæй дæ бахизон æз?

Аминæ дын фырцинæй фегом кодта йæ цæсгом æмæ фемдзаст сты лæппу æмæ чызг. Лæппуйæн йæ уæнгты тых фæлыгъд, цыма сыл сыгъдæг арв уыцы рæстæг аргъаугæ кодта, хъæрмудæй æмзай-æмзæронд кæнут сын куырдта Стыр Хуыцауæй, уыйау. Æмæ уæд йæхи æрæмбæрста Аминæ, фæлмæн йæ мидбылты бахудт æмæ дзуры:

– Æз дæ æрæджы федтон арвы айдæны! Ссардтон ныр мæ къайаджы, æрмæст дын нæма фехъуыстон дæ мыггаг, дæ фыды ном дæр, фæлæ дæ Темыр схуыдта сылгоймæгты бардуаг.

– Темыр?! – бадис кодта Захар.

– Афтæ дæ схуыдта мæ дзуар.

– Æз Иналы фырт Захар дæн, Аминæ, фæлæ дын мæ зæрдæ æнæвгъауæй лæвар кæнын.

– Мæн комы дзуар нæ фæсайдзæнис! Æз æрмæст Темыры чындзаг дæн, фæлæ ды та Лæгтыдзуары уазæг у! – дзуапп ма радта чызг, кæугæ ныффардæг йæ фыды галуанмæ æмæ дзуры:

– Дада, ссардтон мæ къайаджы, фæлæ цæмæн æмбæхсы йæхи ном? Кæд, мыййаг, тæппуд разындис æмæ Дæлимоны байзæддæгтæй йæхи хъахъхъæны, уæд æз не сбæтдзынæн йемæ мæ цард! Нæ, дзæгъæлы бацин кодтон, куы фехъуыстон, мæ зæрдæ дын æнæвгъауæй лæвар кæнын, зæгъгæ, мын куы загъта, уæд.

Æгады цардæй мæлæт хуыздæр у, фехъуыстон хæхбæсты

адæмæй æмæ тынг раст сты. Тæппуд лæг цард-цæрæнбонты уæлæуыл дæр мард у. Æрмæст иугай æхсарджынтæм разыны цаварфæнды афон дæр кадимæ амæлыны хъару.

– Бауæнд дæ зæрдæйыл, мæ чызг, ма батагъд кæн амæлынмæ, дæ дзуæрттæм скув, уыдон зондзысты дзуапп дæ фарстæн, – дзуры йæм фыд.

– Фегад мæ цæсты, йæхи Захар схуыдта, фæлæ йæ мысгæйæ тагъд атондзæнис мæ зæрдæ, уымæн рахастон ахæм уынаффæ, – загъта ма чызг æмæ мæлынвæнд скодта...

Къулыбадæг устытæ та уыцы рæстæг цалдæрæй Захары фарсмæ уадысты æмæ дзæгъæл хъæр кодтой, ферох кæн æррайы, зæгъгæ. Уыцы изæр лæппу йæ масты хабар ракодта йе схæссæг фыдæн.

– Донбеттыры чызг дæуимæ дæр нæ рацыд симдмæ, фехъуыстон. Цы фау дæм ссардта? – бафарста лæппуйы Инал.

– Чызг мæ хъыгагæн схуыдта Темыр, йæхи та Темыры чындзаг æрмæст æмæ алыгъд кæугæ...

Инал фæгæпп кодта бандонæй, дæсгай азты дæргъы цы хъахъхъæдта адæмæй, уый раргом кæнын æнцон нæ уыдис, бирæ уарзта лæппуйы, фæлæ гæнæн нал уыдис æмæ йын радзырдта æцæгдзинад.

– Раст у Донбеттыры чызг. Темыр ном дын радта дæхи фыд, Кадаты Аслæмырзæ, фæлæ уый амардтой Саухан æмæ Дæлимон...

Инал радзырдта, раджы кæддæр ын Уастырджи цы бабар кодта, уый дæр æмæ комы хистæртæй куывды бон цы хабæрттæ фехъуыста Кадаты фесæфты тыххæй, уыдæттæ дæр.

– Мæ фыд, æз уыдæттæ нырмæ цæуылнæ фехъуыстон!? – ныхъхъæр кодта Темыр.

– Æз дæ схастон афæдздзыдæй дæ рахъомылмæ хи хъæбулау, сæххæст кодтон сызгъæрин Уастырджийы курдиат, табу йæхицæн, дæ ныхыл мады гуыбынæй цы сау стъæлф рахастай нысанæн, уый та дæ ныхы цармы бын фæкодтон, уырзæй йын ис ссарæн. Æрæджы дæм сызгъæрин Уастырджи фæситт, цæмæй фæтых уай комы цæрджыты марджытыл, Дæлимон, Саухан æмæ сæ байзæттæгтыл. Цæмæй ма фесæфой нæ адæмы кад æмæ намыс, ныфс бацæуа фæсивæды уæнгты. Ныр мын дзуæрттæ радтой бар зæгын, ды кæй дæ Аслæмырзæйы иунæг фырт Темыр, – радзырдта йын зæронд Инал.

– Мæ кадджын фыд, мæ уарзон хистæр, æз æцæгдзинад цæуылнæ фехъуыстон абонмæ!? Цæмæн райстон мæ тудджын знаджы къухæй нуазæн?!

– Ныр де ‘уæнгты хъару бацыд, дæ зонд бæстон сфидар, æмæ зоныс, кад æмæ намысæн сафæн нæй, уый. Æрмæст Саухан нæу дæ тудджын, æнаккаджы фесафынæн стыр тых нæ хъуыдис, фæлæ уыцы судзгæ мастимæ куы рæзыдаис сывæллоны бонтæй фæстæмæ, уæд саст уыдаид дæ тых, хъæбатыр суæвын дын нæ бантыстаид. Хæсты быдыры нæ фегад кодтай дæ ном, хорз базыдтай уæлахизы цины тых. Дæлимон æмæ йæ байзæддæгтæ адæмы туг донæн нуазынц, хæтæнхуаг фесты сæ фыдыуæзæгтæй нæлгоймæгтæ, хъалонты бын бахаудтой æмæ зæрондæй-сывæллонæй сыдæй мæлынц. Уыдон сæдæгай азты дæргъы куырысмæдзæуджыты руаджы сæфтой дæ фыдæлты. Ныццагътой сæ Кадатæ дæр цалдæр хатты, фæлæ та ныр ногæй стыхджын сты хинтæ æмæ кæлæнты ‘руаджы æмæ комы дзуæрттæ сагъæссаг фесты нæ адæмы хъысмæтыл. Ныр дæхæдæг равзар, æрмæст дæ тудджыны фесафдзынæ æви комы адæмы дæр фервæзын кæндзынæ бæллæхæй? Бæрзонд Кадаты кад æмæ фарн рох не сты Стыр комы цæрджытæй абоны онг. Дæ фыдæлты уæлмæрдмæ тохы уæлахизæй æрцæудзынæ? Ракурдзынæ Аминæйы æмæ ацæудзыстæм, æви?..

– Æрмæст тохы уæлахизæй! – зæгъгæ, фæкодта Темыр æмæ фæлæбурдта йæ хæстон хотыхтæм.

– Уый раст уынаффæ у. Ныр та цом кувæндонмæ æмæ скувæм Стыр Хуыцаумæ, раарфæ кæн комы авд дзуарæн табутæгæнгæйæ, ракурæм, цæмæй ацы бонты дæу бахизой æгады мардæй, ракурæм сæ хæхбæсты адæмæн сæрибары цард æнæ хæйрæджытæй. Уый фæстæ Аминæйы курыс, æви...

– Аминæйы къайаг у æрмæст уæлахизхæссæг! Уый у стыр цины бæллиц, фæлæ фыццаг хæс нæу, – дзуапп радта фырт æмæ ма йæ ныхасыл бафтыдта: – Комы цæрджытæ æмæ нæ фыдæлты ингæнтæ дæр хъуамæ фехъусой, кæй сыздæхт Кадаты Асламырзæйы фырт йе схæссæг, йæ ирвæзынгæнæг фыд Иналимæ, æрцæттæ кæной сæ хотыхтæ æмæ рацæуой сæ хæдзæрттæй! Æз кæнæ уæлахизæй æрлæудзынæн Донбеттыры цур, кæнæ кады тохы фæмард уыдзынæн. Чызгæн та бамбарын кæн, Темыр дæн, уый.

Инал – та зæронд дохтыр – уыцы бон, сæ зæрдиаг куывды

фæстæ, Темыры ныхыл æнцонæй фæзынын кодта чысыл сау стъæлф.

Фехъуыстой Темыры сидт фидиуæгæй Стыр комы адæм æмæ фырцинæй сæ тыхыл тых бафтыд, рабадтысты суанг бынтон зæрæдтæ æмæ мæлæтдзаг рынчынтæ дæр æмæ райстой сæ хотыхтæ. Адæм ныххæррæтт кодтой, уыцы цины хабар куы фехъуыстой, уæд агуылф кодтой æмæ Темыры дыууæ фарс балæууыдысты. Абадтис йæ алыппы мыггаг бæхыл Темыр, бæрзонд систа æхсаргард æмæ адугъ кодта стыр фæзмæ. Фехъуыста цины хабар Аминæ дæр уæдæ, фырцинæй фæгæпп кодта æмæ хæхбæсты балæууыд.

Уыцы рæстæг обауыл Дæлимон фæзындис Сау Барæг, сау æфсад æмæ Сауханимæ æмæ хъæр кæны:

– Тыхгæнæг тых кæмæн нæ ары, уыцы паддзæхты паддзах Дæлимон дæн æз, Темыр! Фесæфтон дын дæ фыдæлты, дунейыл хъуыстгонд Кадаты хъæбатырты, сыскъуыдтон дын дæ мыггаджы уидæгтæ бындзарæй, куырысмæдзæуæг Саухан, ныры æлдар, Аслæмырзæйы дурзæйы бын куы фæкæнын кодтон, уæд! Ды та нырмæ уырысы паддзахы зæххытæ хъахъхъæдтай фыдызнæгтæй, æмбæхстой дæ комы дзуæрттæ мæнæй дард раны, фæлæ ныр айс дæхи! Мах стæм абонæй фæстæмæ комы барджын хицæуттæ, дæ чындзаг та тагъд уыдзæнис Сауханы мæсыджы, раскъæфдзæн æй Халонбег! Мард æрцæудзынæ мах къухæй, фæлтау фæлидз дардмæ. Нæ фехъуыстон ма зæгъ!

– Уæле дæ фистæджытæ, дæле дæ бæхджынтæ, Дæлимон! – ныхъхъæр кодта ныфсхаст æмæ æхсарджын Темыр. – Æрхиз æмæ бавзарæм нæ хъарутæ!

– Раздæр уал мах дыууæйæ фембæлдзыстæм æрмæст æмбисæхсæв! Уый фæстæ та дын мæ фæсдзæуинтæ ныццæгъддзысты дæ адæмы! Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн стыр фæзы! – загъта Дæлимон æмæ æрбайсæфт.

Уыцы рæстæг Аминæ кастис арвы айдæнмæ, фехъуыста йæ къайаг йæхи Захар нæ, фæлæ Темыр кæй схуыдта, уый æмæ бацин кодта, фæлæ бæллæхы хабарæй тынг фæтарст: Темыр æмæ Дæлимоны фембæлд талынг æмбисæхсæв уыдис тæссаг йæ уарзонæн. Чызг кувы:

– Мады Майрæм, табу дæхицæн, куыд амалæй фервæзын кæнон Темыры, уый мын бацамон! Хинтæ æмæ кæлæнты мидæг ис Дæлимоны тых! Гадзрахатæй рацæудзысты сыгъдæгзæр-

дæ Темырыл! Йæ цард мæ цард у, йæ мæлæт та – мæ мæлæт!

– Байхъус мæргътæй иумæ, – айхъуыста чызг дзуары фæлмæн хъæлæс уæларвæй.

Аминæйы уæхскыл дын зæрватыкк абадтис æмæ дзуры:

– Дæлимон хинты аджы сау доны фæбаддзæн æмбисæхсæвмæ. Сыздæхдзæнис обаумæ æмæ домдзæн Темыræй, цæмæй хъæбысхæстæй бавзарой сæ тыхтæ. Иу санчъехы бæрц куы баввахс уой кæрæдзимæ, уæд Темыр хинтыдоны смагæй цæстыфæныкъуылдмæ афынæй уыдзæн, æрхаудзæн зæххыл æмæ йæ Дæлимон æнцонæй амардзæн...

– Нæй уый гæнæн! – зæгъгæ, фæкодта Аминæ.

– Темыр дæу йеддæмæ никæуыл бауурæнддзæн, йе знаг ыл хинæй цæудзæнис, ууыл, æмæ сразы уыдзæнис Дæлимоны уынаффæйыл. Хъуамæ дæуæй фехъуса дæ къайаг ацы хабар, стæй уый фæстæ Темыры фат хъуамæ сæмбæла Дæлимоны сæрыл, йæ дыууæ цæсты астæу, æмæ уæд уый бакуырм уыдзæн. Æрмæст æм хæстæг ма бацæуæд, æмæ уæд Дæлимон æргом уæлæуыл нал фæзындзæнис...

– Æцæг, Аминæ, Темыræн куы баххуыс кæнай, уæд дæхицæн та дæ хæрвын дарæс æрбацыдæр уыдзæни, – дзуры арвæй хъæлæс.

– Табу дæхицæн, æз разы дæн. Æхсæвы талынг стъалытæ рухс кæндзысты, кæсæгтæ дæр уæдæ æнæ мæн дæр кафдзысты. Темырыл исты бæллæх куы ‘рцæуа, уæд уый та мæ зæрдæ нæ бауромдзæн, уымæн æмæ йæ кад мæ кад у, йæ мæлæт та – мæ мæлæт! – дзуапп радта чызг.

Аминæ акодта йæ уæлæ йе ‘мбисонды хæрвын дарæс, æркодта бирæгъы царм, цæмæй йæ куырысмæдзæуджытæ æмæ кæлæнгæнджытæй мачи базона, æркодта йæ сæрыл кæлмæрзæн æмæ балæууыд Темыры цур.

Лæппулæг дын æй куы ауыдта, уæд æй къулыбадуг ус фæхуыдта æмæ йе ‘хсаргардмæ фæлæбурдта:

– Шешехан, дзырд мын куы радтай, хæстæг мæм кæй нал æрбацæудзынæ, уый тыххæй!

– Темыр, дæ хъæбысы мæ акæн! – дзуры йæм чызг.

Темыр чызджы йæ хъæлæсæй базыдта æмæ йæм бауадис, фелвæста йæ йæ хъæбысмæ. Аминæ цы фехъуыста зæрватыккæй, уыдæттæ йын мынæг хъæлæсæй адзырдта йæ хъусы, цæмæй йæ куырысмæдзæуджытæй мачи фехъуса. Ноджы ма

йæ ныхæстæм бафтыдта, мæ зæрдæ дын æнæвгъау лæвар кæнын, зæгъгæ, æмæ æрбайсæфтис.

Темыры зæрдæ ныррухс, цыма йын йæ риуы чидæр амонды цырагъ ссыгъта, уыйау, æмæ йæ тыхыл тых бафтыдис.

Темыр саудалынг æмбисæхсæвы фембæлдис Дæлимонимæ.

– Рацу æмæ æрлæууæм фæзы астæу! Рахæцæм хъæбысæй æмæ сбæлвырд уа, чи нæ у тыхджындæр, уый! – домы Дæлимон.

– Хъæбысæй рахæсты размæ-иу нæ фыдæлтæ хорз сæхи цынадтой хæххон цады доны. Æз мæнæ ныр рахызтæн цадæй! Ды дæр асыгъдæг кæн дæ буар фембæлды размæ, – дзуры йæм Темыр.

Дæлимоны зæрдæмæ нæ фæцыдис уазæджы уынаффæ, фæлæ ницæмæй тарст æнæмæлгæ хæйрæг. Цынадта йæхи, нал уыдис æмбисонды тæф йæ буары æмæ дзуры:

– Фыццаг уал фатæй стох кæнæм! Уый фæстæ та хъæбысæй рахæцдзыстæм! Стæй бæрæг уыдзæн.

Талынджы знаг хорз уыдта Темыры, фæлæ дзы уæддæр ницы рауад, уымæн æмæ уый йæхи фæгуыбыр кодта, æмæ Дæлимоны фат йæ сæрты атахт. Уæд Темыр дæр ныхъхъавыди знагмæ, æмæ дын уыцы сахат фæз куы ныррухс уаид, цыма æмбисæхсæв хур скаст, уыйау. Цæстыфæныкъуылдмæ Дæлимон æрбайсæфт, лæппуйы фат йæ цæстыты астæу сагъд, афтæмæй. Йæ фæсдзæуинтæ йæ дæлдзæхмæ ныддавтой. Аминæ рухс кодта фæз, æмæ Темыр Дæлимоны æфсæдтимæ фæтох кодта суанг бонмæ, ныццагъта сæ, чи ма сæ баззад, уыдон та лидзгæ акодтой.

Аминæ суанг бонмæ фæлæууыд къæдзæхыл æмæ рухс кодта тохы фæз, стæй хуры фыццаг тынтимæ æрбайсæфт йе ‘мбисонды хæрв.

Уæд дын обауыл æмдымбыл æмæ цыбыркъах Халонбег йæ фæсдзæуинтимæ фæзындис æмæ хъæр кæны:

– Темыр! Райсом та æмбисæхсæв фæзы фембæлдзынæ мæ куырысмæдзæуджытимæ, сæ раздзог мæхæдæг, афтæмæй! Никуыма ничи фæтых махыл! Дæ бон у æмæ фæлидзай дардмæ!

– Мæ фыдæлтæй дæр ничи фæлыгъд дардмæ тохы фæзæй! Æз дæм æнхъæлмæ кæсдзынæн! – Темыр разыйы дзуапп радта æмæ ацыди фæзæй.

Аминæ та фæтарст Темыræн æмæ скуывта:

– Мады Майræм, табу дæхицæн, фæлæ куыд баххуыс кæнон

хъæбатырæн, хъайтар Темырæн? Хинæй йыл цæудзысты! Йæ мæлæт мæ мæлæт у, йæ цард – мæ цард!

– Байхъус та цъиумæ, – æрыхъуыст чызгмæ дзуары хъæлæс.

Зæрватыкк та абадтис йе уæхскыл.

– Аминæ, Темырæн куы баххуыс кæнай, уæд бафиддзынæ хъалон, нал зондзынæ цъиуты ‘взагæй, нал дын зардзысты хæхбæсты мæргътæ.

– Разы дæн комы дзуаримæ, табу йæхицæн! Цъиутæ та зарæнт райсомæй фæстæмæ æппæт цæрæгойтæ æмæ адæмæн, æмæ уыдоны цинæй рухс кæндзæнис мæ зæрдæ дæр. Фæлæ Темырыл гадзрахатæй куы рацæуой, уæд дыууæйæ дæр æгады мардæй сæфдзыстæм.

Зæрватыкк æм дзуры:

– Куырысмæдзæуджытæ бафæдзæхсынц сæ бинонтæн, цæмæй сæ мачи райхъал кæна сæ фынæйæ, цалынмæ сæхæдæг хибарæй æрчъицой, уæдмæ, æмæ сæ уыдон хъахъхъæнынц. Куы фæзыной знæгтæ фæзы иууылдæр, чи сырды хуызы, чи тугдзых цæргæсæй, уæд халæттæ æмæ дзæгъындзæгтæм фæсид, цæмæй уыцы æнаккæгты фехъал кæной сæ хъæрæй. Уæд куырысмæдзæуджытæ сæ хуыссæнты уайтагъд æрбамæлдзысты. Афтæ сын ныффыста сæ закъоны Дæлимон.

Уыцы рæстæг Темыр æмæ комы цæрджытæ сæ фыдгултимæ фæзы фембæлдысты. Райдыдта тох, цæгъдын райдыдтой, тугдзых сырдты хуызы чи бацыд, уыцы фыдгулты, фæлæ та-иу уыдон удæгасæй сæ цуры февзæрдысты фæстæмæ.

Уæд Аминæ фæсидти халæттæ æмæ дзæгъындзæгтæм:

– Мæ хæлæрттæ, тагъд атæхут, куырысдзауты хæдзæртты сæрмæ хъæр-уаст уæ тых, уæ бонæй сисут æмæ сæ райхъал кæнут!

Цъиуты хъæрæй фехъал сты фыдгæнджытæ сæ хуыссæнты, æрбамардысты адæймæгтæй æмæ тохы фæзы сырдтæ цæсты фæныкъуылдмæ æрбайсæфтысты. Уæд мæргътимæ стох кодтой Темыр æмæ хæхбæсты хæстонтæ. Фæтых та сты уыдоныл дæр.

Халонбег иунæгæй куы баззадис фæзы астæу, уæд лидзынмæ фæцис. Фæлæ уый дæр баййæфта Темыры фат æмæ сæрсæфæн æрхы мардæй балæууыдис...

Комы алы рæтты уыцы ‘хсæв сусæгæй ныгæдтой сæ куырысдзæуæг мæрдты, æгадæй тарстысты сæ бинонтæ æмæ хæстæджытæ.

Æртыккаг бон Темыр фембæлдис Сауханимæ æмæ йе знаг тохы фæзмæ æрцæуын нæ бауæндыди, фæлæ ма йæ фæсдзæуинтæй цы чысыл къорд баззад, уыдонимæ йæхæдæг Сау Барæгæй обауыл фæзындис æмæ Темыры хæхбæсты адæмимæ обауы сæрмæ тындзгæ куы ауыдта, уæд лидзæг фæцис, фæлæ йын дардмæ алидзын нæ бантыст, æрхы былгæрон æй йе знаг баййæфта.

Саухан æргæпп кодта бæхæй, хатыртæ курыныл фæцис, фæлæ йæ Темыры æхсаргард дыууæ дихы фæкодта æмæ ахауд, æрхы бынмæ ныттылд. Афтæмæй, сырдты амæддаг баисты фыд æмæ фырт.

Стыр комы адæм æрбамбырд сты куывдмæ. Цины хабар сын сæ тыхыл тых бафтыдта, цин у маст æмæ низтæ сурæг, цин хæссы адæмæн амонд, сæрибары амонд та адæмæн дæтты ныфс, кæддæридæр сæ бон кæй суыдзæн бахъахъхъæнын сæ кад æмæ сæ намыс, сæ кадджын ном сæ бындартæн амондхæссæг кæй уыдзæн.

Комы авд дзуары кувæн бонтæн се ‘рвитæны хистæртæ дзаг фынгтыл ногæй фембæлдысты. Хистæртæ табутæгæнгæ фæкуывтой се Стыр Хуыцаумæ, сæ сызгъæрин Уастырджи æмæ иннæ дзуæрттæм.

Уыцы изæр Инал комы цæрджытæн фехъусын кодта, Донбеттыримæ кæй бафидыдтой, æмæ уый йæ чызджы Темыræн кæй дæтты.

Стыр комы адæм стыræй, чысылæй авд боны æмæ авд æхсæвы фæбадтысты Темыр æмæ Аминæйы чындзæхсæвы. Нæлгоймæгтæ зарыдысты сæ хъæбатыртыл, æмæ арв нæрыд сæ цины хъæлæстæй.

Уыцы бонты Кадаты мæсыджы бацардысты Инал æмæ йæ уарзон кæстæртæ.

2017 аз

ХОХОЙТИ Энвер

МÆ ИРД БÆЛДÆ

ЗÆРОНД АВДÆНИ КАТАЙ

Элеги

Кæсун æма дин еу бонæ
Уинун – унгæгхъур, бостæй
Дзурдта авдæнæ-аздонæ, –
Цæстисуг гъардта ростæй:

– Адтæн Амонди астъонæ,
Сабийтæ ми ирæзтæй:
Ес алцæмæн дæр афонæ,
Лæуун тугури гæлстæй.

Мæ уозæг – нийерæг Мадæ,
Авд сабийи исхаста.
Нур цæрунцæ кадæ-радæй,
Ци кæнонцæ, ци, мадта?!.

Уæдæй æз ба æрæнцадтæн
Мæ цæугæ цард, мæ узтæй,
Руги буни æрæнкъард дæн
Мæ фиццагон тахт-уфстбæл.

Кæми ‘й цума уоци уосæ?
Еу фæззиннæг нæбал е?..
Зæрдæбæл лæууй æноси, –
Кæд батар æй æ дуйне?..

Уинун мæрдон æнкъард фунтæ,
Æй мæ хецау хæлаур:
Уафуй хизтæ листæг тунтæй,
Бателуй биндзæ базур...

Æристадæй æндæр догæ,
Ци ма фæууон мæ мæстæй?! –
Фаст ку ‘рцæуон хускъæ согæн,
Мæ фунук думгæ хæсдзæй...

РОБАС ÆМА БОРÆМÆЛГЪÆ

Æмбесонд-уайдун

– Хе серæмæ ка не смотуй, –
Бауарзуй еске дзикка,
И налатдзийнадæ уотæ ‘й:
Рæвдаудзæй дæ тилакотæй,
Макæд исуо йе ‘мдзæкка!

Еу хор бони борæмæлгъæ
Ниццæйзардта бæласæй.
Робас имæ:
– Уа гъоммæлгъæ,
Ку нæ лæууис ду не ‘мрæнгъæ, –
Исгъæр кодта еуварсæй. –

Цæуæн махмæ, цæмæй фунæй
Цурддæр кæнон дæ зартæй,
Ку нин зарай зæрдибунæй
Игъæлдзæг, æнæ тингунæй, –
Тъæпп хаудзæнæ мийнасæй.

Уæд бæласæй борæмæлгъæ
Æрцæйдзурдта æдасæй:
– Уæхæн ном мæбæл – гъоммæлгъæ –
Æнæлæугæй уæ медрæнгъæ,
Куд æруадæй æгасæй?..

Цæрун æрдзæн зартæ ‘лвесгæй,
Хори тунтæ – мæ уæле...
Кæд æууилдтон тæрсгæ-резгæй,
Тарстдзийнадæ зæрди хезгæй,
Кедæр конд уазал къере?

Нæ мæ фæндуй сирдти астæу
Къириндæстти – уæрæдæс,
Уой фæлтауги еу тар цъаси
Дæу хузæнттæй æз еуварси
Исараздзæн мæхе къæс...

Робас мæстæй рацавддор æй,
Уæхæн дзуапп си нæ хизта:
– Барæнæуай!.. – фурæзморæй,
Фудæлгъиститæ лæхоргæй,
Рохс федогмæ æвзиста.

КАТАЙ

Экспромт

Легче страдать,
когда знаешь – за что.

Р. Роллан

Мæ тухст уаваæр –
Æ тæмæни,
Цума къæйæ –
Зæйцæуæни.

Цитæ уинун –
Фурходгутæ:
Мæ гъуддæгти
«Æртхотгутæ...»

Мæ ех зæрдæ
Истайнæгъ æй...
Куд фæххæтон
Уæлдай лæгæй?!.

Мæ рагуарзти
Æздæхæни,
Цума зæйæ –
Æ кæлæни...

* * *

На светлое окно твое
Глядел из темноты –
Соседи понимали все.
Не понимала ты.

Константин Бальмонт

Рацо, цæй, уæ размæ,
Мæ уоди гага,
Кенæ ба къæразæй –
Еу идзулд уæдта...
Бахизтæй мæ магъзмæ
Тæвдæ, фиццаг ба...
Уогæ ба ци карз æй,
Уарзт сугъдæг ку уа!..
Æдта, ци мæйдар æй
Æнæ дæу дуйне?!
Зарон нидæн зарæй, –
Батава дæу йе?!
Ци барун уæ рæзтæ
Æррайи хузæн?..
Сосуарзтæй игъæстæ
Кæд фæууй хуарзæн?!
Изæрæй уæ цори
Фæуун агорæг,
Еу ести рæуонæй
Къæразгæ уинæг.
Æфсарæ æгасæй
Ислæудтæй не ‘хсæн.
Гъæйдæуай, æдасæй
Изолмæ ‘й фехсæн!
Уæ цори бæласæй
Дæ уатмæ – кæсæн,
Мабал ми æртасæ
Сонт уарзти тæмæн!
Ракæсай уæ размæ,
Рохс уарзти гага!
Уодæй мабал гъазæ, –
Ниссор æй дæ ба!..

* * *

Тебя люблю я столько лет,
И нежен я, и я поэт...

К. Бальмонт

Мæтæгæн райгон æй
Æ хæмпос тæнкъос, –
Гæбæло-бæлццон ин
Æрдаудта æ рос.
Ци дзурдта, ка ‘й зонуй?..
Пæр-пæр – æ фалдзос,
Миййаг, æ уарзон æй,
Хæссуй ин зæрдрохс...
Деденæг – имонау
Тæститæ, къæлос,
Æз – сонт, сувæллонау,
Ниддæн мæтъæл гъос.
Ниссах дæн и тафстмæ,
Мæ уод – æнæллау...
Алкæд дæ бауарзтмæ –
Цибæл, æнгъæлдзау.
Гæбæло-бæлццонау
Рагæй дæр мæ гъос
Ку дарун уарзонæй,
Ду ба – мæ фалдзос
Не ‘фсæри – синхонау
Нæ дæ æмцæдес...
Æз-а æхсæв-бонæй
Тонун мæ гъун-гъес...
Ке уарзтæй, нæ зонун,
Ду дæ рæвдуд, боз?..
Тæходуй уарзонæй
Æрдауæ дæ рос!
Æви мæ ирд бæлдæн
Рохс федæн нæййес?!
Ратонай, мæ зæрдæ, –
Æй рист дæ циййес!..

ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ

ÆЗ ДÆМ ТЫНДЗДЗЫНÆН

НÆ ХЪÆУМÆ

Куы æрцæуай æнæ мæн ды нæ хъæумæ,
Кæм æрвыстам нæ сабибонтæ сæрд.
Кæддæрау та куы кæсай уым æнхъæлмæ,
Фыдæнхъæл мын, мыййаг, куы фæуай уæд.

Лæудзысты зæрдыл уыцы рухс изæртæ,
Дæ цæстыты нæ зындзæн иу мур мæнг.
Æз дæм тындздзынæн, ма ‘хсайæд дæ зæрдæ,
Дызæрдыггаг-иу ма уæд, ма, æууæнк.

Дæ сахатмæ æркæс-æркæс куы кæнай,
Дывæр куы фæуа, о мæ бон, дæ зын.
Фæстагмæ мæ ды даргъ уынджы куы суынай, –
Зæгъдзынæ райгæ: «Ме ‘мгъуыдмæ фæзынд!..»

2017.08.03

УАРЗТ ДÆ КУЫ БАДОМА

Уарзт нын куы ахуысса,
зарæг куы нал хъуыса,
зон уæд дæ уалдзæджы фæуд.
Дымгæ куы радыма,
дидин куы бахус уа,
фæззæг æрцæудзæнис уæд.
Зымæг йæхи рады
хæхтыл куы райтындза
урс къуымбил – митын куырæт,
Уды цæхæр арты
зæрдæ куы нал хынца,
фæуд у дæ фæндаджы хæрд.

2014.11.02

РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

XIX æнусы дыккаг æмбис нын канд ирон литературæйы бындурæвæрæг Хетæггаты Къостайы нæ балæвар кодта, фæлæ къорд инæлары дæр. Уæды рæстæджы æфсæддон интеллигенцийы стъалыты ‘хсæн уæлдай тынгдæр æрттивы Фидараты Пацийы фырт Афæхъойы ном.

ЦЫБЫРТЫ Герлик

ХЪÆБАТЫР ИНÆЛАР, ДИПЛОМАТ, ÆХСÆНЫ КУСÆГ

Афæхъо каст фæци Дзæуджыхъæуы реалон училищæ. Дарддæр цы чындæуа, зæгъгæ, ахæм фарст куы слæууыд йæ размæ, уæд фидарæй равзæрста йæ фыды фæндаг – æфсæддон службæ. Æмæ бацыд Петербурджы бæхджын æфсады училищæмæ. Каст æй куы фæци, уæд 1882 азы августы службæ кæнын райдыдта Терчы хъазахъаг æфсады Дзæуджыхъæуы полчъы. Афæдзы фæстæ сси сотник. Раивтой йæ мæздæггаг хæххон полкъмæ. Ардыгæй йæ арвыстой фистæг æфсады афицерты скъоламæ Санкт-Петербургмæ. Уый фæстæ та ахуыр кодта бæхджын æфсады афицерты скъолайы. Скъола каст фæуыны фæстæ йын æнтыстджын службæйы тыххæй лæвæрд æрцыд Сыгъдæг Аннæйы 3-аг къæпхæны орден.

Фидараты Афæхъо уыдис ахуыргонд афицер, сæрибарæй дзырдта авд фæсарæйнаг æвзагыл. Уымæ гæсгæ 1897 азы æрвыст æрцыд Персы æфсæддон управленимæ. Ам раргом йæ дипломатон курдиат. Æххæст кодта Уæрæсейы паддзахадæн пайдайаг хъуыддæгтæ. Йæ арæхстджын дипломатон архайды тыххæй йын лæвæрд æрцыд Персайнаг стъалы Стай æмæ Хуры орден, стæй зынаргъ алмаситæй аивгонд æхсаргард.

1904 азы Афæхъо архайдта уырыссаг-япойнаг хæсты Манчжурийы. Япойнæгты ныхмæ тохты йæхи хъæбатырæй кæй равдыста, уый тыххæй йын саккаг кодтой Сыгъдæг Владимиры цыппæрæм къæпхæны орден цирхътимæ æмæ бантимæ, сызгъæрин хæцæнгарзимæ, «Хъæбатырдзинады тыххæй» фыст ыл, афтæмæй.

Уырыссаг-япойнаг хæсты фæстæ инæлар-майор Фидары-фырт ногæй службæ кодта Персы. Йе ‘нтысты-ты тыххæй 1911 азы райста Сыгъдæг Станиславы 1-аг къæпхæны орден æмæ инæлар-лейтенанты цин.

Фидараты Афæхъо.

Фидараты инæлары дипломатон архайдæй разы уыдысты Персы дæр æмæ Петербурджы дæр. Персы сах æй фæкодта лæвæртты бын, горæт Абердилы уынгтæй иуæн радтой Фидары-фырты ном.

1914–1915 азы Афæхъо командæ кодта Туркестайнаг-Хъазахъаг фыццаг дивизийæн. Фыццаг империалистон хæсты рæстæг хицауады бардзырдмæ гæсгæ хицæн къордимæ бацыд Афганистанмæ – бæстæйы хицауадимæ баныхас кæныны тыххæй. Иннæ аз та йæ ногæй арвыстой Персмæ.

Ам æй æрæййæфта Октябры революци. Фидары-фырт бауынаффæ кодта йæ райгуырæн Ирыстонмæ раздæхын. Уыцы рæстæджы Æрыдоны цыдис Ирыстоны хъæуты æмæ хъазахъаг станицæты минæвæртты съезд. Уым Фидары-фырт хъазахъæн бауынаффæ кодта, цæмæй дзæбæхæй сразы уой хæхты цæрæг æнæзæхх зæхкусджытæн сæ зæххытæй раттыныл, фæлæ хъазахъ не сразы сты.

1918 азы Фидары-фырт æвзæрст æрцыд Ирыстоны Национ Советы сæрдарæй, Ирыстоны Гæрзифтонг тыхты командæгæнæгæй.

Фидары-фырты æмдугон, профессор Дзагуырты Гуыбады Афæхъойы тыххæй афтæ загъта: «Национ Совет Фидары-фыртмæ фæсидт, цæмæй уый фервæзын кæна Ирыстоны æмæ йæхимæ райса Иры Гæрзифтонг тыхтæн командæ кæныны хæс. Уый у стыр æмæ кадджын, дзырддзæугæ адæймаг, сарæхсдзæн мæхъæл æмæ хъазахъы ‘хсæн сабырдзинад æрæвæрынмæ, Иры бæстæ уыцы тыхтонайæ бахизынмæ. Фидары-фырт цыбыр рæстæгмæ сæххæст кодта уыцы хæс».

Фидары-фырты уæды рæстæджы архайд, куыд æмбæлы, афтæ

ærгомгонд нæма æрцыд. Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социологон иртасæнты институты ис Фидары-фырты хæстæджыты æмæ зонгæты мысинæгты къухфыстытæ. Æрхæсдзыстæм дзы иу цалдæр. Афæхъо Ир æмæ Мæхъæлы ‘хсæн абухгæ 1918 азы сабырдзинад ныффидар кæныныл куыд архайдта, уый тыххæй Фидараты Эльберты мысинæгтæ:

– Цæвиттон, Бæтæхъойыхъæуы цæрджытæ æмæ мæхъæлы ‘хсæн рагæй-æрæгмæ дæр тыхтона не ‘нцад. 1918 азы мартъийы мæхъæлон абырджыты стыр æрдонг дингæнæг экстремистты ардыдæй ныббырстой хъæумæ, басыгътой йæ, цæрджыты бастыгътой. Уыцы цау абон дæр рох нæу нæдæр Иры дзыллæтæй, нæдæр хъæуы цæрджытæй. Ныббырстæй чысыл рæстæг рацыд, афтæ Афæхъомæ Беслæнæй фæхабарчындæуыд, ахæм ныббырст, дам, мæхъæлæттæ цæттæ кæнынц Олгинскæйы хъæумæ дæр. Афæхъо æвæстиатæй файтон сифтындзын кодта æмæ, йемæ Далаковæй дзырддзæугæ мæхъæлон лæджы айсгæйæ, уайтагъд бахæццæ Базоркинмæ. Файтон баскъæрдта хæстмондаг дзолгъо-молгъогæнæг адæмы æхсæнмæ. Мæхъæлон зæронд лæг сиды, Иры инæлармæ байхъусут, зæгъгæ. Фæлæ хъусæг нæй. Афæхъойы бацыды хæдразмæ молло фæндарасты арфæ ракодта стæры цæуджытæн. Афæхъо сæм æртæ сахаты бæрц фæхатыд, цæуыл хæцæм, цы ис не ‘хсæн, цæмæн марæм зæрæдты, сылгоймæгты, сывæллæтты, зæгъгæ, хæсты азты, мыййаг, чысыл туг куы нæ ныккалд. Хъусæг нæй.

«Хорз, кæд хæцгæ, уæд хæцгæ! Тæккæ райсом уыл æз мæхæдæг сæмбæлдзынæн Иры æфсæдты сæргъы», – загъта сын æмæ æнæ бæрæг дзуаппæй раздæхт Зилгæмæ.

Афæхъойы уыцы тæссаг рæстæг хъахъхъæнгæ кодтой, æмæ, Базоркинæй куы раздæхтысты, уæд хæдзар хъахъхъæнæг æрлæууыд мæ фыд. Бон куы фæцъæх, уæд Афæхъойы хæдзары цур сæ бæхтæ æрурæдтой мæхъæлон хадзы йе ‘мбалимæ. Мæ фыд сæ бафарста: «Чи стут æмæ уæ цы хъæуы?»

Дзуапп уыдис, Афæхъомæ фыстæг æрбахастон, зæгъгæ.

Афæхъо къæрцхъус фынæй кодта æмæ бæхты къæхты уынæрмæ фехъал. Куырæт йе уæнтыл æрбаппаргæйæ, рахызт тыргътæм, æмæ йæм уым мæхъæлон радта фыстæг. Ныхас дзы цыдис, зæгъгæ, Афæхъо Базоркинæй куы ацыд, уæд мæхъæлон интеллигенцийы къухы бафтыд хæстмондаг лæбурджытæн сæ фæнд аивын кæнын, æмæ дзы хатыр куырдтой, мæхъæлæттæ

йыл гуымиры хуызы кæй сæмбæлдысты, йæ дзырдæн ын аргъ кæй не скодтой, уый тыххæй. Афтæ Олгинскæйы хъæу мæхъæлон ныббырстæй хызт æрцыд. Мæ фыд æй куы бафарста, фыстæджы цы хабар ис, зæгъгæ, уæд Афæхъо загъта:

– Мæхъæлон интеллигенцийæн сæ къухы бафтыд бырсджыты фæнд аивын кæнын. Интеллигенци кæддæриддæр абырджыты ныббырсты ныхмæ уыдысты.

Фидараты Эльберты мысинæгты ма ис Афæхъойы хæларзæрдæйы æвдисæн. Персы куы службæ кодта, уæд фæллад уадзынмæ Уæрæсемæ фæндагыл бафысым кодта Калачы уазæгуаты. Иуахæмы йын къæлидоры радгæс йæ дуар бахоста, уазджытæ дæм, зæгъгæ. Ракаст, æмæ дыууадæс ацæргæ нæлгоймаджы сæ уæрджытыл æрхаудысты. Ахæмтæ ахуыр нæ уыд, сæ къæхтыл сæ слæууын кодта, бахуыдта сæ уатмæ, суазæг сæ кодта, стæй сæ бафарста, цы хъуыддаг сæ тыхсын кæны, уымæй. Уазджытæ уыдысты хуссайраг ирæттæ æмæ хъаст кодтой, гуырдзиаг къниæзтæ сæ скаст кæй нæ уадзынц, сæ царм сын кæй стигъынц, ууыл. Бамбарын сын кодта, ам мæм ницы бартæ ис, фæлæ мын райсом фембæлд уыдзæн паддзахы барджын лæгимæ, æмæ йын уæ хъаст радзурдзынæн, зæгъгæ. Уыцы фембæлд уыд августы. Иннæ августы та раст уыцы уазæгуаты йæ размæ фесты, фарон хъаст чи кодта, уыцы нæлгоймæгтæ. Ныр та цингæнгæ æмæ арфæйы ныхæстимæ, тыхтона цардæй нæ фервæзын кодтай, зæгъгæ. Хъастгæнæг ирæттæ Афæхъойы балцы хабæрттæ куыдæй базыдтой, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ йын тынг æхсызгон уыд, йæ адæмæн кæд исты чысыл хорз ракодта, уæд уый.

Адæймаг цас курдиатджындæр æмæ сæрæндæр уа, уыйас æм гæппæввонгдæр æмæ æнæхатырдæр сты нæ фыдгултæ, хæлæггæнджытæ. Советон хицаудзинадыл «тынг æнувыд» æцæг адæмы знæгтæ йæ 1930 азы æрцахсын кодтой, æрымысæггаг цъыфкалæнтæ йыл фæфыстой, æмæ дын адæмы мæнг сæрхъуызойтæн ахæм авæрай! Хъæуы рæстзæрдæ адæм, хъæуы хицауад архайдтой Афæхъойы фервæзын кæныныл. Зилгæйы ревком НКВД-мæ гæххæтт барвыста, Фидары-фырт хицаудзинады ныхмæ никуы ницы дзырдта, Иры æмæ Мæхъæлы ‘хсæн змæсты фарс никуы уыд, æмæ йæ æппæт архайд дæр уыд адæмты ‘хсæн хæлардзинад сфидар кæныныл. Фæлæ никуы æмæ ницы. 1930 азы 15 мартъийы йын фехсыны тыххæй тæрхон рахастой.

Фæлæ дуне афтæ арæзт у, æмæ йæ адæмæн, йæ бæстæйæн кад æмæ радæй, æнæзæрдæхудтæй чи фæлæггад кæны, уыдоны рухс нæмттæ нæ сæфынц.

Рох нæу Фидараты инæлар Афæхъойы рухс ном. 1989 азы Сæйраг тæрхондон аивта, цæмæйдæриддæр æй зылын кодтой, уыцы аххосæгтæ, æмæ йын йæ ном банымадтой сыгъдæгыл. Уыцы сыгъдæг, рухс ном æнусты уыдзæн ирон адæмы зæрдæты.

Арфæйаг хъуыддаг бакодтой Зилгæйы цæрджытæ. Уыдон сæхи фæрæзтæй сæ зындгонд æмзæххонæн, Уæрæсейы Æфсады инæлар Фидараты Афæхъойæн стыр фæндаджы был, Советон Цæдисы Хъæбатыр Æхсараты Энверы цыртдзæвæны фарсмæ сæвæрдтой гранит дурæй бюст. Уымæй хъæубæстæ сæнусон кодтой се ‘мзæххоны ном. Фæлæ мæм афтæ кæсы, цыма уый фаг нæу, уымæн æмæ Афæхъо канд Зилгæйы хъæбул нæу. Уый у Ирыстоны æмæ Уæрæсейы аккаг фырт.

Рæстдзинад, 2014, №156

«Мах дуджы» редакцийæ. *Рагæй фæстæмæ дæр Ирыстоны хуызæн хицæуттæ куы уыдаид, уæд Афæхъойæн дæр, стæй нæ иннæ фарны лæгтæн дæр сæ рухс нæмттæ нывыл æнусонгонд æрцыдаиккой. Абайты Вассойы амардыл 18 азы рацыди, фæлæ йын абоны онг Дзæуджыхъæуы цыртдзæвæн кæй нæма ис, уый худинаджы æмæ аллайаджы хабар нæу? Мамсыраты Хаджумарæн уартæ дард Испанийы бюст сæвæрдтой, йæ райгуырæн Ирыстоны сæйраг сахары та йын кæд фендзыстæм дурæй кæнæ бронзæйæ конд фæлгонц? Ам æрмæстдæр æртæ разагъды лæджы кой сколтам, фæлæ йæ ном æнусон скæнын кæмæн хъæуы, уыдон дæсгæйттæй нымайгæ сты.*

Уыйхыгъд цыртдзæвæн сæвæрыны тыххæй радзур-бадзуртæ кæнæм, Ирыстонæн хорзы бацæуынæй зиан ракæнын фылдæр кæмæн бантыст, ахæм мæнгард политикты тыххæй.

Æниу Дзæуджыхъæу англисаг сахарæй куы агæпп ласта, нæхæдæг та уырыссæгтæ куы систæм, уæд ма цæуылты дзурæм? Æрмæст ма нæ иу хъуыддаг рохуаты баззади. Нæ сæйраг сахарæн англисаг ном раттын!

Владимир МАЛЕВАННЫЙ

СЭНСЭЙ ИЗ ЯСЕНЕВА

Интервью

Американские, британские и другие иностранные разведчики были выявлены благодаря системе, которую разработал ***Юрий Тотров***

– ЮРИЙ ХАНГЕРИЕВИЧ, сотрудникам западных спецслужб Вы известны как создатель методики выявления иностранных разведчиков, действую их под различными прикрытиями. Говорят, в Лэнгли, штаб-квартире американской разведки, Вас именуют бывшим «теневым начальником отдела кадров ЦРУ». Так ли это? И каким образом американцы узнали о Вашей «секретной системе»?

Юрий Тотров.

– Несколько лет назад один из американских журналистов предложил мне издать книгу автобиографического характера, с условием, чтобы в ней обязательно подробно описывалась система, по которой КГБ с высокой точностью устанавливал принадлежность американцев к разведке, в частности, к ЦРУ и Агентству национальной безопасности. За это мне предлагался весьма крупный гонорар, порядка полумиллиона долларов, плюс рекламная поездка по Штатам. Я отказался, объяснив, что секретами не торгую. У меня нет никаких сомнений: сведения о наличии в прежнем Управлении «К» разведки КГБ такой системы попали в Лэнгли от предателей из числа бывших наших сотрудников – Левченко, Гундарева, Спирина и других. Однако ЦРУ стало известно о разработанной мною методике лишь в общих чертах, детали

же остаются для американцев загадкой. А суть была в том, что не успевал еще какой-то их сотрудник добраться до места нового назначения, как в штаб-квартире советской разведки в Ясенево уже знали об этом сотруднике почти всю необходимую нам информацию. Поэтому я и был зачислен в «теневые кадровики», о чем мне впоследствии, смеясь, рассказывали некоторые из бывших американских разведчиков.

– Бывший генерал КГБ Олег Калугин в своих мемуарах 1994 года утверждает, что под его руководством в разведке был составлен секретный справочник с именами тысяч реально установленных сотрудников ЦРУ. Этот «талмуд», по словам Калугина, который Вас в книге не упоминает вовсе, был торжественно вручен шефу КГБ Юрию Андропову. Речь идет о Вашей системе?

– Калугин до 1979 года был начальником Управления «К», в котором я работал. Раскрытый в его книге справочник по ЦРУ – лишь один из многих «продуктов» нашей системы. Это результат работы нашего подразделения как части управления внешней контрразведки ПГУ.

– Под какими «крышами» обычно действуют американские разведчики?

– Прикрытия, которыми пользуются сотрудники ЦРУ, условно делятся на две категории – официальные и неофициальные («глубокие»). К официальным относятся должности, предоставляемые в распоряжение ЦРУ госдепартаментом, информационным агентством ЮСИА, Управлением международного развития, Корпусом мира, министерством обороны и другими государственными ведомствами США. Разведчики, действующие под этими прикрытиями, как правило, защищены дипломатическими паспортами или хотя бы служебными. Сотрудники Лэнгли, имеющие «глубокое» прикрытие, то есть работающие под видом бизнесменов, журналистов, аспирантов, представителей любых других общественных или частных организаций, не получают дипломатического иммунитета в стране пребывания. И тем самым рискуют в случае своего провала оказаться под арестом.

Самыми распространенными – как с точки зрения безопасности, так и для получения дипломатических привилегий – прикрытиями для американской разведки были должности сотруд-

ников госдепартамента в зарубежных представительствах США.

– *С чего начиналась Ваша система?*

– Еще в 1961–1962 годах, работая в одном из линейных региональных отделов ПГУ, я пытался определить истинную ведомственную принадлежность американцев, встречавшихся с нашими источниками из числа японцев. Уже тогда обратил внимание на ряд характерных признаков, имевшихся в официальных биографиях сотрудников ЦРУ. На эти же признаки, отличавшие разведчиков под дипломатическим прикрытием, обращали внимание и некоторые мои коллеги в Центре и зарубежных резидентурах КГБ.

Постепенно на основе анализа открытых материалов в сочетании с добытыми оперативным путем сведениями удалось выявить состав резидентур ЦРУ на Дальнем Востоке и в Юго-Восточной Азии.

Начальство в принципе одобрило мои усилия, но посоветовало подождать, когда мы завербуем кого-нибудь из американских разведчиков и он подтвердит правильность содержащейся в моем рапорте методики идентификации сотрудников Лэнгли.

В 1967–1971 годах я находился в долгосрочной командировке в Японии, передав на время «эстафету» в надежные руки. Вернувшись из Токио, через некоторое время был переведен в информационно-аналитический отдел службы внешней контрразведки, которую в 1973 году преобразовали в Управление «К». Там мне пришлось уже вполне «легально» заниматься выявлением сотрудников ЦРУ, совершенствуя методику. Как раз в этот момент от нашего надежного источника стала поступать достоверная информация о «дипломатах из ЦРУ» в одном из регионов зарубежья. Поскольку эти данные реально подтверждали результаты наших усилий, я решил, что надо вновь доложить о системе и добиться ее внедрения. В качестве наглядного свидетельства эффективности данной методики мы подготовили тот самый справочник по личному составу ЦРУ, который так понравился Андропову.

Разработанная методика выявления сотрудников ЦРУ, АНБ, ФБР и других спецслужб США получила – после десяти лет «неофициального» существования – одобрение руководства КГБ и была принята на вооружение нашей разведкой. Мы наладили

систему «постоянного слежения» за всеми перемещениями наших «подопечных», информируя о них заинтересованные подразделения ПГУ. Однако и после этого мне иногда приходилось сталкиваться с непониманием и неверием в перспективность данной разработки.

– *Вам приходилось «держать удары»?*

– Некоторые руководители и оперработники утверждали, что надо заниматься не выявлением иностранных разведчиков, а их вербовкой. Мол, хватит тратить время на анализ и копание в справочниках... Я терпеливо пытался объяснять: прежде чем начинать готовить вербовку кого-либо из американцев, надо выяснить, какое из многочисленных ведомств он представляет – ЦРУ, ФБР, АНБ, РУМО (разведка Пентагона), ЮСИА, госдепартамент, Управление международного развития, Бюро по наркотикам, Службу внутренних доходов, Секретную службу Минфина и прочие. В зависимости от ведомственной принадлежности «кандидата» и надо вести подготовку дальнейших оперативных мероприятий.

– *Каковы общие результаты применения Вашей системы? Что вызывало наибольшие трудности?*

– Одним из наиболее сложных направлений в работе было выявление сотрудников ЦРУ под «глубокими» прикрытиями. Но и здесь наша комплексная система доказала свою эффективность, оказав весьма существенную помощь оперативным подразделениям внешней контрразведки.

Созданию системы я отдал 20 лет из 32 календарных лет моей службы в разведке. За эти годы удалось выявить тысячи только американских и английских разведчиков. Многих из них я знал лично по работе в Японии, других – по знакомым мне оперативным делам, фамилии третьих только иногда появлялись на экране моего компьютера. Со временем некоторых из этих объектов нашего интереса воспринимал уже как старых знакомых, а тех, кого я выявил с первой загранкомандировки и постоянно следил за их служебным ростом, в шутку называл своими «крестниками».

– *Ваша система действует и наверняка используется Вашими последователями...*

– Уезжая в 1991 году в Осаку, в свою последнюю служебную командировку, я с удовлетворением подумал: сейчас наша система выявления совсем не похожа на ту, какой она была в

начале 1960-х. Система уже имела на вооружении самые последние достижения науки и техники, которые помогали нам безошибочно «вычислять» иностранных разведчиков, какими бы прикрытиями они ни пользовались.

– В ряде западных публикаций, начиная с тех лет, когда Вы работали в Японии, Вас называли специалистом по вербовке американцев и канадцев. Это правда?

– Никаких «канадцев» не было, их придумал австралийский журналист Роберт Мосс, тесно сотрудничавший с американской и английской разведками. Мне доводилось готовить и проводить вербовки сотрудников ЦРУ и СИС в третьих странах. Это входило в круг моих задач как офицера линии КР – внешней контрразведки... Кстати, и ко мне по крайней мере дважды делали подходы парни из Лэнгли. Впервые в Бангкоке в 1959 году, когда я работал по линии МИД, «чистым» дипломатом. А второй раз в Осаке в сентябре 1991-го.

– Как это выглядело? Хотя бы вкратце поясните, каковы были методы.

– В 1959 году в Бирме сбежал к американцам атташе советского посольства Александр Казначеев, с которым мы прежде учились на одном курсе в МГИМО. Видимо, детально опросив перебежчика о его однокашниках, ЦРУ определило тех из них, кто работает в посольствах СССР за рубежом и против кого можно провести зондажную акцию с целью дальнейшей возможной вербовки. Свою провокацию в отношении меня они приурочили ко Дню чекиста, отмечаемому 20 декабря. Полагаю, по наводке таиландской контрразведки, которая узнала о моем знакомстве с американцем Робертом Барроузом, резидентура ЦРУ в Бангкоке решила всучить мне письмо от Казначеева, где тот предлагал мне бежать в Америку, следуя его примеру. Конверт с письмом вложил в каталог монет оперативник Эндрю Несс, знакомый мне как второй секретарь посольства. Увидев мое возмущение, американец ретировался бегством... А в итоге мне через год предложили работать в КГБ.

– А в Японии у ЦРУ другой подход?

– В 1991 году все было иначе. В Осаку меня направили по линии нашего генконсульства заниматься торговыми и экономическими вопросами. Для молодых американских разведчиков я был уже «сэнсэй», «учитель» по-японски. Они имели обо мне

информацию, полученную от предателей и перебежчиков. Многих я хорошо знал по предыдущим командировкам. Таким «старым другом» оказался и Уолтер Флойд, заместитель резидента ЦРУ в Токио. Он специально прибыл в Осаку для зондажной беседы со мной 5 сентября 1991 года, вскоре после событий ГКЧП в Москве. Встречу организовал резидент ЦРУ в Осаке и Кобэ Джордж Биолси, имевший прикрытие консула.

В тот момент, используя свои возможности в прессе ряда стран, американцы запустили фальшивку: якобы несколько сотрудников КГБ в Пекине, опасаясь преследований за какое-то сочувствие или связь с ГКЧП, не вернулись в Москву, а попросили политического убежища у китайских властей. Через некоторое время такая же небылица была сочинена о советских разведчиках в Мехико. Я понял, что на фоне таких публикаций и на волне антилубянских настроений в Союзе ЦРУ по всему миру делает вербовочные подходы к нашим офицерам разведки. Не сегодня-завтра подберутся и ко мне. Так и случилось. В ходе беседы Флойд и Биолси убедились, что разговорить или подкупить меня им не удастся. Поэтому даже не заикнулись о деньгах. Но их целью была какая-нибудь информация о нашем агенте в ЦРУ.

– *Каком агенте? И почему от Вас?*

– Впоследствии нам стало известно, что ЦРУ совместно с ФБР выделили 5 миллионов долларов в качестве вознаграждения тому, кто поможет им раскрыть некоего агента КГБ в ЦРУ, который, по предположениям американцев, мог стать причиной провалов их ценнейшей агентуры в Советском Союзе. В контрразведке США подготовили список примерно из 80 сотрудников ПГУ, кто мог иметь доступ к интересующим ЦРУ сведениям о «кроте».

Поначалу Флойд любезно передал привет от сотрудников ЦРУ, знакомых мне по прежним годам. Затем он перевел разговор на тему неудачного ГКЧП: учитывая, что в КГБ идут реорганизация, массовые увольнения и не исключено даже преследование кого-то из разведчиков, ЦРУ готово мне помочь и предоставить убежище в США. Я поблагодарил Флойда за заботу и пожурил его за то, что он плохо изучил мое досье в Лэнгли, где наверняка стоит казенный штамп: «невербуемый». Тут в разговор включился Биолси, заявив, что его беспокоят

мои встречи с американцами в Японии. А потом неожиданно спросил: «А кто из американцев сейчас в США работает на КГБ?»

Я рассмеялся и ответил: Америка не мой регион, поэтому вопрос не по адресу. Расставаясь, мы пожелали друг другу здоровья и семейного благополучия. Смысл их последнего вопроса я понял только в феврале 1994 года, когда в США объявили об аресте Эймса – сотрудника ЦРУ, ныне отбывающего пожизненное заключение за шпионаж. Ясно, почему тремя годами ранее ЦРУ пыталось заполучить какую-то наводку на советского «крота» в Лэнгли. К чести наших разведчиков следует заметить: как позже признали и в ЦРУ, ни один из сотрудников ПГУ, к которым американцы обращались тогда с вопросом о возможном «кроте», не согласился давать ответ...

ИЗ ДОСЬЕ «НГ»:

Юрий Хангериевич Тотров родился в 1933 г. в Москве. Окончил МГИМО и разведшколу ПГУ КГБ СССР (ныне Академия внешней разведки СВР). Работал дипломатом в Таиланде (1958–1960), в качестве сотрудника внешней разведки под дипломатическим прикрытием в Японии (Токио, 1967–1971 и 1975–1980; Осака, 1991–1992, резидент), выполнял краткосрочные задания в ряде стран Азии и Африки. Член Российской ассоциации ветеранов внешней разведки, полковник СВР в отставке.

«Независимая газета»,
№ 14, 2000.28.09

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

*Нæ равдысты – **Хъесаты Мараты** куыстытæ. Марат райгуырди 1985 азы 8 июлы Æрыдоны. 2005 азы каст фæци Дзæуджыхъæуы аивадон училищæйы нывгæнынады-педагогон хайад. 2006 азы бацыд Уæрæсейы аивæдты академийы цур И. Е. Репины номыл Санкт-Петербурджы нывгæнынад, скульптурæ æмæ архитектурæйы академион институты нывгæнынады факультетмæ. Уым ахуыр кодта Уæрæсейы Федерацийы адæмон нывгæнæг, профессор, Уæрæсейы аивæдты академийы æцæг уæнг А. К. Быстровы монументалон нывгæнынады æрмадзы.*

2014 азы йæ райстой Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисмæ.

Цæры Санкт-Петербурджы, 2015 азæй фæстæмæ ахуыргæнæгæй кусы И. Е. Репины номыл академион институты.

Уыдис ын ахсджиаг равдыстытæ Уæрæсейы, Брюсселы, Монтмедийы, Люксембурджы, Берлины...

2018 азы йын лæвæрд æрцыди А. Старыхы номыл «Сæрмагонд сгуыхтыты фыццаг преми».

Тедо. Дзæбидырдзуан.

Дзыманды.

Захъа.

Хосгæрдæн.

Натюрморт.

Мысинаг.

Хурныгуылд.

Зымæг хæхты.

Хæстон.

Ура!

Чызджы сурæт.

Дымгæ.

Цуанон.

Мад.

Сæрд хæхты.

Фын.

Фæззæг хæхты.

Дыууæ уды.

Хæрзбон.

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз

ДЫУУÆ НЫХАСЫ ХАДЖИЙЫ ТЫХХÆЙ

Ирон литературæйы историйы сыгъзæрин дамгъæтæй фыст æрцыд зындгонд поэт, литературæиртасæг, филологион наукæты кандидат, Ирыстоны зынгзæрдæ патриот Дзуццаты Арабеджы фырт Хадзы-Мураты ном.

Хаджи (афтæ йæ хуыдтой йæ хæлæрттæ) райгуырди 1935 азы Хуссар Ирыстоны Хъорнисы хъæуы. Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта дыууадæсаздзыдæй.

Ивгъуыд æнусы фæндзайæм азты Хадзы-Мурат ахуыр кодта Мæскуыйы М. Горькийы номыл литературон институты. Йæ ахуыргæнджытæ уыдысты уырыссаг литературæйы дæснытæ Владимир Луговской, Илья Сельвинский, Михаил Светлов. Институты йемæ иу курсы ахуыр кодтой Евгений Евтушенко, Беллæ Ахмадулина, Роберт Рождественский.

1957 азы институт каст фæуыны фæстæ Хаджи æрыздæхт йæ райгуырæн Хуссар Ирыстонмæ æмæ йе ‘ппæт цард дæр снывонд кодта ирон литературæ æмæ аивадæн. Хаджийæн уыд йæхи поэтикон хъæлæс. Уыимæ ныффыста бирæ монографитæ нæ зындгонд ирон фысджыты тыххæй.

Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдарæй кусгæйæ, фæстæдæр та газет «Хурзæрин»-ы сæйраг редактор уæвгæйæ ирон литературæ райрæзын кæнынæн Хаджи сарæзта бирæ хорз хъуыддæгтæ. Уыди хуымæтæг, уæздан æмæ зæрдæхæлар адæймаг, æмæ йын уый тыххæй уæлдай стырдæр кад кодтой куыд Хуссары, афтæ Цæгат Ирыстоны дæр.

Хаджи иудадзыг тыхсти нæ мадæлон æвзаджы уаварыл. «Ирон æвзагæн, ирон литературæйæн цæргæсы хъандзал базырау у Къостайы сфæлдыстад. Адæмæн сæ тых æмæ сæ культурæ ис сæ мадæлон æвзаджы», – дзырдта мын-иу арæх Хаджи.

Иу рæстæджы йæ фæхуыдтон, сæргълæууæг кæмæн уыдтæн, уыцы литературон иугонд «Суадон»-мæ. Райдайгæ фысджытæ

йæм стыр цымыдисæй хъуыстой, йе ‘мдзæвгæтæ куы каст, уæд. Æмдзæвгæтæ та афтæ аив æмæ рæсугъд каст æмæ иу адæймагæн йæ зæрдæйы тæгтæ нызмæлын кодта. Кæддæриддæр-иу райдыдта йæ уарзон æмдзæвгæ «Ме ‘взаг»-æй:

Ме ‘взаг, чи дыл нæ фæлвæрдта тых,
Чи дæ нæ мардта!
Аттилæ дæ сонтæй тæхгæ бæхыл тардта,
дæ къухтæ дын цавта,
дæ къæхтæ дын цавта,
фæлæ дын дæ зæрдæ
йæ кардæй, йæ арцæй нæ ардта!
Дæ фæдыл зылдысты
Тимуры æфсæдтæ,
сæ къæхты бын ссæстой
дæ фæндтæ, дæ фæдтæ,
фæлæ дæ фæдтæ –
сызгъæрин цæфхæдтæ –
æрттывтой-иу зæххыл
бæрæгæй, арфæй,
цыма стъалытæ арвæй...

Æмæ дарддæр:

Æз мæ ингæны ниудзынæн,
хъæрздзынæн,
Ирыстоны суадæттау
зæххы бынæй кæудзынæн,
Æз фæстаг поэт куы уон,
поэттæ мæ фæстæ куынæуал уа,
Ирыстоны хæхтыл
сау туг куы ныууара,
æз мæрдтæм дæр куы нæ хъусон
иронау
Къостайы сидт тохмæ,
иронау
Отеллойы богътæ!

Хаджийы стырдæр бæллиц уыди, цæмæй Хуссар Ирыстон ссæрибар уыдаид Гуырдзыстоны реакцион хицауады къæлæтæй. Æмæ ууыл иудадзыг уыдис йæ тох. Фæлæ Гуырдзыстоны

хъæддаг «ælдæртты» фæсдзæуинтæ, мидæггаг знæгтæ æнцой нæ лæвæрдтой поэтæн, цæлхдуртæ йын æвæрдтой, æртхъирæнтæ йæм кодтой амарынæй, æмæ уæд уый дæр 1996 азы йæхи райста Цæгат Ирыстонмæ. Куыстмæ йæ райста журнал «Мах дуджы» редактор Хъодзаты Æхсар. Тынг стыр аргъ кодта Хаджи Æхсарæн, хуыдта йæ йæ ирвæзынгæнæг уыцы тыхст æмæ мæгуыр заманы. Уæд æз куыстон газет «Рæстдзинад»-ы, æмæ-иу мæ Хаджи уым арæх абæрæг кодта. Хæларæй цардыстæм рагæй фæстæмæ дæр. Иу сæрдыгон бон литературон изæры фæстæ республикон наукон библиотекæйæ Хаджиимæ иумæ куы рацыдыстæм, уæд Сабырдзинады проспекты тезгъо кæнгæйæ Хаджийы бафарстон, зæгъын, дæ хæлар Хъодзаты Æхсары цæрæнбон бирæ уæд, куыстæй дæ хорз сифтонг кодта, фæлæ цæрæнбынатæй та куыд арæзт дæ? Уый иуцасдæр ницы сдзырдта, стæй æрлæууыд æмæ мын æнкъард мидбылхудтимæ загъта:

– Тенгиз, бауырнæд дæ, æз ныр æртыккæгæм мæй цæрын æнæхæдзар бомжтимæ дыккæгæм автовагзалы дыккаг уæладзыджы.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ æз фырадæргæй мæ мидбынаты сагъдау баззадтæн, мæ бон сдзурын ницыуал баци, фæлæ йæ уæддæр дисгæнгæ бафарстон:

– Æмæ, Хаджи, нæ Фысджыты цæдисмæ нæ бахатыдтæ, цæмæй дын баххуыс кæной, уый тыххæй?

– Бацыдтæн, фæлæ мын цæдисы сæрдар тызмæгæй загъта, æз , дам, хицауады, стæй горæххæсткомы ЖКХ-йы сæрдар нæ дæн, фæлæ Фысджыты цæдисы сæрдар, æмæ цæрæнуæттæ нæ уарын.

Уыцы бон Хаджийы нæхимæ акодтон, уæд цардтæн 34-æм микрорайоны иууатон фатеры. Мæ бинойнагæн загътон, цæмæй уал рæстæгмæ йæ цæгатмæ ацæуа. Уый мæ уайтагъд бамбæрста. Йæхæдæг дæр поэт у. Æмæ Хаджи иу мæйы бæрц фæцард мæнмæ, иудадзыг тыхстис, æфсæрмы кодта, фæлæ йын æз загътон, цæмæй мацæуыл тыхса. Уымæн æмæ бон цæуы æмæ йемæ фарн хæссы. Иуафон нæм «Рæстдзинад»-ы редакцимæ æрбацыд уазæгуат «Æфсир»-ы директор, зындгонд æхсæнадон кусæг æмæ публицист Туаты Æхсар. Уый куы базыдта, Дзуццаты Хаджийæн цæрæнбынат нæй, уæд загъта:

– Табуафси, уæртæ рацæуæд æмæ цæрæд нæ уазæгуаты.

Æмæ, æцæгдæр, Туаты Æхсар йæ уазæгуаты Хаджийæн

рахицæн кодта хицæн уат æртыккаг уæладзыджы. Æмæ дзы фæцард æртæ азы æмæ фондз мæйы, уый фæстæ уазæгуат «Æфсир»-ы агъуыст райдыдтой бындуронæй цалцæг кæнын, æмæ Туаты Æхсары æрвад (куыста медицинон институты æмдзæрæны комендантæй) радта æмдзæрæны иу уат Хаджийæн. Уыдæттæ фыссын уымæн, æмæ, хъыгагæн, нæ разамонджытæ се ‘ргом фаг не здахынц фысджытæм. Зæгъæм, Ирыстоны патриот Гуыцмæзты Алешы идæдз, курдиатджын поэт Кокойты Эльзæ ныр фондз æмæ ссæдз азы бæрц йæ дыууæ чызгимæ рахау-бахау кæны æххуырст фатерты. Цæрынц мамæлайы къæбæрæй. Цалдæр азы размæ мах, фысджыты къорд, ныффыстам Республикæйы раздæры сæргъæлæууæг Мамсыраты Таймуразмæ æмæ горæты мэр Дзантиаты Сергеймæ, фæлæ нын нæ фыстæгæн дзуапп дæр нæ радтой.

Дзуццаты Хадзы-Мураты бинонты хæлар, Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты ахуыргæнæг Мæргъиты Фатимæ куыд зæгъы, афтæмæй Хаджи уыди курдиатджын литературæиртасæг. Уый йе ‘ппæт наукон куыстытæ дæр фыста йæ мадæлон æвзагыл.

– Гуырдзиæгтæ ирон æвзаджы æмæ ирон адæмы ныхмæ куы райдыдтой тох кæнын, – зæгъы Мæргъиты Фатимæ, – уæд арæзт æрцыд æхсæнадон-политикон змæлд «Адæмон Ныхас». Ирон поэттæй æмæ фысджытæй, стæй интеллигенцийæ фыццаг бонæй фæстæмæ адæмы фарсмæ æрбалæууыдысты æрмæстдæр Дзуццаты Хадзы-Мурат æмæ Икъаты Владимир.

Хадзы-Муратæн фæстаг азты йæ поэзийы æвдыст цæуынц гуырдзиаг-ирон хæсты уæззау цаутæ æмæ йæ сыгъдæг уарзондзинад Ирыстонмæ. Йе ‘мдзæвгæ «Æз куы амæлин»-ы фыссы:

Нал у мæ бон
мæ Иры æнахъинон хъизæмар уынынæй.
Æрвылбон дæр – мард:
чи знаджы нæмыгæй,
чи та – йæ низæй, йæ мастæй...
Хъарæг стоны,
срæмудзы
сæ уды рæбинаг рæбынæй
Æмæ нывналы
мæ уды рæбынмæ
сыгдзастæй.

Ивгъуыд æнусы 90-æм азтæ сау, æрхæндæг фæдтæ ныуагътой поэты зæрдæйы, рухсы цъыртт æм нал хъардта.

Поэтæн йæ курдиатмæ хæлæг кодтой алыхуызон графомантæ, фыстой йыл æнахъинон хахуыртæ. Фæлæ сын уый дзуапп лæвæрдта æвæджиауы поэтикон рæнхъытæй, йæ диссаджы адæймагуарзондзинадæй. Йæ хъысмæт у Сергей Есенины хъысмæты хуызæн трагикон. Хаджи йæ цард иууылдæр сныбонд кодта ирон литературæйæн, ирон æвзагæн, наукæйæн æмæ Фыдыбæстæйы цардамондæн.

Æгас ма куы уыд, уæд тынг æхсызгонæй æнхъæлмæ каст йæ поэтикон чиныг «Дыууæ дуджы астæу»-ы рацыдмæ. Иу фæззыгон бон редакцимæ йæ ног æмдзæвгæтæ æрбахаста. Мæнæн æмæ газет «Рæстдзинад»-ы бæрнон секретарь, йæ хорз хæлар Æлборты Хетæгæн æхсызгонæй дзырдта:

– Мæ чиныг куы рацæуа, уæд ын презентаци нæ республикон наукон библиотекæйы араздзынæн.

– Æмæ дæ ног чиныгæн презентацийы фæстæ, æвæццæгæн, кувгæ дæр акæндзыстæм, – мидбылты худгæ йын загъта Хетæг.

– Æнæмæнг ын акувдзыстæм, æцæг нын, Хетæг, хистæрæн ды хъуамæ сбадай.

Фæлæ йын нал бантыст, нал бацин кодта Хаджи йæ ног чиныгыл.

Йæ адæмы зæрдæйæ Дзуццаты Хадзы-Мурат никуы ферох уыдзæн. Йæ зæрдæскъæф поэзи дугтимæ кæндзæн æмдзу.

БИНОНТЫ ФАРН

ЛЕГКОЙТЫ Георги

ЗЫНДЗИНÆДТÆЙ ÆХСЫСТ БИНОНТÆ

Очерк

Адæймаг йæ куыстыл æнувыд куы уа, уæд æй нал февдæлы, удæнцой ын цы æрдзы аив къуымтæ дæттынц, уымыты йæхи аирхæфсынмæ. Уæддæр мын кæдæй-уæдæй аулæфыны фадат фæцис, æмæ иуахæмы уалдзæджы тæккæ тæмæны горæтмæ рацыдтæн. Мæ фæндаг акодтон Хетæггаты Къостайы паркыл. Рагæй нал уыдтæн ам, æмæ куыд бамбæрстон, афтæмæй дзы дзæвгар ивддзинæдтæ æрцыд – кæцыдæртыл дзы бацин кодтон, кæцыдæртæ та мæ сагъæсты бафтыдтой...

Адæм гуылвæндтæ кодтой парчы, фæхсбандæттæ уыдысты ахст. Æрмæст иу бандоныл иунæгæй бадтис иу лæг. Йæ чъылдым мæнырдæм здæхт уыд æмæ мæм йæ цæсгом хорз нæ зындис. Дæ фарсмæ æрбадон, зæгъгæ, йæ бафарстон. Уый мæм йæхи разылдта, æмæ дын мæ рагон зонгæ Гуытъиаты Алымбег куы разынид. Куы мæ ауыдта, уæд йæ цæсгом фырцинæй ныррухс. Ныхас нын бацайдагъ.

– Кусгæ бон куы у, уæд дæ куыд æвдæлы улæфынмæ?

– Сабаты мæм ахуырдзаутæ (уæд медицинон академийы куыстон) нæ вæййы, æмæ ацы бон мæхи ракуырдтон.

Кæрæдзийы афæрстытæ кодтам нæ царды хабæрттæй, бинонтæй, æнæниздзинадæй. Æз зыдтон, Алымбег æрæджы йæ куыст кæй ныууагъта, уый, æмæ йæ уымæ гæсгæ афарстон:

– Куыд дæ, æнцад бадынæй нæ тыхсыс?

– Гæр (афтæ мæ фæхоны ме ‘мбал), нæ дæ бауырндзæн, фæлæ фыццаг рæстæг мæхицæн бынат нæ ардтон, мæхи ма цы фæкодтаин, уый нæ зыдтон. Хорз, æмæ мæ лæппу Чермен æмæ мæ сиахс Алик уыцы хъуыддаг, æвæццæгæн, æмбæрстой æмæ æрвылбон дæр мæ уæлхъус уыдысты. Хæдтулгæйы-иу мæ Ирыстоны алы рæтты балæууын кодтой. Уымæйразмæ зонгæ дæр нæ кодтон, Цæгат æмæ Хуссар Иры цы бирæ рæсугъд бынæттæ

ис, уый. Уæдæй нырмæ дзæвгар рæстæг рацыд. Ме ‘гуыст уаварæй кæд мæхимæ нæма æрцыдтæн, уæддæр мын чысыл фенцондæр ис. Мæ цоты цотимæ дæр фылдæр рæстæг æрвитын, æмæ ма уымæй æхсызгондæр цы уа адæймагæн. Уæртæ уыцы лæппуимæ æрбацыдтæн ардæм, йæ хъулон хæдонæй бæрæг куы дары... Куыд уарзон сты цоты цот! Сæ иуимæ фæкæнæм, скъолайы йын цы хæслæвæрдтæ раттынц, уыдон, иннæйæн фæдзурын аргъæуттæ. Цæуын адæмы æхсæнмæ дæр, æххæст кæнын ирон æгъдау...

Иучысыл ма абадтыстæм, стæй ме ‘мбал йæ сахатмæ æркаст, хатыр ракуырдта, цæуын мæ хъæуы, зæгъгæ, æмæ гыццыл лæппуимæ ацыд.

Æз йæ фæдыл кæсын. Йæ къахайст нæ аивта, æмæ мын уый æхсызгон у. Афтæмæй зынтæ федта. Йæ бинонтæ бахаудысты царды тымыгъы, бирæ зынтæ бавзæрстой, фæлæ уæддæр сæхи æдзæллаг уавармæ не ‘руагътой.

* * *

...Хъази, Алымбеджы фыдыфыд, райгуырдис нудæсæм æнусы æмбисы Куырттаты комы Гуытъиаты хъæуы. Нудæс азы йыл куы сæххæст, уæд куыстагур афтыди Гуырдзыйырдæм. Уым æххуырстæй бацыд æмæ æртæ азы фыййауæй фæкуыста иу хъæздыг лæгмæ. Уый йын мыздæн бафыста æртын дыууæ фысы, æмæ уыдонимæ сыздæхт йæ фыды хæдзармæ.

Йæ фыды фæндонæй ус ракуырдта, æмæ йын уæд йæ фыд йæ фос рахицæн кодта, хæдзар саразынмæ йæм фæкаст, æмæ афтæмæй Хъази хицæн хæдзар сси. Азтæ цыдысты, фос фылдæрæй-фылдæр кодтой, бафтыд бинонтыл дæр. Хъазийæн рантысти дыууадæс сывæллоны, фæлæ дзы баззад æрмæст цыппар лæппуйы æмæ дыууæ чызджы: Басил, Аслæнбег, Арысхан, Беслæн, Шахийрæт, Разиат. Лæппутæ куыд рæзгæ цыдысты, афтæ æххуыс кодтой сæ фыдæн.

Уæдмæ дуне змæнтын райдыдта. Фыццаг æрбайхъуыстис ахæм хабар, ома, паддзах тох кæны немыцимæ æмæ цæуы стыр хæст. Ууыл рацыди цалдæр азы æмæ рахъæр ис, паддзахы йæ бынатæй систой, зæгъгæ. Кæд уыцы хабæрттæ æбуалгъ уыдысты, уæддæр хохæгты цардыл уыйас нæ фæзындысты. Басил, Хъазийы хистæр лæппу, сæрдæй-зымæгæй цыди фыййау. Ныр цалдæр азы Хъази хъавы йæ фыртæн Быгъуылты Смалийы чызг

Гуытъиаты Мисурæт (Быгъуылты Симоны чызг) йæ цотимæ.

Бадынц: Гуытъиаты Басил æмæ Мисурæт сæ кæстæртимæ. Лæууынц (рахизырдыгæй галиуырдæм) : сæ сиахс Хъулаты Дзамболат, Алымбег, Алыксандр æмæ Беллæ.

Мисурæты ракурын, фæлæ дзы ницы уайы. Быгъуылтæ цæхгæр ныллæууыдысты, мах Гуытъиатæн чызг нæ дæттæм, зæгъгæ. Басилы та уымæй æндæр ничи хъуыди... Цæвиттон, кæддæр чындзæхсæвы лæппутæ дамбацатæй гæрæхтæ кодтой, æмæ Гуытъиаты лæппуйы нæмыг æнæнхъæлæджы сæмбæлд Быгъуылты лæппуйы сæрыл æмæ фæмард. Тудджжынтæ бафидыдтой. Рæстæг рацыд... Æмæ ныр Гуытъиатæ Быгъуылты чызгыл куы сдзырдтой, уæд уыцы æвирхъау хабар сног. Быгъуылты хистæр цæхгæр загъта:

– Махмæ Гуытъиатæн чызг нæй!..

Рацыди ма цалдæр азы. Мисурæты бирæ курджытæ уыдис, фæлæ йе ‘фсымæртæн бамбарын кодта, Басилæй йеддæмæ йæ кæй ничи хъæуы. Быгъуылты хистæртæн гæнæн нал уыд æмæ сразы сты Мисурæты фæндоныл, радтой йæ Гуытъиаты лæппуйæн.

Гуытъиаты хъæу Куырттаты комæн йæ тæккæ арфы уыд, æмæ революци цы хабæрттæ ракъахта, уыдон уыйбæрц нæ аивтой амы царды змæлд. Граждайнаг хæст куы цыдис, уæд ардыгон адæмæй чидæртæ ацыдысты хæсты тымыгъмæ, уыдонимæ – Быгъуылты Смалийы фырттæ Дзантемыр æмæ Гæстæн дæр. Æртæ азы фæстæ Гæстæн сыздæхт хæстæй æмæ удæргъæвдæй архайдта советон цардæзты хъуыддæгты, Дзантемыр та баззад æрыгон Сырх Æфсады рæнхъыты.

Рæстæг цыди, рæзыдис ахуырад, фæзындысты газеттæ, радио... Уалынмæ хæххон хъæуты цæрæг адæмæн лæвæрд æрцыди быдырмæ ралидзыны бар. Ралыгъдысты быдырмæ Хилачъы зылды цæрджытæ дæр, сæ иу хай æрцардысты Нартыхъæуы. Уыдонимæ Басил дæр йæ бинонтимæ. Уæдмæ Хъазийы цот байуæрстой. Аслæнбег йæ райгуырдæй уыди къуылых, цардис Иркутскы, уым куыста дзабыртæгæнæн фабричы. Арысхан æмæ Беслæн уыдысты æфсады, чызджытæ сæ амæндтæ ссардтой. Хъази æмæ йæ фырт Басил сæ фосæй цыдæртæ ауæй кодтой æмæ Нартыхъæуы дзæбæх хæдзар сарæзтой. Кодтой фосы куыст: уалдзæг сæ скъæрдтой хохмæ, фæззæг та – Хъызлармæ.

Нартыхъæуы Басилæн рантысти цот: хистæр Дæхцыхъо, уый дæле Беллæ, фæстæдæр та – Мæхæмæт æмæ Алыксандр.

Уыцы рæстæг Мисурæты æфсæддон æфсымæр Дзантемыр йæ бинонтимæ улæфынмæ ссыд Ирыстонмæ. Йæ иунæг хойы

лæджы бирæ уарзта, æмæ-иу сын изæрыгон кæрты æнгуз бæласы бын бандоныл бадгæйæ ныхас бацайдагъ, бæстæйы цы хабæрттæ цыдис, уыдоныл. Дзантемыр загъта, граждайнаг хæст кæй фæцис, бæстæ сабыргай йе ‘муд цæуын кæй райдыдта.

– Æрмæст, зæххытæ, фос бирæ кæмæ ис, уыдонæн сæ, æвæццæгæн, исгæ кæндзысты. Барвæндонæй йæ мулк чи нæ ратта, уыдон æрвитдзысты дард бынæттæм, – дзырдта Дзантемыр.

Басил зондджын лæг уыдис æмæ-иу бон-изæрмæ фосимæ архайгæйæ йæ сæры цы нæ хуызы хъуыдытæ фæзынди. Йæ хъæуккæгтæй бирæтæ æвæллайгæйæ бæргæ куыстой, фæлæ уыдоныл ай хуызæн нæ хæцыди цард. Хъазийы фырты фосы нымæц азæй-азмæ фылдæр кодта.

Басил йе ‘мхъæуккæгтимæ хорз цардис, никуы никæй зæрдæхудты бацыдис. Арæх-иу искæй баххуырста фос ælвынынмæ, фос Хъызлармæ скъæргæйæ, фосæн холлаг цæттæ кæнгæйæ, æмæ алы хатт дæр архайдта адæймагæн йæ фæллойæн аккаг мызд бафидыныл, хъæр дзырд дзы никуы ничи фехъуыста. Хъæуы-иу зиан кæнæ цины хабар куы уыди, уæддæр алкæмæ дæр цыдис, æгъдаумæ гæсгæ цыдæриддæр кæнын хъуыди, уый æххæст кодта.

Кæд йæ мулк, йæ бирæ фос давæггаг нæ уыдысты, уæддæр ын зын уыд, мæгуыртæ мæгуырдæр кæй кæнынц, уый, æмæ сыл йæ зæрдæ рысти. Фæлæ адæмæн сæ ахастдзинæдтæ дæр февзæрдæр сты, кæрæдзийæн знаггад кæныныл нæ ауæрстой. Басил-иу ахæм хабар куы фехъуыста, хъæуы уыцы æмæ уыцы лæгæн йæ хæдзар басыгътой, кæнæ кæйдæр амардтой, зæгъгæ, уæд æмбæрста, уыцы бæллæхтæ æнæ искæй ардыдæй не ‘рцыдысты, уый. Иуахæмы иу хъæздыг лæг бахъаст кодта, ме скъæттæ мын æд фос басыгътой, зæгъгæ. Æцæг, йæхæдæг дæр азымджын кæй уыд, адæмæн сæ зæрдæхудты кæй бацыд, ууыл нæ ахъуыды кодта...

Фæлæ рæстаг Басилы ныхмæ та адæм цæмæн хъуамæ рацыдаиккой? Никуы ницæмæй бафхæрдта йе ‘мзæххонты, æгъдау сын лæвæрдта, куыд æмбæлди, афтæ. Фæлæ уæддæр æмбæрста, бæстæйы цыдæр стыр æнахуыр змæлд кæй цæуы, царды бындур зыгъуыммæ кæй ныззилдзæн, уый.

Бирæтæ æмбаргæ дæр æххæст нæ кодтой, ног цардарæзт цы у æмæ куыд уыдзæнис, уый, фæлæ, мæнæ хæрæг бæхты къæхты

хъæрмæ куыд фæсиры, афтæ дзыллæтæ иууылдæр сæхи иумæйаг тымыгъыл æфтыдтой, фидар хæст уыдысты ног лозунгтыл.

Басил цæмæдæр гæсгæ æмбæрста, уыцы змæст цæмæ расайдзæн, уый. Зыдта, уыцы хабæртты ныхмæ куы фæуа, уæд ын уый фыдбылызы хос кæй фæуыдзæн. Æмæ уæд йæ бинонтæ, йæ удæй фылдæр цы кæстæрты уарзы, уыдон цы фæуыдзысты – йæ фыд, йæ цардæмбал Мисурæт, йæ сабитæ? Нæ, уымæн уæвæн нæй!

Иу изæр фосмæ куы базылд, уæд хæдзармæ бацыди, сабитыл ацинтæ кодта, фæлæ, хæрын нæ бакуымдта, афтæмæй йæ уатмæ бацыд. Æхсæв-бонмæ нæ бафынæй, стæй бонырдæм йæхицæн бауынаффæ кодта: райсомæй бацæуудзынæн хицауадмæ æмæ сын зæгъдзынæн, мæ фос барвæндонæй колхозæн дæттын, æрмæст ма дзы мæхицæн ныууадзинаг дæн дыууæ хъуджы æмæ иу бæх.

Афтæмæй дыууæсæдæ фысы радта паддзахадæн. Фыццаг рæстæг тынг мысыд йæ фосы, фæлæ гыццылгай иумæйаг цардыл ахуыр кæнын райдыдта, фæллой кодта.

Ахуыры хъуыддаг бæрзондмæ кæй систой, уый дæр йæ зæрдæмæ тынг цыдис. Райдыдтой скъолатæ аразын канд сабитæн нæ, фæлæ хистæртæн дæр. Ахæм скъоламæ цæуын райдыдта Басил йæхæдæг дæр æмæ афæдзы фæстæ базыдта иучысыл кæсын æмæ фыссын, дыууæ азы фæстæ та ноджы фæрæвдздæр...

Æрмæст, куыд фæзæгъынц, фыдбылыз, дам, æнхъæл ын кæцæй нæ уай, уырдыгæй æнæнхъæлæджы фегуырдзæнис æмæ дыл уæддæр исты хуызы йæхи ныххуырсдзæн, афтæ рауадысты ацы фæллойгæнæг лæджы хабæрттæ дæр. Ныронг æм хæлæг чи кодта, уыдон ныр дæр сæ митæ нæ уагътой. Куыд фæзæгъынц, бирæгъ йæ кæнон нæ уадзы. Йе ‘мбæстæгты астæу разындис хæлæггæнджытæ, дамдумгæнджытæ æмæ йыл ныффыстой оргæнтæм, ома, хъæздыг у, стыр хæдзар сарæзта, ныр дæр æм ис цыппар галы, бæх, цалдæр фысы, зæгъгæ.

Уыцы рæстæг лæг фесафынæн бирæ нæ хъуыдис, дыууææртæ адæймаджы ныффыстой хахуыр æмæ-иу лæджы ахæстоны сбадын кодтой, кæнæ та-иу хаст æрцыди Сыбырмæ. Ахæм бæллæх бавзæрстой Басилы бинонтæ. Фæстæдæр куыд сбæрæг, афтæмæй дзырдхæсджыты æхсæн уыдысты йæ хиуæттæй чидæртæ дæр.

Гъемæ йæ 1934 азы кулакыл банымадтой æмæ йæ йæ бинонтимæ арвыстой Узбекистанмæ, Наманганы облæстмæ, Учкурганскы районы станцæ Кугаймæ...

Басил йæ амæлæты онг дæр нæ ферох кæндзæн уыцы зымæг. Декабры мæй Астæуккаг Азийы дæр уазал уыд. Изæрырдæм æй хъæугæрон поезды вагонæй рахизын кодтой йæ бинонтимæ. Хæдзарæй семæ рахастой, сæ уæлæ цы уыдис, уыдон, стæй хуыссæн дзаумæттæ, хæринæгтæй цыдæртæ.

Басил куыстуарзон, зынтыл ахуыр лæг уыдис, æнæ фæллой, æнæ зынтæ бавзаргæ йыл цард нæ хæцыд. Æрмæст Мисурæт йæ къухы цæмæй бафтыдаид, уый тыххæй дæр цал æнæхуыссæг æхсæвы арвыста. Æнцон нæ уыдис, йæ туджы хъаруйæ цы бирæ фос скодта, уыдон раттын дæр. Кулак дзы куы скодтой, йæ мулк ын куы байстой, йæ хæдзары та йын скъола куы байгом кодтой – æппæт уыцы хабæрттæ зæрдæйæн уæззау цæфы хуызæн куыд нæ уыдысты. Æмæ уыдонæн дæр ныффæрæзта.

Фæлæ мæнæ ныр тыгъд быдыры йæхæдæг, йæ зæронд фыд Хъази, йæ цардæмбал, йæ гыццыл сабитæ куы аззадысты, уæд исдуг йе уæнгтæ æркалдысты. Арвмæ скаст æмæ ахъуыды кодта: «О Хуыцау, дæхæдæг æй куы уыдтай, æз раст адæймагæн йæ царды хъуыддаг нæ къуылымпы кæнын, йæ зын сахаты йын баххуыс кæнын, уæд цы кодтон? Кусын мын амонын нæ хъæуы, мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ фæллой кодтон æмæ кæнын. Фæлæ цы федтон царды? Цард-цæрæнбонты сæрдæй-зымæгæй фосы къæдзилтæм фæкастæн, зынтæй бинонтæ скодтон æмæ ныр царды ад базыдтон, зæгъгæ, афтæ дуне сызмæст. Афтæ йæ нымайын, æмæ царды ивд дæуæй цæуы, æрдзон фыдбылыз куы ‘руадзай, уæд уый ныхмæ тох кæнæн нæй. Мæ фос радтон барвæндонæй ног цардарæзтæн, кусын райдыдтон ног царды руаджы, фæлæ уый дæр та кæйдæрты зæрдæмæ нæ фæцыдис æмæ мын мæ хæдзар байстой, хъæуæй мæ сыстын кодтой, дард бæстæм мæ мæ бинонтимæ уæзæгтæ ласæн поезды, фос куыд фæласынц, афтæ аластой æмæ нæ æнахуыр адæмы цур тыгъд быдыры æрæппæрстой.

О Хуыцау, дарддæр нæ цард куыд уыдзæнис? Мæ зæрдæ ма дыл дарон æви мæхи хъаруйæ æмæ мæ зонды фæрцы аразон мæ дарддæры царды хабæрттæ?..»

Бинонтæ тарстхуызæй кастысты Басилмæ, æнхъæлмæ кастысты, цы зæгъдзæнис, уымæ.

Цы гæнæн уыдис, уыцы ныфссæттæн уавæры бахаугæйæ, ссарын хъуыди раст гæнæнтæ, цæмæй бинонтæ фервæзтаиккой. Сæ цæрæнбынат уыди хæлддзаг сара, йæ сæр – ивинаг, йæ къултæ самандурæй амад. Нæ йыл рудзынг уыдис, нæ – дуар. Йæ хистæр фырт Дæхцыхъоимæ йæ мидæгæй бафснайдтой, алы бырæттæ дзы ракалдтой æмæ бинонтæ уым æрцардысты.

Дыккаг райсом ног æрлидзджытыл бынæттон адæм æрбакъорд сты. Кæмæн куыд йæ бон уыдис, афтæ йе ‘ххуысы хай æрбахаста: чи фанеры гæбаз, чи авджы цæст, чи фæйнæджы гæбаз æмæ иумæйагæй базылдысты ног æрлидзæг бинонты цæрæнбынатмæ. Узбекаг лæг Кери станцæйæ зæронд дуар æрбахаста, æмæ уый дæр ныссагътой.

Станцæйы цардысты уырыссæгтæ, узбекæгтæ, киргизтæ, тæтæйрæгтæ – иудзырдæй, алы адæмыхæттыты минæвæрттæ, æмæ уыдон Басилы бинонтæм ракастысты хæлар цæстæй, раст цыма бирæ азты дæргъы семæ зонгæ уыдысты. Уырыссаг Степан æмæ киргизаг Ибрагим хæлддзаг хæдзары мидæг агуыридурæй самадтой пец, æмæ изæрырдæм тохынайæ сау фæздæг скалдис. Афтæмæй зымæгмæ хæдзар арæвдз.

Уæд дын сæм иу бон милицæйæ куы ‘рбацæуиккой æмæ зæгъынц, кæм æрбынат кодтат, уыцы агъуыст уалдзæджы райдианмæ куыд суæгъд кæнат, афтæ. Ам, дам, арæзт цæудзæнис ног колхозы къантор. Уыимæ ма Басилæн бамбарын кодтой, алы мæй дæр æй милицæмæ цæуын кæй хъæудзæн, бынаты кæй ис, уый бæрæг кæнынмæ. Уалдзæгмæ ардæм бирæ адæм æрластой Ирыстонæй, уыдон дæр уыдысты, «кулакыл» нымад чи æрцыд, ахæмтæ, бирæ дзы уыдис Дыгуры хъæутæй. Иуыилдæр кæрæдзи æмбæрстой, йæ бон кæмæн цы уыдис, уымæй сæ иу æххуыс кодта иннæйæн.

Куы фæхъармдæр ис, уæд райдыдтой къахын æмæ аразын сыджыткъæстæ. Сæ сæртыл сын æвæрдтой тымбыл хъæдтæ, уыдоны сæрыл – бæзджын гобæттæ, уыдоны сæрыл та – æлыг. Къуыри куы уарыдаид, уæддæр дзы дон нæ ахъардтаид. Мидæгæй къуымы – пец. Гъе ахæм уавæрты цардысты... Сæ цард куы фæрæвдздæр ис, уæд Басил дисы бафтыд, куыд аирвæзтысты, ууыл.

Уалдзæджы райдайæны æрбакодтой трактортæ, æмæ райдыдтой хуым кæнын, бæмбæджы мыггаг тауын. Сыджыткъæсты цардысты æрмæст ирыстойнæгтæ нæ, фæлæ Кæсæг, Дагестан, Цæцæн-Мæхъæлæй хаст адæмтæ.

Ирыстонæй хаст адæмы нымæц фылдæр кодта. Уыйбæрц уыдысты, æмæ сын стыр совхозы хицæн хайад скодтой. Ног æрцæуæг адæмæн иумæйагæй, кæмæн куыд йæ бон уыдис, афтæ æххуыс кодтой.

Ам уалдзыгон хур райсом раджы судзын райдайы, арвыл иу мигъы къæм дæр нæ вæййы. Сихорафон хур йæ тæккæ карзы куы бацæуы, уæд адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма йæм дæ къух куы бадарай, уæд дæ басудздзæни. Уæлдæф у уæззау, уæлдайдæр та сихæртты, адæймагæн йæ улæфæнтæ, цыма, æхгæнын байдайынц, йæ ком та хус кæнын. Сæхи ирвæзын кодтой цъæх цайы донæй.

Кусджытæн бахуыдтой бæзджын бæмбæджджын халæттæ, нæлгоймæгтæн радтой азиаг худтæ, сылгоймæгтæн та – бæзджын сæрбæттæнтæ. Афтæмæй куыст цыдис. Æнахуыр тæвдыл дæр сахуыр сты, æцæг-иу фæззæджы онг сæ буар сау-сауид згæйы хуызæн ссис.

Басил иудадзыг сагъæс кодта сæ цæрæн уавæртæ фæхуыздæр кæныныл. Зæххон сыджыткъæстæй лидзын хъуыдис. Уыцы ран зæхх æлыгджын кæй уыд, уый раджы бафиппайдта æмæ йе ‘мбæстæгты самидин кодта сæ фидæны хæдзæрттæн самандуртæ аразыныл. Гъемæ-иу сын уæгъд рæстæг куы фæцис, уæд стырæй-чысылæй фæцалх сты самандуртæ кæныныл, совхозы хицауад дæр-иу сæм фæкастис æрмæгæй. Афтæмæй иуцасдæр рæстæджы фæстæ хæдзæрттæ арæзт æрцыдысты æмæ сæм балыгъдысты. Хæдзар кæмæн нæма уыдис, уыдонæн дæр иумæйаг хъарутæй æххуыс кодтой, æмæ сæ зымæджы райдайæнмæ уыдон дæр баййæфтой.

Басил уыдта, адæм уыцы зын уавæрты куыд куыстой, æмæ йæхинымæры хъуыды кодта: «Ай цавæр диссаг у? Ацы адæм куыстахуыр куы сты, уæд сæ сæ ахуыр цардæй цæмæн фæиртæстой?.. Кæй зæгъын æй хъæуы, Иры зæххыл уыдис æвзæртæ дæр, æнаккаг митæ кæнынæй чи не ‘фсæрмы кодта, искæй фæллоймæ чи ныхылдта, мулчы сæрыл лæг чи амардтаид, ахæмтæ. Ам дæр сæхи амбæхс-амбæхс кæнынц, кусын сæм нæ цæуы, бар сын ратт, уæд бæстæйыл зынг бафтауиккой... Фæлæ уæддæр хаст адæмæн сæ фылдæр сты фæллойгæнджытæ, раст зондыл хæст. Ног царды ныхмæ не сты. Æвæццæгæн, стыр хицауадæй чидæр раст нæ хъуыды кодта, æмæ уымæ гæсгæ æнæраст уынаффæ хаст æрцыдис...»

Цы йæ æмбæхса Басил, кæйдæр æнæраст уынаффæты тыххæй йын ног цардарæзт йæхи цардыуаг дæр фехæлдта. Никуы тырныдта хъæздыгдзинадмæ, фæлæ, цæмæй йæ бинонтæ мацы хъуаг уой, уый тыххæй фæллой кодта. Афтæмæй скодта хæдзар, афтæмæй сбирæ сты йæ фос. Ног царды сæраппонд йæ бирæ фос дæр ма куы рауæлдай кодта барвæндонæй...

Ног цардаразджыты ныхмæ нæ рацыд. Уыдон цы хабæрттæ кæнынц, уыдонæй бирæтимæ разы у, йæ зæрдæмæ цæуынц. Зæгъæм, чи куыд куса, афтæ йæм хъуамæ хауа царды мадзæлттæй дæр. Йæ зæрдæмæ цæуы, дохтыры æххуыс лæвар кæй у, уый дæр. Ноджыдæр ма дзы ис бирæ æндæр хорз хъуыддæгтæ. Бæрæг у, бæстæ азæй-азмæ хъæздыгдæр кæй кæны, адæмы цард – хуыздæрæй-хуыздæр. Ныр кæм цардысты, уым сарæзтой скъола дæр, тынг ыл бацархайдтой æмæ байгом фыццаг сентябры. Уыцы бон Мисурæт Дæхцыхъо æмæ Беллæимæ бацыди скъолайы кæртмæ, лæппуйы райстой дыккаг къласмæ, чызджы та фыццаг къласмæ. Мисурæт уæд сывæрджын уыдис æмæ фæстæмæ хæдзармæ сыздæхтис сабыргай, мæйы фæстæ йын райгуырдис лæппу, Мæирбег (æхсæзæм сывæллон). Афтæмæй бинонтæ сбирæ сты. Басил уыцы фæлладæй дæр куыста – бон адæмимæ, æхсæв та – хъалагъурæй. Йæ фыд Хъази æрзæронд, азæй-азмæ лæмæгъдæргæнгæ цыдис.

Басил газеттæ кастис, радиомæ хъуыста æмæ æмбæрста, Фыдыбæстæйы сæрмæ сау мигътæ кæй æмбырд кæнынц, уый. Уалынмæ ралæууыд 1941 аз, райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Августы фыццаг бонты Хъази фæрынчын æмæ бирæ нал ахаста, афтæмæй йæ цардæй ахицæн. Æрмæст фыртæн нæ бантыст йæ фыды мард йæ райгуырæн бæстæмæ аласын...

Иуахæмы Басил æфсæддон хайадмæ бацыди, куырдта, цæмæй йæ арвитой фронтмæ. Хайады хицау йе ‘мгар уыд, йæ бынатæй сыстад, йæ къух ын райста æмæ загъта:

– Арфæ дын кæнын, ам мæ цы паддзахад сæвæрдта уый æмæ мæхи номæй, æгайтма тырныс райгуырæн бæстæ бахъахъхъæнынмæ. Зонын æй, дæу хуызæттæм хицауад дзæгъæлы ракаст знаджы цæстæй. Уый стыр рæдыд уыд, фæлæ йæ иу боны сæр адæм базондзысты, æмæ, абон уа, райсом уа, уыцы рæдыд растгонд æрцæудзæнис...

Дæ кармæ гæсгæ дыл хæстмæ цæуын нал æмбæлы, фæлæ дæ арвитдзыстæм фæллойадон фронтмæ. Ныртæккæ фæсчъыл-

дымы куыст дæр стыр ахъаз дæтты не ‘фсадæн æмæ дын уыцы куысты Хуыцау æххуысгæнæг уæд...

Уыцы заман Урал æмæ Сыбырмæ эвакуацигонд цыдысты бирæ хæстон заводтæ æмæ æндæр куыстуæттæ. Свердловскы бынмæ, Покровкæйы хъæумæ æввахс арæзтой хъæдгуыстгæнæг комбинат. Æмæ уым арæзтадон батальоны уæхскуæзæй кусын райдыдта Басил дæр. Куыст цыдис тагъд, æгъдау æвæрд уыдис хæстон уавæртæм гæсгæ, иу талынгæй иннæ талынджы онг архайдтой. Фылдæр архайдтой белтæй, фæрæттæй. Фæстæдæр фæзындысты трактортæ.

Басил æртæ мæймæ базыдта алы куыст дæр. Фæллойуарзаг лæг ам дæр архайдта æнæсайдæй æмæ йæ сæвæрдтой рады хицауæй. Кусджыты се ‘ппæты дæр зыдта номæй-номмæ, чи дзы цæмæ арæхсы æмæ куыд змæлы, уый уыдта. Адæм æй нымадтой, йæ ныхасæн ын аргъ кодтой. Йæ удуæлдай куысты тыххæй арæх хорзæхгонд цыдис арфæйы гæххæттытæй...

Уалынмæ æрцыди Стыр Уæлахиз, æмæ адæм здæхтысты сæ хæдзæрттæм. Сыздæхт йæ бинонтæм Басил дæр. Цæугæ цы бон кодта, уыцы бон æм фæдзырдта полчъы хицау, æфсады булкъон, æмæ йын загъта:

– Цалдæр азы дын уыдтон дæ хорз куыст, хъуыстон дын дæ кады хабæрттæ, адæм кæрæдзиуыл бæттыны хъару, фидар зонд. Æмбарын æй, æнæраст æфхæрд кæй æрцыдтæ... Ныр ралæууыд ног рæстæг, æмæ хъуамæ цард рæстырдæм ныззила. Паддзахады æмæ дын мæхи номæй арфæ кæнын, ацы æхца та дын командæгæнæджы номæй – фæндаггагæн, æмæ дын Хуыцау æххуысгæнæг уæд...

Иу райсом Басил сæхимæ бахæццæ ис, кæртмæ куы бацыд, уæд ауыдта Мисурæты – сывæллæтты ногæхсад дзаумæттæ бæттæныл ауыгъта. Мисурæт ыл йæхи баппæрста, йæ цæстысгтæ йæ рустыл гæр-гæрæй æруадысты...

Уæдмæ кæртмæ рацыдысты сывæллæттæ дæр, сæ цинæн кæрон нал уыдис, бæстæ хъæбыстæй байдзаг. Дыууæ гыццыл сабийы Алымбег æмæ Мæирбег иуварс джихæй лæууыдысты – диссаг сæм каст, сæ мад æнæзонгæ лæгæн куыд хъæбыстæ кæны, уый. Мисурæт сæ куы ауыдта, уæд сæм фæдзырдта:

– Рацæут-ма, ацы лæг уæ фыд у!..

Алымбег æм æнæууæнк каст бакодта, фæлæ йын куы федта йæ цæстæнгас, йæ худгæ цæсгом, уæд «папæ», зæгъгæ, йæхи

баппæрста йæ фыды хъæбысмæ. Мæирбег дæр – афтæ. Сывæллæттæ тынг фæцинтæ кодтой сæ фыдыл, фыд сæ фæфæрстытæ кодта сæ ахуыры хабæрттæй. Дæхцыхъо фехъусын кодта йæ фыдæн, ахуыр кæнынмæ кæй бацыдис Андижаны хъæууонхæдзарадон техникуммæ. Уый куы фæуа, уæд та йæ фæнды дарддæр Ленинграды хъæууонхæдзарадон институтмæ бацæуын.

Афтæмæй райдыдта Басилы сабыр цард. Сабыр цард, айгъай, нæ уыдис, фæллой кæнын дзы бирæ хъуыди. Стыр бинонтæ дарын æнцон нæ уыд. Мисурæтыл бæрæг уыди, тынг кæй бафæллад, цалдæр азы иунæгæй уал бинойнаджы хæссын æнцон нæ уыд.

Басил бæмбæджы куыстгæнæг совхозы директоры фæндмæ гæсгæ кусын райдыдта совхозы хайады хицауæй.

Рæстæг цыдис, иу аз иннæйы фæдыл. Бинонты цард дзæвгар фæнывылдæр. Фыд-иу йæ сывæллæттимæ дæр арæх абадтис, бирæ уарзта, æмдзæвгæтæ-иу ын куы кастысты, уый. Беллæ, Мæхæмæт æмæ Алыксандры ахуырæй йæ зæрдæ рухс кодта. Алымбег æмæ Мæирбеджы астæу та ерыс цыдис, чи фылдæр райса дзæбæх бæрæггæнæнтæ, зæгъгæ.

Басил æмæ Мисурæтæй сæ кæстæрты цинæй ферох сæ фæллад дæр. Сывæллæттæ цыдысты раст фæндагыл, никæмæ сæ æхсайдта сæ зæрдæ. Хистæр лæппу Дæхцыхъо техникум фæуыны фæстæ иу аз бакуыста Басилимæ совхозы, стæй бацыди Ленинграды хъæууонхæдзарадон институтмæ. Сахуыр кодта æмæ райста агроном-энтомолоджы дæсныйад. Стыр кад ын ис республикæйы хъæууонхæдзарадон кусджыты æхсæн.

Дыккаг хистæр – Беллæйыл – хæдзары стыр уæз уыдис, мадмæ кæсын хъуыдис, æмæ аст къласы фæстæ совхозы кусын райдыдта хыгъдхæссæгæй, Мисурæтæн æххуыс кодта кæстæрты хъомыл кæнынмæ. Дæхцыхъо Ленинграды куы ахуыр кодта, уæд ма бацыд бухгалтерты бæрзонддæр курсытæм дæр. Ахуыры фæстæ сæхимæ сыздæхт æмæ бæмбæджы куыстгæнæг стыр совхозы куыста сæйраг бухгалтерæй. Ныр Ирыстоны дæр кусы кадимæ.

Мæхæмæт каст фæци Ташкенты политехникон университеты арæзтадон факультет æмæ бирæ азты дæргъы Курганы донпырхгæнæнты аразæгæй фæкуыста суанг пенсийы онг, стæй йæ цæрæнбынат аивта Мæскуыйы бынмæ, горæт Дмитровмæ.

Алыксандр каст фæци Душанбейы педагогон институты физикон-математикон факультет. Уый фæстæ бирæ азты уым фæкуыста физикæйы ахуыргæнæгæй. 1964 (Басил йæ бинонтимæ уыцы аз сыздæхт Ирыстонмæ) Алыксандр кусын райдыдта Налцычы, Кæсæг-Балхъары наукон-иртасæг институты наукон кусæгæй.

Басилæн йæ цотæй Алымбег æмæ Мæирбег уыдысты уæлдай уарзондæр, уымæн æмæ кæстæртæ уыдысты. Алымбег астæуккаг скъола каст фæци 1954 азы. Бацыд ахуыр кæнынмæ Алма-Атайы зооветеринарон институты ветеринарон факультетмæ. 1961 азы йæ каст фæцис æмæ уым кусын райдыдта совхозы фосы дохтырæй. 1964 азы Алымбеджы сæвæрдтой сæйраг ветеринарон дохтырæй – фыццаг Кировы, уый фæстæ та Дыгуры æмæ Æрыдоны районты. Бакуыста авд азы, стæй сси Нартыхъæуы совхозы директор. Ацы хæдзарад уыди тынг æдзæллаг уавæры, цалдæр азы дæргъы йæ размæ æвæрд паддзахадон хæстæ не ‘ххæст кодта, нымад уыдис фæстæзад куыстуатыл. Фæлæ дзы Гуытъийы-фырт разамонæгæй кусын куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ уавæр хорзырдæм аивта. Мæнæ Алымбеджы тыххæй официалон характеристикæйы куыд загъд ис: «За время работы в должности директора совхоза А. В. Гутиев проявил себя умелым организатором производства, требовательным к себе и к подчиненным руководителем... За увеличение производства и продажи государству зерна и других продуктов... в 1975 году товарищ А. В. Гутиев награжден орденом «Знак Почета»...

1983 азы Алымбеджы сæвæрдтой Æрыдоны районы хъæуонхæдзарадон фæткдоны хицауæй. 1985 азы сси республикæйы агропромышленнон комитеты разамонæджы хæдивæг, 1988 азы та – йæ фыццаг хæдивæг. 1991 азы нысангонд æрцыди Цæгат Ирыстоны иугонд «Цæгат-Ирыстойнаг»-ы генералон директорæй, 1995 азы та – Æрыдоны кæсæгтæ фылдæргæнæн заводы директорæй. Бакуыста дзы 2014 азы онг. Райста ном «Почетный рыбовод России» æмæ ма бирæ æндæр хæрзиуджытæ. Абон у пенсиисæг.

Бинонты кæстæр Мæирбег дæс къласы фæци 1957 азы, тынг æй фæндыд дохтыр суæвын. Уымæ гæсгæ авд азы дæргъы архайдта медицинон институтмæ бацæуыныл – Ташкенты, Мæскуыйы, Ленинграды, Одессæйы, Дзæуджыхъæуы. Фæлварæнтæ-иу

бæргæ радта, фæлæ-иу конкурсы нæ рацыд. Уæд бацыд Андижаны бæмбæджы институтмæ, каст æй фæци 1973 азы æмæ кусын райдыдта совхозы агрономæй.

Гуытъиаты бинонтæ Ирыстонмæ сыздæхтысты (уæлдæр ма йæ бафиппайдтон) 1964 азы. Басилы нæ бафæндыд Нартыхъæумæ, чидæртæ ма дзы кæй цардис, кæддæр сыл чи бахъаст кодта, уыдонæй, уымæ гæсгæ. Æрбынæттон сты Беслæны æмæ уым фæцардысты дæс азы. Уый фæстæ уæддæр Нартыхъæуы балхæдтой сæ фыццаг цæрæн бынатмæ хæстæг зæронд хæдзар, хорз æй бацалцæг кодтой, æмæ дзы абоны онг дæр Мæирбег йæ бинонтимæ цæры. Хъæуы бын хорз хæдзар скодта Алымбег.

1977 азы йæ цардæй ахицæн Мисурæт. Нал ис Басил дæр. Фæлæ йæ царды бирæ хъизæмæрттæ нæ фæдзæгъæл сты. Скодта хорз бинонтæ, йæ цоты раст фæндагыл сарæзта æмæ сæ йæ фæстæ дзæбæхæй ныууагъта.

АРВИСТОН

ЛОПЕ ДЕ ВЕГАЙЫ БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

✦ Ænæрхъуыды, сæртæг митæ æмæ уæззау зонд дзæгъæлы нæ фæбарынц æвзонг лæппу æмæ зæронд лæгыл. Æвзонг лæппу сонтæй фæлæбурдзæни хъæддаг бæхы къæдзил къухтæй рарæдувынмæ. Гъемæ, мæгуыр, æвиппайды зæххыл йæ тъæпп фæцæуы. Зæронд лæг та, тагъд нæ кæндзæн, афтæмæй хъистæ иугай тондзæн æмæ бæхы æнæ къæдзилæй ауадздзæни.

✦ Дыууæ æмсæр-æмбар адæймагæй иу иннæмæн æнæуæздан митæ куы кæна, уæд аив нæу, хицау куы кæна ахæм митæ, уæд уый та тирани хуыйны.

✦ Æрдз зын ивæн у. Цард та денджызау – иваг! Абон – цин, сомбон – хъыг. Цæвиттон, æндах иудадзыг скъуыйгæ кæны.

✦ Æрдзы мидæг уарзондзинадæй тыхджындæр ницы ис.

✦ Уарзондзинад у къуырма. Паддзахы бандоныл уыцы рæсугъдæй бады æмæ никæй ныхæстæ хъусы.

✦ Амонды æрцыдыл куы æууæндай æмæ дын уыцы æууæнк мæнг куы уа, уæддæр дын зиан не ‘рхæсдзæн, уымæн æмæ дын дæ цард рогдæр кæны.

✦ Фыдракæнды ныхмæ чи нæ лæууы, уый фыдгæнæгæн æххуыс кæны.

✦ Кæцыфæнды рæстæджы дæр зæхх адæймагæн уыди ныйарæг мад, дон та – фыд-зæрдæ фыдыус.

✦ Иу хатт чи асайдта, уый ма бирæ хæттыты асайдзæни.

✦ Мæнгдзинад сусу-бусугæнгæйæ дзуры, рæстдзинад та – хъæрæй.

✦ Аслам кад у, фæскъауыл зынг куы сирвæза, уыйау. Исдугмæ асудзы, стæй æваст ахуыссы.

✦ Фæсдзæуин йæ хицауæй сæрæндæр куы уа, уæд æй атæрдзысты.

✦ Сылгоймагæн кад кæнын хæс у, æмæ йæ алы раст адæймаг дæр хъуамæ йæ райгуырдæй фæстæмæ æххæст кæна.

✦ Зондджын лæг авг æмæ сылгоймаджы фæлварыныл не схæцдзæни.

✦ Уарзондзинад, æхцатæ æмæ мæтæн басусæг кæнæн нæй: уарзондзинад – уымæн æмæ йæ цæстытæ ‘вдисынц, æхцатæ – уымæн æмæ адæймагæн йæ исбонæй бæрæг сты, мæт та – уымæн æмæ адæймагæн йæ цæсгомыл фыст у.

✦ Бæрзæндты аккаг чи нæу, уымæн хъысмæт саккаг кодта дзыхъхъы бадын.

КЛЮЧЕВСКИЙЫ АФОРИЗМТÆ

✦ Адæмы политикон рæзт аразгæ у царды политикон формæтæй. Махмæ сæвзæрди паддзахады æппæты ныллæгдæр формæ, йæ ном – вотчина. Уый, раст зæгъгæйæ, формæ дæр нæу, фæлæ паддзахады суррогат (мæнг паддзахад). Ахæм дзурджытæ уыдзæни, зæгъгæ, уыцы формæйы сæдæгай азты царды стыр адæм, æмæ йæ хонын хъæуы адæмæн сæхи арæзт хæдхуыз царды уаг. Ай-гъай, схонæн æй ис, мæнæ «голодный хлеб» сыдæймæлæг адæмы æрхъуыдыгондыл куыд ис банымайæн, афтæ; фæлæ уымæй «голодный хлеб» æцæг дзул не суыдзæн.

✦ Æргом налат митæн дзуапп дæттын хъæуы æнæуынæр худтæй.

✦ Хæларзæрдæ адæймаг, хорз кæнын чи зоны, уый нæу, фæлæ, æвзæр кæнын чи нæ зоны, уый.

✦ Адæм цæрынц идеалтæй, цыма идолтæн-гуымирытæн кувынц, уыйау, æмæ идеалтæ фаг куынæ вæййы, уæд гуымиры-ты-идолты идеализаци кæнын райдайынц.

✦ Уæрæсейы рæстæмбис курдиаты хицæуттæ, хуымæтæджы мастертæ нæй, фæлæ дзы ис иугай генитæ æмæ, æппындæр чи ницæмæн бæззы, ахæм милуангай адæймæгтæ. Гениты бон ницы у, уымæн æмæ сын дæлмастертæ нæй, милуантимæ та ницы гæнæн ис, уымæн æмæ сын мастертæ нæй. Фыццæгтæ ницы пайда хæссынц, уымæн æмæ бæрцæй хæрз чысыл сты, дыккæгтæн сæ бон ницы у, уымæн æмæ æгæр бирæ сты.

✦ Джебогътыл газеттæ бамбæрзтой æмæ сыл æрбадтысты.

✦ Устытæ сæ лæгты инспектортæ сты; иутæ инспекци кæнынц сæ лæгты зæрдæтæ, иннæтæ – сæ лæгты дзыппытæ, æртыккæгтæ тæккæ æмбаргæдæртæ сты æмæ инспекци кæнынц сæ лæгты дзыхтæ.

✦ Ай кæй нæ ауæй кæндзæн, æрвылминут йæхи куы уæй кæны, уæд! Ай хæдИудæ у.

✦ Ай адæймаг нæу, фæлæ фыдæхы къуыбар.

✦ Нæ фидæн нæ ивгъуыд замантæй уæззаудæр у, абоны бонæй та – афтиддæр.

66-АЗДЗЫД СЫЛГОЙМАДЖЫ СГУЫХТ

Æнахуыр диссаджы хабар æрцыди чысыл индиаг хъæуы. Махараштайы штаты Балдханы районы йæ лæг æмæ йе ‘ртæ чызгимæ царди 66-аздзыд Латаджи Бхагван Каре. Лæг æмæ ус сæ цæрæнбонты хъазуатон куыст кодтой сæ чызджыты хъомыл кæныны æмæ сæ чындзы арвитыны охыл. Цы æхцатæ фембырд кодтой, уыдон æнæхъæнæй дæр хардзгонд æрцыдысты чындзæхсæвтыл. Стæй ныййарджытæ кусын райдыдтой фермæты, уымæн æмæ сæ рæбыны ницыуал баззад. Иу бон лæг йæхи æвзæр æмбарын байдыдта. Куыд рабæрæг, афтæмæй цавæрдæр хæцгæ низæй фæрынчын. Ус Латаджи цы акодтаид, уый нал зыдта. Йæ læджы сыхаг хъæумæ паддзахадон рынчындонмæ аласта. Уым ын бацамыдтой, Бараматимæ, дам æй анализтæ кæнынмæ

алас. Лæгæн амæлынæй тæрсгæйæ, Латаджи иуцасдæр æфстæуттæ райста, æмæ Бараматийы балæууыдысты. Цалынмæ анализтæ кодтой, уæдмæ ус палатæйы цур бадт æмæ цæссыгкалгæйæ куывта Хуыцаумæ, цæмæй йын йæ уарзон лæджы фервæзын кæна. Дохтыр куы рацыд, уæд усæн бамбарын кодта, дæ сæрыхицау, дам, тæссаг уавæры ис, анализтæн æмæ хостæн та дзæвгар æхца бахъæудзæни. Латаджийыл дуне баталынг, кæуын йеддæмæ йæ бон ницыуал уыди.

Лæг æмæ ус зæрдæсастæй рараст сты рынчындонæй æмæ, исты акомдзаг кæнæм, зæгъгæ, хæрæндонмæ бацыдысты. Фæйнæ гуылы райстой. Уыцы сахат сæ цуры фæци газет. «Марафон Барамати – æхцайы приз» – ахæм сæргондыл йæ цæст æрхæцыд усæн. Æмæ æвиппайды йæ сæры фегуырд æнахуыр хъуыды. Марафон хъуамæ райдыдтаид дыккаг бон. Æмæ дын Латаджи йæхи байста стадионмæ. Марафоны чи архайдта, уыдонæй алкæуыл дæр – спортивон къахыдарæс æмæ шортытæ. Уалынджы дын спортивон фæзы скъуыдтæ сари æмæ бæгъæввадæй, фæлæ ныфсхастæй куы фæзынид Латаджи. Марафон арæзджытæн ныллæгъстæ кодта, æмæ уыдон æппынфæстаг сразы сты усы фæндоныл. Латаджи йæ сарийы фæдджитæ хæрдмæ систа æмæ æхсæрдæсаздзыд лæппуйау згъорын байдыдта. Йæ мид-зæрдæйы фидарæй скарста: хъуамæ рамбулон марафон æмæ мæ сæрыхицауы йæ хъизæмæрттæй фервæзын кæнон! Фæндагыл лыстæг уираг дуртæ кæй уыди, стæй йæ къæхты туг кæй калд, уыдæттæ дæр ницæмæуал дардта, афтæмæй йæ тых, йæ бонæй згъордта æмæ згъордта. Гъемæ йæ куывд Хуыцаумæ фехъуысти – рамбылдта марафон æмæ райста æхцайы приз. Ныр, табу Сфæлдисæгæн, йæ лæг фервæздзæни мæлæтæй!

Адæм дисæй куыннæ амардаиккой сылгоймаджы сгуыхтыл æмæ йын тынг бирæ фемдзæгъд кодтой. Латаджи æмбойны национ герой ссис. Æвæдза, уарзондзинадæн æмбал нæй а дунейыл. Ацы сылгоймаг хъуыды дæр нæ акодта, марафон цы

хуызы рамбулдзæни, бæгъæввадæй куыд згъордзæни, стæй йæ удæн тæссаг кæй у, уыдæттыл. Йæ сæры зилдух кодта иунæг бæллиц: йæ уарзон лæджы фервæзын кæнын.

* * *

Что касается террора 1937–1938 годов, то это к Сталину имело непростое отношение. Об этом очень хорошо написал историк Ю.Н. Жуков, рассекречены материалы, и ситуация сейчас понятна. В 1936 году Сталин попытался внести в новую Конституцию принцип альтернативности выборов. Но на своем же политбюро он проиграл: 3 голоса за него, 8 – против. Логика его оппонентов была такова: если допустить альтернативные выборы, то народ может выбрать детей помещиков, капиталистов и попов. Этого делать нельзя. Сталин проиграл, но региональным баронам, среди которых Постышев, Эйхов, Хрущев, – этого показалось мало. Постышев и Эйхов пришли к Сталину и фактически потребовали квот на «изъятие» враждебных групп населения. В этой ситуации если бы Сталин отказал, он мог бы сам оказаться на Лубянке. Сталин выбрал асимметричный ответ: «Вы хотите террора? Хорошо, будет вам террор. Вы запустите эту машину по низам, а я – по верхам».

Террор 1937–1938 годов – это два процесса: массовый процесс, который запустили региональные бароны, и процесс по верхам, который запустил Сталин. Как только Сталин своих целей добился, террор был свернут, Берия заменил Ежова, и началась «бериевская оттепель».

Андрей Фурсов

Аргументы недели, 05.04.2018

ПУШКИНЫ ЮМОР

* * *

Пушкинæн йæ хуыздæр хæлæрттæй иу уыди барон Дельвиг, зындгонд поэт. Ахæм миниуæг æм уыдис: кæддæриддæр æмæ кæмдæриддæр рæстытæ дзырдта.

Иуахæмы Пушкины хæдзары æрæмбырд сты йæ хæстæджытæ æмæ йæ хæлæрттæ. Фынджы уæлхъус куы аныстытæ кодтой, уæд сæм рауади Пушкины интимон царды койтæ. Дельвиг дзурын байдыдта, Александр Сергеевич цавæрдæр сылгоймагæн цы митæ кодта, уый. Æгæр куы авнæлдта, уæд æй Пушкин баурæдта:

– Хъус-ма, Дельвиг, ныр мыл даутæ цы мысыс?

– Æз мысгæ нæ кæнын, – загъта Дельвиг. – Мой девиз – резать правду!

Пушкин дæр та йæ бадзæхст ласта:

– Мæгуыр йæ бон уыцы æнамонд рæстдзинадæн! Тагъд йæ кой, йæ хъæр дæр нал уыдзæни: рæхджы йæ барон Дельвиг бынтондæр аргæвддзæни!

* * *

Иуахæмы Александр Сергеевич уыди Аннæ Кернмæ. Ныхас рауади, адæймагæн йæ мæлæты фæстæ хуыздæр кæм уыдзæни, дзæнæты æви зындоны. Пушкины куы бафарстой, дæумæ та куыд кæсы, зæгъгæ, уæд уый хъуыды дæр нæ акодта, афтæмæй дзуапп радта:

– Дзæнæты, ай-гъай! Мæн фидарæй уырны, уым диссаджы рæсугъд сылгоймаг мадам Керныл кæй сæмбæлдзынæн, уый!

* * *

Фынджы уæлхъус бадты рæстæг Пушкины иу чидæр афарста: «Мæн æмæ хуры ‘хсæн цы хъауджыдзинад ис?» «Нæдæр дæумæ, нæдæр хурмæ ис комкоммæ кæсæн», – æвиппайды дзуапп радта поэт.

* * *

Иуахæмы Пушкин æмæ йæ хорз зонгæ афицер Кондыба хъæлдзæг ныхæстæ кодтой. Афицер æм дзуры:

– Уæдæ ма дзырдтæ «рак» æмæ «рыба»-йæн рифмæ ссар.

– Дурак Кондыба, – дзуапп радта поэт.

Афицер фæкъæмдзæстыгхуыз æмæ дзуры:

– Уæдæ дæм «рыба» æмæ «рак»-æн та цавæр рифмæ ис?

– Кондыба дурак, – дзуапп та йын радта Пушкин.

* * *

Раджы кæддæр обер-прокуроры куыст æфтиагджыныл нымад уыд. Гъемæ иухатт Пушкин обер-прокурор N-ы цардæмбалимæ ныхæстæ кодта. Сæ цуры та диваныл хуыссыди дынджыр гæды. Пушкин æй йæ армытъæпæнæй лæгъзытæ кодта. Гæдыйæн æхсызгон уыд æмæ зарын байдыдта. Хæдзары æфсин поэтмæ бауырдыг, экспромтæй, дам ма исты рæнхъытæ радзур. Къæйных æрыгон поэт, цыма сылгоймаджы ныхас нæ фехъуыста, уыйау гæдымæ дзуры:

Кот-Васька плут, кот-Васька вор,
Ну, словно обер-прокурор.

* * *

Зынгæ уырыссаг фыссæг Иван Дмитриев уазæгуаты уыди Пушкины ныййарджытæм. Пушкин ма уæд саби уыди. Лæппуйы оригиналон цæсгом æмæ къæбæлдзыг сæрыхъуынтæм кæсгæйæ Дмитриев хъазгæйæ загъта:

– Какой арапчик!

Дæсаздзыд Пушкин дын æй æвиппайды бакъæрцц ласта:

– Да зато не рябчик!

Уаты чи уыд, уыдон дисы аныгъуылдысты: бамбæрстой, лæппу Дмитриевы хæнкъуытæ-хæбуздзыхъхъытæ (рябой) цæсгомыл кæй худтис, уый æмæ фæкъæмдзæстыг сты.

* * *

Йæ амæлæтæй чысыл раздæр Пушкин театры дыууæ æрыгон лæппуйы фарсмæ бадт фæци. Уыдон иудадзыг хъæуанæхъæуайæ æмдзæгъд кодтой уæды рæстæджы номдзыд актрисæйæн. Пушкины нæ зыдтой. Уымæн та Асенковайы хъазт йæ зæрдæмæ нæ цыд æмæ æнцад бадти. Лæппутæ кæрæдзийы хъусты сусу-бусу байдыдой, стæй загътой, нæ сыхаг цыдæр æдылы у, зæгъгæ.

Пушкин сæм разылд æмæ сын афтæ:

– Мæнæ уæздæттæ, сымах мæ æдылы рахуыдтат. Æз дæн Пушкин, æмæ уæ дыууæйæн дæр уæ æхсæрфæрстæн фæйнæ дзæхсты фæласин, фæлæ мæ нæ фæнды: Асенкова банхъæлдзæни, цыма уымæн æмдзæгъд кæнын.

* * *

Наталья Гончаровайы (фидæны йæ цардæмбалы) бинонтимæ Пушкин базонгæ 1828 азы хъазты. Чызгыл уæд цыди 16 азы. Дыууæ азы фæстæ йæ рæсугъды кой айхъуысти дардыл. Пушкины зæрдæйы æнкъарæнтæ цырен артау ссыгъдысты æмæ йе ‘мбæлттæн хъазгæмхасæнты дзырдта:

Я восхищен, я очарован,
Короче огончарован.

* * *

Пушкины Кишиневмæ куы ахастой, уæд уым базонгæ бынæттон чиновниктимæ, уымæн æмæ йæхæдæг дæр инæлар Инзовы къæнцылармæ бахауди кусæгæй. Инзов та Новороссийскы крайы разамонæг уыди. Пушкинæн фыццаг хатт къæнцылары бæрнон кусæг М. И. Лексы кой куы скодтой, уæд афарста:

– Йæ ном та куыд у?

– Михаил Иванович.

Пушкин æвиппайды афтæ фæкодта:

Михаил Иванович Лекс
Превосходный человек-с!

Æцæгæй дæр Лекс хорз лæг уыди. Пушкин æй фæсауунмæ рахатыдта.

* * *

Иу францаг сылгоймаг Пушкины фарста, дæ фыдæлтæ чи уыдысты, зæгъгæ. Ныхас цыди францагау.

– Хæдæгай, уæздан Пушкин, дæуæн æмæ дæ хойæн уæ буары неграг туг ис, нæ?

– Бæгуыдæр, – дзуапп радта поэт.

– Æмæ дæ фыдыфыд уыди негр?

– Нæ, уый негр нал уыди.

– Уæдæ дæ фыдыфыдыфыд уыди негр?

– О, мæ фыдыфыдыфыд.

– Æмæ уæд уымæн та йæ фыд чи уыди... о, о... уымæн та йæ фыд чи уыди?

– Маймули, мадам, – цæхгæр дзуапп ын радта Александр Сергеевич.

* * *

Куывды бадгæйæ иу лæг Пушкинæн афтæ, цыппар рæнхъы, дам ма æрхъуыды кæн, «вино» æмæ «женщина» кæм уа, ахæмтæ. Пушкинæн бирæ лæгъстæ кæнын нæ бахъуыд æмæ радзырдта:

Вино и женщины звено
К безмерной радости и раю!
Я пью с красавицей вино
И с ней блаженство испиваю!

* * *

Иухатт Пушкин чиныгуадзæны хицаумæ ныффыста курдиат, цæмæй йын радтой йæ гонорар. Хицау ын дзуапп радта, кæд, дам дын раттæм де ‘хца, къуырисæры æви дыццæджы, стæй дын дæ дыууæсæдæ сомы æнæхъæнæй раттæм æви сæдæгæйттæй. Пушкин та барвыста гæххæтт ахæм фыстимæ: «Къуырисæр дыццæгæй хуыздæр, дыууæсæдæ та сæдæйæ хуыздæр».

Моя эпитафия

Здесь Пушкин погребен, он с музой молодою,
С любовью, леностью провел веселый век;
Не делал доброго, однако ж был душою,
Ей-Богу, добрый человек.

Мадæлтæ дæр, æвæдза, мыггаггай сты. Африкаг леопарды лæппын йæ мады нæ хъуыд, æмæ йæ уæд йæхимæ хъомыл кæнынмæ райста фыййау куыдз Эльзæ: хæринагцух æй нæ уагъта, иудадзыг æм зылди, цæвиттон, йæ къахыл æй слæууын кодта (растдæр зæгъгæйæ та – йæ дзæмбытыл). Уæдæй нырмæ Эльзæ æмæ Милашæ сæ зæрдæйы дзæбæхæн тезгъо фæкæнынц, Владивостокмæ æввахс «Садгорæт», зæгъгæ, цы сырддон ис, уым.

Собеседник, *2018, №13*

ТÆФÆРФÆС

СИТОХАТЫ Саламджери

Ирон литературæйыл æрцыди стыр зиан. 84-аздзыдæй цардæй ахицæн поэт, прозаик, драматург æмæ публицист Ситохаты Алыксандры фырт Саламджери.

Саламджери райгуырди 1934 азы 7 октябры Цæгат Ирыстоны Нартыхъæуы. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ куыста дикторæй Цæгат Ирыстоны радиокомитеты, Республикæйы куклаты театры администраторæй, Æрхонкæйы станицæйы культурæйы хæдзары директорæй. 1962 азæй фæстæмæ уыди Горæтгæрон районы радиойы уацхæссæг æмæ диктор.

Саламджери фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, уацаутæ æмæ пьесæтæ. У дзæвгар чингуыты автор. Иууыл зындгонддæр сты йе ‘мдзæвгæты чингуытæ «Хъарм ныхæстæ» (1989), «Æууæнк» (2006), «Зонды рухс» (2017), прозæйы чингуытæ «Уарзт æмæ фыдæх» (2000), «Чындз йæхæдæг ныззарыд» (2014) æмæ пьесæты чиныг «Уарзондзинад дидинæг калы» (2007).

Журнал «Мах дуджы» йæ уацмыстæ цыдысты 1951 азæй фæстæмæ. Уыди нæ иузæрдион автор.

Махæй никуы ферох уыдзæн нæ хистæр хæлар Саламджерийы рухс ном.

«Мах дуджы» кусджытæ

Цъары фæрстыл:

1. Мелоди.
4. Æнусон æнцой.

* * *

Гл. редактор	*К. Г. МАМУКАЕВ*
Зам. гл. редактора	*А. М. КОДЗАТИ*
Ред. отд. критики и публицистики	*Р. С. БЗАРОВ*
Шеф-редактор	*И. А. КОДЗАТИ*
Ред. отд. поэзии	*М. Л. ДЖУСОЕВ*
Ред. отдела прозы	*Е. К. МЕДОЕВА*
Корректор	*З. З. КАРАЦЕВА*
Технический редактор	*Н. М. ПРОВОТОРОВА*
Дизайн	*З. Р. ГУРИЕВА*
Компьютерный набор	*М. К. КИРГУЕВА*

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-20-52; зам. гл. редактора; шеф-редактор – 25-09-64;
отдел поэзии, прозы, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.

Подписано к печати 15.07.18. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,52. Учетно-изд. л. 8,68.
Тираж 1000 экз. Заказ № 429. Цена свободная.
Выход из печати 28 июля 2018 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Нæй ницы хос цъаммарæн,
Йæ алы ми – æлгъаг.
Кæндзæни ныл цъыфкалæн,
Æдзух ныл таудзæн марг.

Гете. «Фауст»

Индекс 73247